
# ZÚME



v5.0 - 20

ZÚME

# पहिला सत्र

## चेक-इन

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **3354**

## प्रार्थना

**(5 मिनट)**

प्रार्थना से शुरुआत करीं। पवित्र आत्मा के बिना आत्मिक दर्शन अउर बदलाव संभव नइखे। एगो समूह के रूप में समय निकाल के उनकरा के एह सत्र में मार्गदर्शन करे खातिर आमंत्रित करीं।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह सिद्धान्त सभ के सुनब जा अउर चर्चा करब जा:**

- परमेश्वर साधारण लोगन के उपयोग करेलें
- चेला अउर कलीसिया के सरल परिभाषा
- आत्मिक साँस लिहल परमेश्वर के सुनल अउर उनकर आज्ञा मानल बा

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**परमेश्वर साधारण लोगन के उपयोग करेलें**

ज़ूमे प्रशिक्षण में स्वागत बा। ज़ूमे ग्रीक शब्द बा जवन "खमीर" के मतलब देला। यीशु हमनी के बतावेला कि परमेश्वर के राज्य एगो औरत जइसन बा जे थोड़ा सा "ज़ूमे" लेके बहुत सारा आटा में मिलावे। जब ऊ खमीर के मिलावत रहे, त ऊ फइलत गइल जब तक सगरा आटा में नहीं फइल गइल। यीशु हमनी के देखावत रहले कि एगो सामान्य आदमी कुछ बहुत छोटा चीज लेके एकरा से बहुत बड़ा प्रभाव डाल सकेला!

हमार सपना बा कि हमनी ऊ काम करी जे यीशु कहले - दुनिया भर के सामान्य लोगन के मदद करी कि ऊ लोग छोटा औजार इस्तेमाल करके परमेश्वर के राज्य में बड़ा प्रभाव डाल सकें!

यीशु के अंतिम निर्देश ओकर अनुयायी लोगन के सरल रहे। उ कहले - "स्वर्ग आ पृथ्वी के सगरा अधिकार मोरे दिहल गइल बा। एह से जा आ सगरा राष्ट्र के चेला बनावा, ओकरन के पिता, पुत्र आ पवित्र आत्मा के नाम से बपतिस्मा देवा, आ जे सब मैं आज्ञा दिहेन ओसब के माने सिखावा, आ मैं हमेशा तोहरे साथ रहब - युग के अंत तक।"

यीशु के आज्ञा सरल रहे - चेला बनावा। एकरा के कइसे करे के निर्देश भी सरल रहे - जहाँ कहीं जाव चेला बनावा:

पिता, पुत्र आ पवित्र आत्मा के नाम से बपतिस्मा देके चेला बनावा
जे सब उ आज्ञा दिहले ओसब के माने सिखाके चेला बनावा
चेला बनावे के का-का चरण बा?

हमनी जहाँ कहीं जाईं चेला बनावे के चाहीं। जब कोई यीशु के पीछे चले के फैसला करे - ओकरा बपतिस्मा लेके चाहीं। जब ऊ बढ़े - हमनी हर चेला के सिखावे के चाहीं कि यीशु जे सब आज्ञा दिहले सब कइसे माने।

काहे कि उ जे चीज आज्ञा दिहले ओह में से एगो चेला बनावना भी बा, एकर मतलब बा कि हर चेला जे यीशु के पीछे चले ओकरो सीखे के पड़ी कि चेला कइसे बनावे के।

ऊ चेला लोग के चेला बनावे के चाहीं। आ ऊ चेला लोग के भी चेला बनावे के चाहीं। चेला के गुणा करना। इहे तरीका से ज़ूमे काम करेला। ई खमीर जइसन बा - सगरा आटा में फइलत जाव जब तक सब आटा नहीं फूल जाव।

जब यीशु ई आज्ञा दिहले कि जाके चेला बनावा, त उ एगो वादा भी दिहले। यीशु कहले - "मैं हमेशा तोहरे साथ रहब। युग के अंत तक।"

हर अनुयायी के एह वादा पर भरोसा करे के चाहीं कि यीशु हमेशा हमरे साथ बा। काहे कि उ बा! लेकिन एकर मतलब ई भी बा कि यीशु के हर अनुयायी के ई बात मानके चले के चाहीं कि यीशु चाहेला कि हमनी में से हर एक चेला बनावे। काहे कि उ चाहेला।

यीशु कहले - "स्वर्ग आ पृथ्वी के सगरा अधिकार मोरे दिहल गइल बा। एह से जा आ चेला बनावा।"

जे अधिकार पर यीशु भरोसा करेला जब उ हमनी के भेजेला - ऊ ओकर अधिकार बा। यीशु कहले कि एकरा से ऊंचा कोई अधिकार नइखे। कोई परंपरा में एकरा से जादा अधिकार नइखे। कोई संस्कृति में एकरा से जादा अधिकार नइखे। धरती पर कोई कानून में एकरा से जादा अधिकार नइखे।

यीशु कहले - "जा आ चेला बनावा।"

आ खमीर जइसन हमनी फइलत रहब आ बढ़त रहब जब तक सगरा काम पूरा नहीं हो जाव।

---

## चर्चा

**(10 मिनट)**

अगर यीशु अपन हर अनुयायी से चाहेलें कि उ लोग उनकर महान आज्ञा के पालन करे, तऽ फेरू एतना कम लोग काहे चेला बनावत बा?

---

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**चेला अउर कलीसिया**

ज़ुमे प्रशिक्षण में वापसी के स्वागत बा। एह सत्र में हमनी के चेलन अउर कलीसिया के बारे में बात करब जा।

चेला का होला? आ रउरा कइसे बनाईं?

रउवां यीशु के अनुयायी के उनकर सब आज्ञा के पालन करे के कइसे सिखावेनी? रउवां अइसन आदमी के कइसे ले जाईं जे आपन जीवन दुनिया के बंदी बना के जियले बा अउर ओकरा के परमेश्वर के राज्य के नागरिक बने खातिर सुसज्जित करीं?

चेला शब्द के अर्थ अनुयायी होला। त चेला परमेश्वर के अनुयायी होला। यीशु कहले - स्वर्ग आ धरती में सब अधिकार हमरा के दिहल गइल बा। त परमेश्वर के राज्य में, यीशु हमनी के राजा हवें। हमनी के उनकर नागरिक हईं जा, उनकर इच्छा के प्रजा हईं जा। उनकर इच्छा, उद्देश्य, मंशा, प्राथमिकता आ मूल्य सभसे ऊँच आ सभसे नीक होला। उनकर वचन व्यवस्था ह। त राज्य के नियम का ह? यीशु अपना नागरिकन से का करे के कहत हउवें?

यीशु कहले -- प्रभु परमेश्वर से पूरा हृदय से, पूरा आत्मा से, पूरा मन से अउर पूरा ताकत से प्रेम करीं। यीशु कहले -- अपना पड़ोसी से अपना जइसन प्रेम करीं। यीशु कहले कि पुरान नियम से परमेश्वर के आज्ञा -- सब व्यवस्था अउर भविष्यवक्ता -- के एह दुनो चीजन में संक्षेप में बतावल जा सकेला -- परमेश्वर से प्रेम करीं अउर लोग से प्रेम करीं। यीशु कहले -- चेला बनाईं। यीशु कहले -- उनकरा के सिखाईं कि उ सब आज्ञा के पालन करस।

चूँकि चेला बनावे में उनकरा के उ सब सिखावल शामिल बा जवन यीशु के आज्ञा देले रहले -- नया नियम के संक्षेप में एह एक बात में कहल जा सकेला -- चेला बनाईं।

चेला यीशु के अनुयायी होला जे परमेश्वर से प्रेम करेला, लोग से प्रेम करेला आ चेला बनावेला।

त कलीसिया का होला?

हो सकेला कि रउवां के कलीसिया के एगो भवन के रूप में सोचे के आदत होखे - एगो अइसन जगह जहाँ रउवां जाइब। लेकिन परमेश्वर के वचन कलीसिया के बारे में एगो सभा के रूप में बात करेला - एगो अइसन लोग जवना से रउवां संबंधित बानी।

बाइबल में "कलीसिया" शब्द के प्रयोग तीन अलग-अलग तरीका से कइल गइल बा:

1. सार्वभौमिक कलीसिया (विश्वव्यापी कलीसिया) -- उ सब लोग जे यीशु के अनुयायी रहले, बाड़े अवुरी कबो होईहें

2. शहर या क्षेत्रीय कलीसिया -- उ सब लोग जे यीशु के पीछे चलेला अउर दुनिया के कवनो खास इलाका में या ओकरा आसपास रहेला

3. घर में कलीसिया -- उ सब लोग जे यीशु के पीछे चलेलन अउर उहाँ मिलेलन जहाँ ओहमें से एक या एक से अधिक लोग रहेला।

एगो आध्यात्मिक परिवार - यीशु के अनुयायी जे परमेश्वर से प्रेम करेलन, लोग से प्रेम करेलन अउर चेला बनावेलन अउर जे स्थानीय रूप से एक साथ मिलेलन, एह आखिरी तरह के कलीसिया के निर्माण करेलन - घर में कलीसिया या साधारण कलीसिया।

जब एह साधारण कलीसिया के समूह कुछ बड़हन करे खातिर जुड़ जाला, एक साथ, त उ लोग एगो शहर या क्षेत्रीय कलीसिया बना सकेला।

ऊ सब साधारण कलीसिया क्षेत्रन में नेटवर्किंग आ इतिहास में फइलल सार्वभौमिक कलीसिया के निर्माण करेला।

ई बा उ कलीसिया जवना में बड़का "सी" बा

साधारण कलीसिया आध्यात्मिक परिवार हवें जेकरा केंद्र आ राजा यीशु हवें। साधारण कलीसिया आध्यात्मिक परिवार ह जवन परमेश्वर से प्रेम करेला, दूसरा से प्रेम करेला अउर चेला बनावेला जे गुणा करेला। कुछ कलीसियन में बिल्डिंग आ प्रोग्राम आ बजट आ स्टाफ बा। लेकिन साधारण कलीसिया के परमेश्वर से प्रेम करे, दूसरा से प्रेम करे अउर गुणा करे वाला चेला बनावे खातिर एह में से कवनो चीज के जरूरत नइखे। अउर चूंकि कवनो अतिरिक्त चीज एगो कलीसिया के अउरी जटिल अउर गुणा करे में कठिन बना देला, हमनी के प्रशिक्षण बिल्डिंग अउर प्रोग्राम अउर बजट अउर स्टाफ जइसन चीजन के शहर या क्षेत्रीय कलीसिया पर छोड़ देला जवन साधारण कलीसिया के गुणा से बनल बा।

याद रखीं "zúme" के मतलब होला "खमीर" -- एगो साधारण, एकल कोशिका वाला जीव जवन जल्दी प्रजनन करेला।

Zúme ट्रेनिंग के साथ - हमनी के ओह खमीर जइसन होखे वाला बानी जा - सरल आ गुणा करे वाला। लेकिन गुणा शुरू करे से पहिले - आईं ई सुनिश्चित कर लीं कि हमनी के मालूम होखे कि परमेश्वर का चाहत बाड़न कि का प्रजनन कइल जाव। काहे कि गुणा बढ़िया हो सकेला - बाकिर हमेशा ना। कैंसर भी गुणा ह। आ ई जानलेवा बा। त हमनी मौत के ना, जीवन के कइसे प्रजनन करीं जा? आ हमनी कइसे सुनिश्चित करब जा कि हमनी का प्रजनन करे लायक चेला हईं जा?

---

## चर्चा

**(10 मिनट)**

- जब रउआ कलीसिया के बारे में सोचेनी तऽ राउर दिमाग में का आवेला?
- ओह तस्वीर अउर वीडियो में बतावल गइल "साधारण कलीसिया" में का फर्क बा?
- रउरा का लागत बा, एकरा में से कवना के बढ़ावल (गुणात्मक कइल) आसान होखी अउर काहे?

---

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**परमेश्वर के बात सुनल आ मानल**

जूमे शिक्षा पावला में राऊर स्वागत बा।

हमनी के एह भाग में परमेश्वर से सुनल अऊर जेवन सुनले बानी ओकरा के कइला के बारे में बात कइल जा।

सांस लिहल जीवन बा। हमनी के सांस भीतर लेईं ली जा। हमनी के सांस बाहरा छोडे ली जा। जीवन।

सांस लिहल परमेश्वर के राज में ओतना ही खास बा।

सही में परमेश्वर आपन आत्मा के - “सांस” कहेलन।

परमेश्वर के राज में, जब हमनी के परमेश्वर के बात सुने ली जा, त सांस भीतर लेईं ली जा।

हमनी के सांस भीतर लेई ली जा जब हमनी के उनकर वचन के जरिये परमेश्वर के बात सुने ली जा - बाइबल।

हमनी के सांस भीतर लेई ली जा जब हमनी के प्रार्थना के जरिये परमेश्वर के बात सुने ली जा - उनकरा संगे हमनी के बातचीत।

हमनी के सांस भीतर लेई ली जा जब हमनी के उनकरा देह के जरिये परमेश्वर के बात सुने ली जा - चर्च, प्रभु यीशु के दूसरे चेला।

हमनी के सांस भीतर लेई ली जा जब हमनी के उनकरा काम के जरिये परमेश्वर के बात सुने ली जा - घटना, अनुभव अऊर सताव अऊर दुःख जेकरा से उ आपन लइकन के जाये देबेलन।

परमेश्वर के राज में हमनी के सास बाहरा छोडे ली जा, जब हमनी के परमेश्वर बात पर काम करे ली जा। हमनी के सांस बाहरा छोडे ली जा जब हमनी के आदेश माने ली जा।

कबो-कबो आदेश मनला के खातिर सांस बाहरा छोड़ला के मतलब बा आपन बिचार, आपन शब्द, या आपन काम के बदलल, ओह लोगन के प्रभु यीशु अऊर उनकरा इच्छा के संगे मेल में ले आवे खातीर।

कबो-कबो आदेश मनला के खातिर सांस बाहरा छोड़ला के मतलब होखे ला ओकरा के बाटल जेवन प्रभु यीशु हमनी के संगे बटले बाड़न-ओकरा के दिहल जेवन उ हमनी के देले बाड़न - ताकि दूसर केहू भी आशिर्वाद पावस, जईसन कि परमेश्वर हमनी के आशिर्वाद देबेलन।

प्रभु यीशु एगो चेला के खातीर - एहसास भीतर लिहल अऊर बाहरा छोड़ल खास बा। इहे हमनी के जीवन बा।

प्रभु यीशु कहलन पुत्र खुद से कुछ ना क सकेलन। जेवन उ पिता के करत देखेलन, उहे करेलन। जेवन कुछ पिता करेलन, उहे पुत्र भी करेलन।

प्रभु यीशु कहलन - हम अपना अधिकार से बात नइखी करत। पिता जेवन हमरा के भेजले बाड़न उहे हमरा के आदेश देले बाड़न कि का कहे के बा अऊर कइसे कहे के बा।

प्रभु यीशु कहलन कि जेवन शब्द उ कहलन अऊर हर एगो काम उ कईसन, उ परमेश्वर से सुनला अऊर उनकर आदेश मनला पर भरोसा बा।

सांस भीतर लिहल-परमेश्वर क बात सुनल।

सांस बाहरा छोड़ल - जेवन रऊवा सुनी ला उनकर आदेश मानी ला अऊर दूसरा के संगे ओकरा के बांटी ला।

प्रभु यीशु कहलन कि उनकर चेला भी परमेश्वर के बात सुनीहन, उनकरा के पवित्र आत्मा के सहायता से उनकर सांस-जेवन उनकर हर एगो चेला के दिहल जाई।

प्रभु यीशु कहलन - सहायक, पवित्र आत्मा, जेकरा के पिता हमरा नाम से भेजिहन, उ तोहन लोग के सगरी बात सीखईहन अऊर हमार सगरी बात याद करइहन।

सांस भीतर लिहल - परमेश्वर के बात सुनला।

सांस बाहरा छोड़ल - जेवन रऊवा सुनी ला उनकरा आदेश के मानी ला अऊर दूसरा के संगे ओकरा के बांटी ला।

प्रभु यीशु हमनी के देखावत रहलन कि कइसे जीयल जाला।

त हमनी के परमेश्वर के अवाज के कइसे सुने ली जा? हमनी के कइसे जानव जा कि आदेश कइसे माने के बा?

प्रभु यीशु खुद के "अच्छा चरवाहा" कहले बाड़न। प्रभु यीशु अपना चेलन के "भेड़" कहले बाड़न।

प्रभु यीशु कहलन - हमार भेड़ हमार अवाज सुने ली, अऊर हम उनकरा के जानत बानी अऊर उ हमरा पिछे चले ली।

प्रभु यीशु कहलन - जे केहू परमेश्वर के बा उ परमेश्वर क बात सुने ला। तु ना सुने ल काहे से कि तु परमेश्वर के नइख।

प्रभु यीशु के चेलन के तरीका में, हमनी के उनकर अवाज सुने के खातीर उनकरा जईसन होखे के चाही।

हमनी के चुप रहि के उनकर अवाज सुने ली जा।

प्रभु यीशु पर धियान लगावला के जरिये हमनी के उनकर अवाज सुने ली जा।

हमनी के अपना विचार में, अपना देखला में अऊर असर में उनकर अवाज के सुने ली जा।

जब हमनी के सुन के लिखे ली जा तब हमनी के उनकर अवाज के सुने ली जा।

हर एगो अवाज, हर एगो विचार, हर एगो देखल, भावना या असर परमेश्वर के अवाज नइखे।

कबो-कबो इ दुश्मन के अवाज होखे ला। प्रभु यीशु कहलन हमनी के दुश्मन झूठा बा अऊर झूठा के बाप बा। प्रभु यीशु कहलन हमनी के दुश्मन चोरोवे, घात करे अऊर नाश करे खातीर आवे ला।

बाकी परमेश्वर कहत बाड़न कि हमनी के उनकर अवाज सुनब जा अऊर हमनी के मालूम हो जाई जब उ हमनी से बात करेलन।

कोशिश (अभ्यास) अऊर प्रार्थना के जरिये, हमनी के परमेश्वर के अवाज के सबसे बढ़िया से जान सकत बानी जा। हमनी के इ जानल सीख सकत बानी जा कि जेवन हमनी के सुनत बानी जा उ परमेश्वर के अवाज बा कि केहू दूसरा के अवाज बा।

जेवन हमनी के सुने ली जा ओकरा के परखे खातीर कुछु तरीका बा:

· जब प्रभु यीशु बोलेलन - तब उनकर अवाज हरमेशा उनकर लिखल वचन-यानी बाइबल- के संगे मेल खाई जेकरा के हमनी के पहिले बता दिहल गईल बा। उनकर बोलल गईल अवाज उनकर लिखल अवाज के खिलाफ में कबो ना होई।

· जब प्रभु यीशु बात करेलन - तब उनकर अवाज हमनी के हृदय के आशा अऊर शांति के एगो महसुस (एहसास) देबे ला। उनकर अवाज हमनी पर दोष ना लगाई या हमनी के निराश ना करे ला। प्रभु यीशु प्रेम से सुधारे लन।

· प्रभु यीशु के अवाज शरीर के काम के ना देखाई-शरीर के गलत काम अऊर अशुद्ध, व्यभिचार, मूर्तिपूजा अऊर काला जादू, लड़ाई अऊर झगड़ा, जलन अऊर करोध, खुद के फायदा, अलगा-अलगा विचार, गुटबाजी अऊर डाह, पियक्कड़ अऊर मऊज मस्ती। इ बात परमेश्वर के अवाज के ओर से नइखे।

· जब प्रभु यीशु बोलेलन - तब उनकर अवाज परमेश्वर के आत्मा के फल देखाई देबे लागी- प्रेम अऊर खुशी, शांति अऊर धीरज, दया अऊर भलाई, विश्वास जोग, दीन अऊर आत्मा के संयम।

· जब प्रभु यीशु बोलेलन - तब उनकर अवाज हमनी के खुद के विश्वास देबे ला ना कि शक। हमनी के अपना भीतर ज्ञान अऊर शांति के एहसास करी ली जा कि जेवन हमनी के सुन रहल बानी जा, उ परमेश्वर के ओर से बा। हो सकेत हमनी के एक ही बार में सगरी कुछ ना सुन पाई जा। हो सकेत हमनी के उनकर केवल एगो भाग सुन पायी जा जेवन हमनी के जाने के जरूरत बा। बाकी जेवन हमनी के सुने ली जा उ बहुत मजबुत होई- उ बदलीना।

प्रभु यीशु हर एगो चेला के खातीर शुभ (बढ़िया) समाचार इ बा कि जब हमनी के सांस भीतर लेई ली जा अऊर परमेश्वर से सुने ली जा अऊर जब हमनी के सांस बाहरा छोड़े ली जा अऊर जेवन हमनी के सुने ली जा उनकरा आदेश के माने ली जा अऊर दुसरा के बतावे ली जा - तब परमेश्वर अऊर भी सही तरीका से बात करिहन।

उनकर सांस हमनी से भी अधिक निकली।

तब हमनी के अऊर सही तरीका से उनकर अवाज सुन पाईब जा।

हमनी के उनकर अवाज के पहिचानब जा ना कि दुसरा के।

हमनी के दुनिया में उनकरा काम के देखब जा अऊर उनकरा संगे मिल के काम क पाइब जा।

हमनी के सांस भीतर लेई ली जा। हमनी के सांस बाहरा छोड़े ली जा। जीवन।

## चर्चा
**(10 मिनट)**

- परमेश्वर के आवाज सुनल आ पहिचानल सीखेला काहे जरूरी बा?
- का प्रभु के आवाज सुनल आ ओकर जवाब दिहल सचमुच साँस लेबे जइसन बा? काहे चाहे काहे ना?

## समीक्षा
**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल सिद्धान्त:**

- परमेश्वर साधारण लोगन के उपयोग करेलें
- चेला अउर कलीसिया के सरल परिभाषा
- आत्मिक साँस लिहल परमेश्वर के सुनल अउर उनकर आज्ञा मानल बा

**अगिला कदम**

## आज्ञा मानल

एह परिभाषा के अपना दोस्त के साथ साझा करे के अभ्यास करीं आ प्रभु से प्रार्थना करीं कि ऊ राउर दिल आ आत्मा के भीतर गहिराई से बइठा देस। प्रभु से पूछीं कि उ केकरा से ई साझा करे के चाहत बाड़े।

## साझा कइल

जेकरा साथे प्रभु रउरा के अइसन करे के खातिर प्रेरित करस ओकरा से ई परिभाषा सभे साझा करीं। फेर ओह लोग के तइयार करीं कि ऊ लोग एकरा के केहू दोसरा से साझा करस।

# ZÚME

## सत्र 2

## चेक-इन

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **4568**

## प्रार्थना

**(5 मिनट)**

पूछीं कि समूह में कवनो अइसन आदमी बा जेकर कवनो खास जरूरत बा, जवना खातिर ऊ चाहेलन कि समूह प्रार्थना करे।

परमेश्वर के धन्यवाद करीं कि उ अपना वचन में वादा करेलन कि जब उनकर लोग प्रार्थना करेलन तऽ ऊ सुनेलन अउर काम करेलन।

परमेश्वर के पवित्र आत्मा से माँगीं कि उ राउर समय केएक साथ अगुवाई करस ।

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरुआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह टूल के अपना टूलकिट में जोड़ब जा:**

- एस.ओ.ए.पी.एस. बाइबिल पढ़ल

## पढ़ीं

**(5 मिनट)**

**एस.ओ.ए.पी.एस. बाइबिल पढ़ल**

जूम टूलकिट 2 एस.ओ.ए.पी.एस. बाइबिल अध्ययन यीशु कहलन -- "सब जाति के लोगन के चेला बनाईं, ओह लोगन के पिता, पुत्र अउर पवित्र आत्मा के नाम से बपतिस्मा दीं अउर ओह लोगन के उ सब बात जे हम रउरा के आज्ञा दिहले बानी, ओकर पालन करेला सिखाईं..." हर यीशु के अनुयायी जे उनकर आज्ञा मानेवाला बा उ सब आज्ञा जे यीशु दिहलन, तऽ उ लोगन के इ जानल जरूरी बा कि यीशु कवन आज्ञा दिहले बाड़ें। महान आज्ञा अउर महान आदेश परमेश्वर के हमनी से जवन कहे के बा ओकर एगो ई बड़हन सारांश बा, बाकि अगर अनुयायी पूरा रीति से बढ़े वाला बा परमेश्वर ओह लोगन के कवना खातिर बनवले बाड़न, तऽ ओह लोगन के अउर जाने आ जादे पालन करे पड़ी। एस.ओ.ए.पी.एस. के का मतलब बा: पवित्रशास्त्र अवलोकन निवेदन प्रार्थना अउर साझा करीं ई सीखे के एगो आसान तरीका बा याद रखीं, बाइबिल अध्ययन के ई एगो प्रभावी तरीका बा जे यीशु के कवनो अनुयायी एकर इस्तेमाल कर सकेला। आईं जा आ हरेक खंड के तनिका सा अउर देखल जाव। जब रउवां बाइबिल के पढ़ेनी चाहे सुनेनी: पवित्रशास्त्र तऽ एगो चाहे एगो से जादा पद के लिखीं जवन आज के दिन रउरा खातिर खास तौर से उपयोगी बा। अवलोकन बाइबिल से ओह पद चाहे ओह प्रमुख बिन्दुअन के दोबारा लिखीं आपन शब्दन में लिखीं जवना से कि रउरा के बेहतर तरीका से अर्थ के समझे में मदद मिल सकस। निवेदन अउर सोचीं कि एकर मतलब का होला। आपन जिनगी में एह आज्ञा आ धारणा के पालन करीं। रउरा के अलग तरह से का करे के पड़ी? ई सब के लिख लीं। प्रार्थना एगो प्रार्थना लिखीं जेकरा में परमेश्वर के बताईं कि रउवां उनकर वचन में से का पढ़त आइल बानी उनकर आज्ञा के पालन करे के बारे में रउवां का समझत बानी जवन सीखले बानी ओकरा के आपन जिनगी में उतारीं। साझा करीं परमेश्वर से पूछीं काहेंकि उ चाहेलन कि रउवां केकरा साथ साझा करल चाहेनी रउरा का सीखले बानी ओकरा के कइसे लागू करब। तऽ आईं एस.ओ.ए.पी.एस. के काम में लावल जाव: पवित्रशास्त्र बाइबिल कहेली: "काहेंकि हमार अउर राउर विचार एक समान नइखे, प्रभु कहले बाड़ें कि ना राउर राह हमार राह बा।" "काहेकि जइसे आकाश, धरती से ऊँच बा, ओईसहीं राउर राह से हमार राह ऊँच बा राउर विचार से हमार विचार ऊँच बा।" यशायाह 55:8-9 अवलोकन एगो इंसान के रूप में हमार दायरा बा हमरा का जाने के बा अउर कइसे हमरा करे के बा। परमेश्वर खातिर कवनो दायरा नइखे। ऊ सब कुछ देखेलन आ जानेलन। ऊ कुछुओ कर सकेलन। निवेदन परमेश्वर सब कुछ जानेलन आ उनकर राह सबसे बढ़िया बा, अगर हम उनका पीछे चलब तऽ अपना जिनिगी में बहुत जादा सफल होखब अपना काम करे के तरीका पर भरोसा करे के बजाय। प्रार्थना - हे प्रभु, हमरा नइखे मालूम कि बढ़िया जिनिगी कइसे जिए के बा दोसरा के मदद करीं जवना से कि रउरा के संतुष्टी मिले। हमार राह हमरा गलती के ओर ले जा सकेला। हमार

विचार हमरा के आहत कर सकेला। एकरा बजाय, कृपा करके हमरा के आपन राह आ आपन विचार सिखाईं। राउर पवित्र आत्मा हमरा अगुवाई करे काहेंकि हम राउर अनुयायी हईं। साझा हम एह पद के अउर निवेदन के आपन दोस्त स्टीव से साझा करब, उ एगो कठिन समय से गुजर रहल बा आ ओकरा आपन जिनगी के खास फैसला खातिर सही राह के जरूरत बा। एस.ओ.ए.पी.एस. बाइबिल अध्ययन। जूम टूलकिट एगो आसान टूल बा।

## गतिविधि

**(30 मिनट)**

**एस.ओ.ए.पी.एस. के अभ्यास करीं**

- मत्ती 6:9-13 के अध्ययन करे खातिर एस.ओ.ए.पी.एस. बाइबिल अध्ययन के उपयोग करत (20 मिनट) व्यक्तिगत रूप से काम करीं।
- अब (10 मिनट) खातिर दू चाहे तीन गो समूह में मिल के एस.ओ.ए.पी.एस के साझा करीं।

**पवित्रशास्त्र**

आज रउरा खातिर जे विशेष रूप से अर्थपूर्ण एगो चाहे एगो से ज्यादा पद बा, ओकरा के लिखीं।

**अवलोकन**

बेहतर तरीका से समझे खातिर ओह पद चाहे प्रमुख बिन्दु सब के अपना शब्दन में दोबारा लिखीं।

**निवेदन**

सोचीं कि अपना जिनगी में एह आज्ञा के पालन करे के मतलब का होला।

**प्रार्थना**

एगो प्रार्थना लिखीं जवना में परमेश्वर के बतावल जाव कि रउआ का सीखले बानी अउर रउआ कइसे माने के योजना बनावत बानी।

**साझा कइल**

परमेश्वर से पूछीं कि उ केकरा से चाहत बाड़न कि रउवां जवन सीखले बानी/लागू कइले बानी ओकरा केकरा से बाँटे के चाहीं।

**एइजा एगो उदाहरण दिहल जा रहल बा एस ओ ए पी एस कइसे काम करेला:**

**एस –** "काहेंकि यहोवा कहेलन, हमार विचार अउर राउर विचार एक जइसन नइखे, ना राउर राह अउर हमार राह एक जइसन बा"। "काहेंकि हमार अउर राउर राह में आ हमार अउर राउर विचार में, आकाश अउर धरती के अन्तर बा।" यशायाह 55:8-9

**ओ** – एगो इंसान के रूप में हम जवन जानत बानी आ जवन करे के जानत बानी ओकरा में सीमित बानी। परमेश्वर कवनो तरह से सीमित नइखन। ऊ सब कुछ देखत बाड़ें आ जानत बाड़ें ऊ कुछ भी कर सकेलें।

**ए** – चूंकि परमेश्वर सबकुछ जानत बाड़े अउर उनकर तरीका सबसे निमन बा, एहसे हमरा जिनगी में बहुत जादे सफलता मिली, अगर हम अपना तरीका पर भरोसा करे के बजाय उनकर पालन करीं।

**पी** – प्रभु, हमरा नइखे मालूम कि कइसे एगो बढ़िया जिनगी जीए के चाहीं जवन रउरा के खुश करे आ दोसरा के मदद करे। हमार रास्ता गलती के ओर ले जाला। हमार विचार आहत करे के ओर ले जाला। एकरा बदले, कृपया हमरा के आपन राह आ आपन विचार सिखाईं। जब हम राउर पीछे चलत बानी तऽ राउर पवित्र आत्मा हमरा के मार्गदर्शन करे।

**एस** – हम ई पद आ ई एप्लीकेशन अपना दोस्त स्टीव के साथे साझा करब, जे मुश्किल समय से गुजर रहल बाड़न आ जवना महत्वपूर्ण फैसला के सामना करे के पड़त बा ओकरा खातिर दिशा के जरूरत बा।

## समीक्षा

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल टूल:**

- एस.ओ.ए.पी.एस. बाइबिल पढ़ल

---

**अगिला कदम**

## आज्ञा मानल

अब से ले के राउर अगिला बइठक तक एस.ओ.ए.पी.एस. बाइबिल अध्ययन के अभ्यास शुरू करीं। मत्ती 5-7 पर ध्यान केंद्रित करीं अउर एकरा दिन में कम से कम एक बेर पढ़ीं। एस.ओ.ए.पी.एस. प्रारूप के उपयोग करत एगो दैनिक नोटबुक में लिखीं।

## साझा कइल

प्रभु से ई प्रार्थना करीं कि उ रउआ के मार्गदर्शन करस ताकि रउआ कम से कम पांच अइसन लोग के चुनौती दीं जेकरा रउआ जानेनी अउर जे विश्वासी हवें कि उ लोग आपन एस. ओ. ए. पी. एस. बाइबिल अध्ययन के दिनचर्या शुरू करे, अउर ओकरा बाद अइसने करे।

---

ZÚME

# तीसरा सत्र

## चेक-इन

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **8767**

## प्रार्थना

**(5 मिनट)**

प्रार्थना करीं आ परमेश्वर के धन्यवाद दीं कि उ हमार जिनगी में मौजूद बाड़ें। । समूह के हर व्यक्ति खातिर प्रार्थना करीं कि उ लोग के परमेश्वर के आवाज सुने खातिर कान होखे अउर उनकर बात कहल माने खातिर अनुग्रह मिले।

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरुआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह टूल के अपना टूलकिट में जोड़ब जा:**

- उत्तरदायित्व समूह

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**उत्तरदायित्व समूह**

जूम टूलकिट जवाबदेही समूह यीशु कहलें - "हर केहू ओह आदमी से जेकरा बहुत दिहल गइल बा, बहुत माँगल जाई; आ जेकरा के बहुत सौंपल गइल बा ओकरा से, अउर बहुत माँगल जाई।" यीशु जवाबदेही वाला कई गो कहानी के साझा कइलन ऊ हमनी के कई गो सच्चाई बतवलन कि हमनी के कइसे जिम्मेदार ठहरावल जाई हम का करेनी जा अउर का कहेनी जा। अब यीशु हमनी के इ सब बात बतावत बाड़े, ताकि आगे खातिर हमनी के तैयार रहीं जा। काहेंकि हमनी के एक दिन उनकरा सोझे हिसाब देवे के पड़ी, एक दोसरा से जवाबदेह होखे के आदत डालल बढ़िया बा। जवाबदेही समूह एके लिंग के दू-तीन लोगन से बनल होखेला - मरद साथे मरद, अउर अउरत साथे अउरत - जवन लोग कुछ सवालन पर चर्चा करे खातिर सप्ताह में एक बेर मिलेलन जवना से ओह क्षेत्रन के उजागर करे में मदद मिलेला जहँवा काम सही से चल रहल बा आ दूसरा क्षेत्रन में जवन सुधार के जरूरत बा। यीशु के हरेक अनुयायी के जवाबदेह ठहरावल जाई, एह से यीशु के हरेक अनुयायी के दूसरा लोगन संग जवाबदेही के अभ्यास करे के चाहिं। जवाबदेही समूह जूम टूलकिट में एगो अउरी आसान टूल।

## गतिविधि

**(20 मिनट)**

**जवाबदेही समूह के अभ्यास करीं**

- एक जइसन लिंग के दू चाहे तीन लोगन के समूह में बंट जाईं।
- अगिला 20 मिनट एक संगे मिल के जवाबदेही सवालन के जरिए काम करीं।

1. का रउआ देखले बानी कि परमेश्वर कइसे काम कर रहल बाड़ें?
2. का रउवां एह हफ्ता अपना बोली अउर काम दुनो से यीशु मसीह के महानता के गवाही देले बानी?

3. का रउआ कवनो यौन उत्तेजक सामग्री देखले बानी चाहे अपना मन के गलत यौन विचार में भटकावे दिहनी?
4. का रउआ धन के इस्तेमाल में परमेश्वर के मालिकाना हक के स्वीकार कईले बानी?
5. का रउआ कबहुँ कवनो चीज़ के लोभ कइले बानी?"
6. का रउआ अपना बात से केहू के इज्जत चाहे भावना के चोट पहुंचवले बानी?
7. का रउआ बात चाहे काम में बेईमानी कइले बानी चाहे बात के बढ़ा चढ़ा के बतवले बानी?
8. का रउआ कवनो लत (चाहे आलसीपन, चाहे अनुशासनहीनता) के आगे हार मान लेले बानी?
9. का रउआ कपड़ा, दोस्त, काम, चाहे संपत्ति के गुलाम रहल बानी?
10. का रउआ केहू के माफ करे में नाकाम रहल बानी?
11. रउरा के कवन-कवन चिंता आ घबराहट के सामना करे के पड़त बा?
12. का रउआ शिकायत कइनी चाहे बड़बड़इनी?
13. का रउआ धन्यवाद से भरल दिल बनवले रखनी?
14. का रउआ आपन जरूरी रिश्ता में आदर, समझदारी आ उदारता देखवले बानी?
15. रउआ के सोच, बोल चाहे काम में कवन प्रलोभन के सामना करे भइल अउर रउआ ओकरा पर कइसे प्रतिक्रिया देनी?
16. दूसरा लोग के, खासकर के विश्वासियन के, सेवा करे चाहे आशीर्वाद देवे के मौका रउआ कईसे इस्तेमाल कइनी?
17. का रउआ प्रार्थना के कवनो विशेष जवाब देखले बानी?

## समीक्षा

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल टूल:**

- उत्तरदायित्व समूह

**अगिला कदम**

## आज्ञा मानल

एगो जवाबदेही साथी खोजीं (एक जइसन लिंग के) अउर ओह लोग के साथ साप्ताहिक रूप से मिल के बइठक कइल शुरू करीं।

## साझा कइल

प्रभु से प्रार्थना करीं कि उ रउआ के मार्गदर्शन करस ताकि रउआ कम से कम पांच लोगन के चुनौती दे सकीं, जे विश्वासी करे वाला बा कि उ लोग आपन खुद के जवाबदेही समूह के बैठक शुरू करी, अउर फेरू अइसन करीं।

# सत्र 4

**चेक-इन**

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **6787**

**प्रार्थना**

**(5 मिनट)**

प्रार्थना करीं अउर परमेश्वर के धन्यवाद दीं कि उ हमनी के यीशु जइसन बना रहल बाड़न। पवित्र आत्मा से निवेदन करीं कि उ हमनी के समय के एक साथ अगुवाई करस।

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरूआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह सिद्धान्त के सुनब जा अउर चर्चा करब जा:**

- निर्माता उपभोक्ता नइखे

**आ हमनी के एह टूल के अपना टूलकिट में जोड़ब जा:**

- 100 गो के सूची

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**निर्माता उपभोक्ता नइखे**

एह भाग में, हमनी के एह बारे में बात कइल जाई कि हमनी के प्रभु यीशु के विश्वासी के एगो परमेश्वर के राज में केवल लागू करे वाला बनला के अलावा पईदा करे वाला भी कइसे बना सकत बानी जा।

उनकर सही काम में, परमेश्वर हमनी के बराबरी में रहे खातीर बनवले बाड़न-पइदा करे खातीर अऊर लागू करे के खातीर, गिरावे अऊर भरे के खातीर, ताकि हमनी के फिर से गिरा सकी जा।

बाकी हमनी के टूटल दुनिया में, लोग परमेश्वर के काम के नाकार देले बाड़न अऊर कई गो लोग आपन बल (जोर) परमेश्वर के सही नियम में जीये के भाग के तरीका में बेकार क देले बाड़न।

उ लोग एकरा के सीखलन बाकी बटलन नाही। उ भरल बाड़न बाकी उ लोग कबो गिरवलन नाही। उ लागू करत बाड़न बाकी पईदा नईखन करत।

जदी हमनी के अईसन चेला बनाई जा जेवन बढ़त जास, त हमनी के उनकरा के इ बतावे के जरूरत बा कि उ पइदा करे वाला कइसे बन सकत बाड़न नाही कि केवल लागू करे वाला।

इ एह तरीका के बा - हमनी के धार्मिक तरीका से बढ़ला के खातीर परमेश्वर आपन लिखल वचन के लागू करत बाड़न - जेकरा के हमनी के पवित्र किताब या बाइबल कहे ली जा।

हर एगो चेला के सीखल, मतलब बतावल अऊर वचन के लागू करे के खातीर तईयार रहे के चाही।

हजारों साल से भी अधिका अऊर कई गो लिखे वाला के जरिये, परमेश्वर आपन विश्वास जोग लोगन के दिल में आपन वचन कहले बाड़न जेवन लोग एकरा के लिखलन अऊर उनकर लगे जेवन रहे ओकरा के बाट दिहलन।

पवित्र किताब हमनी के परमेश्वर क कहानी, योजना, उनकर हृदय, अऊर उनकर इच्छा के बारे में सिखावत बा।

पहिले के भाग में, रऊवा दुगो बात सिखनी - सोप्स यानी एह समय के बाइबल पढ़ल अऊर जवाब देबे वाला दल (समूह) आवे वाला भाग में रऊवा एगो अऊर बात सिखब - 3/3 दल (समूह)।

इ तीनों बात संगे मिल के एगो नया चेला के परमेश्वर के लिखल वचन के सिखल, एकर मतलब समझल, अऊर एकरा के लागू करे में मदद करे ला।

उ परमेश्वर के वचन के केवल सुने वाला नाही बल्कि एकरा के करे वाला अऊर अऊर बाटे वाला भी बनिहन।

हमनी के धार्मिक तरीका से बढ़ावे के खातीर परमेश्वर आपन कहल गइल वचन के लागू भी करत बाड़न- जेकर भेद हमनी के प्रार्थना के जरिये सीख सकत बानी जा।

प्रार्थना यानी परमेश्वर के सुनल अऊर उनकरा से कहल बा। प्रार्थना हमनी के परमेश्वर के संगे करीब में तथा उनकरा हृदय में, उनकर चाहत (इच्छा) अऊर उनकरा तरीका के समझे में मदद करे ला।

प्रार्थना हमनी के सेवकाई में अऊर दूसरा के सेवा करे में, खास तरीका के सीखला में अऊर एकरा के बतावे में मदद करे ला जेवन केवनो व्यक्ति या दल (समूह) के परमेश्वर के बढ़ीया तरीका से समझे में मदद करे ला।

दु गो आसान बात - प्रार्थना चलन अऊर प्रार्थना चक्कर ओह चेलन के खुद के प्रार्थना जीवन के बढ़ावे में अऊर प्रार्थना में नया तरीका के सीखला में मदद करे ला जेवन दूसरा के सेवा करे ला।

इ बात हरमेशा प्रार्थना कइला के आदत के बढ़ावा देबे अऊर दुनिया पर केवल नजर आवे वाला कारन पर भरोसा कइला के अलावा दुनिया के धार्मिक नजर से देखला में मदद करे ला।

एकर हरमेशा लागू कइला से, इ प्रभु यीशु के चेलन के प्रार्थना कइला में आपन क्षमता बढ़वला में तथा परमेश्वर से सुनला में अऊर एकरा के लोगन के बतावला में मदद करे ला।

हमनी के धार्मिकता में बढ़ला के खातीर परमेश्वर विश्वासियन के आपन देह के लागू करत बाड़न- जेकरा से हमनी के चर्च या प्रभु यीशु के चेला कहे ली जा।

एक जगह बटोराईल विश्वासियन के तरीका में हमनी के जुड़ल बानी जा। परमेश्वर के वचन कहत बा कि प्रभु यीशु में - हमनी के एगो देह के कई गो हिस्सा बानी जा, अऊर हमनी के एक दूसरा से जुटल बानी जा। दूसरा शब्द में, हमनी के केवल परमेश्वर से जुटल नइखी जा- बल्कि हमनी के एक दूसरा से भी जुटल बानी जा।

परमेश्वर हमनी के एक दूसरा के अधीन रहे खातीर कहत बाड़न। परमेश्वर हमनी के एक दूसरा के सेवा करे खातीर कहत बाड़न।

हमनो में से हर एगो के बल अलगा-अलगा बा अऊर हर एगो के कमजोरी भी बा। परमेश्वर हमनी से चाहत करत बाड़न कि हमनी के आपन बल के लागू दूसरा के मदद के खातीर करी जा जेवन हो सके त कमजोर बा। अऊर उ हमनी से चाहत करत बा कि हमनी के आपन कमजोरी में दूसरा के उनकर बल के लागू करे देईं जेवन परमेश्वर उनकरा के भी देले बाड़न।

परमेश्वर के वचन कहत बा कि परमेश्वर रऊवा के कुछु खास जोगता देले बाड़न; इ सही करे खातीर कि उ एक दूसरा के मदद करस, अऊर ओह लोग के परमेश्वर के कई गो आशीर्वाद मिले।

आसान बात जइसे 3/3 दल (समूह), जवाब देबे वाला दल (समूह) अऊर संगे सलाह देबे वाला - हमनी के एक दूसरा से प्रेम करे अऊर भलाई के काम करे खातीर साहसी बनावत बाड़न, केवल ओकर पालन कइला के जरिये नाही जेवन परमेश्वर हमनी के करे खातीर कहले बाड़न, बल्कि दूसरों से सिखल तरीका के बतावे के जरिये भी।

हमनी के धार्मिक रूप से बढ़ला के खातीर परमेश्वर सताव (दुःख) अऊर तकलीफ के लागू भी करे लन। छोड़ल अऊर घाटा के जेवन हमनी के प्रभु यीशु के खातीर सही ली जा।

जब लोग हमनी के निराश एवं दुःखी करे लन, काहे से कि हमनी के प्रभु यीशु से प्रेम करी ली जा अऊर उनकर आदश के मानी ली जा, अऊर एही कारन जब हमनी के संगे जब कुछ खराब, होखे ला, तब परमेश्वर ओह सताव एवं दुःख के लागू हमनी व्यवहार के सही करे खातीर अऊर हमनी के अधिका से अधिका प्रभु यीशु के जइसन बने के खातीर करे लन।

उ सेवकाई के खातीर हमनी के व्यवहार के बनावे लन, सही करे लन तथा हमनी के विश्वास के मजबुत करे लन अऊर हमनी के ओह लोगन के सेवा करे देलन जेवन खास तरीका से दुःख में बाड़न - खुद के ओह लोगन पर सही तरीका से देखावत जेवन हमनी के देख लेले बाड़न अऊर हमनी के दरद के जानत बाड़न।

परमेश्वर हमनी के बतावत बाड़न कि प्रभु यीशु के चेला के तरीका में हमनी के सताव (दुःख) के खातीर तईयार रहे के चाही।

प्रभु यीशु कहले बाड़न - धन्य बाड़ तू, जब मनुष्य हमरा कारन तोहार हिनाई करस, अऊर सतावस अऊर झूठ बोल बोले के तोहरा खिलाफ में सगरी तरीका के खराब (बुरी) बात कहस। तब तू खुश अऊर मगन होई ह काहे से कि तोहरा खातीर सरग में बहुत बड़हन फल बा एह खातीर कि उ लोग ओह भविष्यवक्ता लोग जेवन तोहरा से पहिले रहलन एही तरीका से सतवले रहलन।

3/3 दल (समूह) अऊर जवाब देबे वाला दल (समूह) जइसे आसान बात प्रभु यीशु के चेलन के उनकरा जरिये अनुभव कइल गइल सताव अऊर दुःख के बतावे के मऊका देत बाड़न।

इ दल (समूह) रऊवा के चेलन के इ सिखावे के मऊका देत बा कि परमेश्वर के वचन कहत बा कि हमनी के कठीन (दुःख) समय के खातीर तईयार रहे के चाही अऊर जब चीज खराब होखे तब भी परमेश्वर के प्रेम पर भरोसा करत केवना तरीका से ओह जईसन काम करे के चाही।

वचन, प्रार्थना, शरीर के जईसन जीवन, सताव अऊर दुःख।

एह सगरी तरीका से परमेश्वर हमनी के आपन सही पुत्र प्रभु यीशु के जईसन बनावे लन।

इ आसान बात हमनी के ओह चीजन के केवल लागू करे वाला नाही बनावे लन जेकरा के परमेश्वर हमनी के देले बाड़न, बल्कि हमनी के पइदा करे वाला अऊर बाटे वाला भी बनावे लन।

## चर्चा

**(10 मिनट)**

- ऊपर विस्तार से बतावल गईल चार क्षेत्र (प्रार्थना, परमेश्वर के वचन आदि) में से, जे रउआ पहिले से अभ्यास कर रहल बानी, उ कवन-कवन बा?
- कवन-कवन क्षेत्र बा जेकरा बारे में रउआ के संकोच चाहे अनिश्चित महसूस होखेला?
- जब दोसरा के प्रशिक्षित करे के बात आवेला तऽ रउआ केतना तइयार महसूस करेनी?

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**100 गो के सूची**

जूम टूलकिट 100 गो के सूची यीशु कहलें - “जाईं अउर जा के लोगन के चेला बनाईं...” उनकर अनुयायी लोग ठीक ओइसने कइलन। उ लोग अपना परिवार के लगे चल गईलन। उ लोग अपना दोस्तन के लगे गईलन। उ लोग शहर में अपना जानल-पहचानल लोगन के लगे गईलन। उ लोग अपना संगे काम करे वाला लोग के लगे गईलन। उ लोग गईलन। यीशु कहलन “जाईं” अउर उ लोग उनकर आज्ञा के पालन कइलन। एह तरह से परमेश्वर के परिवार बढ़त गईल। प्रभु परमेश्वर हमनी के जवन रिश्ता के जरूरत रहे उ पहिलही दे देले बाड़न “जाईं अउर लोगन के चेला बनाईं।” इहे हमनी के परिवार, दोस्त अउर पड़ोसी हवन साथे काम करे वाला अउर साथे पढ़े वाला लोग - उ लोग, जेकरा के हमनी के भर जिनगी जानत रहनी जा, जवन लोगन से हमनी के अभी-अभी मिलल बानी जा। परमेश्वर हमनी के जिनगी में जवन लोगन के रखले बाड़ें उनका संगे वफादार रहीं। चेलन के संख्या बढ़ावे में ई एगो बड़हन पहिला कदम हऽ। एकर शुरूआत एगो सूची बना के एकदम साधारण तरीका से हो सकेला। 100 गो के सूची जूम टूलकिट एगो आसान टूल बा जे चेलन के संख्या में बढ़ोतरी करे में मदद करेला।

## गतिविधि

(30 मिनट)

**आपन खुद के 100 गो के सूची बनाईं**

- अपना समूह के सभ लोग से अगिला 30 मिनट तक आपन खुद के रिश्ता के सूची भरे खातिर कहीं। जेतना हो सके ओतना के सूची बनाईं।
- तब परमेश्वर से उनकर संबंध के बारे में आपन सबसे बढ़िया समझ के चिन्हित करीं: चेला, अविश्वासी, चाहे अनजान।

1 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

2 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

3 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

4 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

5 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

6 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

7 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

8 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

9 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

10 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

11 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

12 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

13 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

14 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

15 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

16 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

17 ____________________________________________
☐ चेला ☐ अविश्वासी ☐ अनजान

18 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

19 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

20 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

21 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

22 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

23 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

24 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

25 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

26 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

27 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

28 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

29 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

30 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

31 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

32 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

33 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

34 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

35 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

36 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

37 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

38 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

39 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

40 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

41 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

42 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

43 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

44 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

45 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

46 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

47 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

48 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

49 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

50 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

51 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

52 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

53 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

54 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

55 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

56 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

57 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

58 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

59 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

60 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

61 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

62 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

63 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

64 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

65 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

66 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

67 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

68 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

69 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

70 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

71 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

72 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

73 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

74 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

75 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

76 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

77 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

78 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

79 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

80 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

81 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

82 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

83 ______________________________________________

□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

84 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

85 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

86 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

87 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

88 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

89 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

90 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

91 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

92 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

93 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

94 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

95 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

96 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

97 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

98 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

99 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

100 ______________________________________________
□ चेला □ अविश्वासी □ अनजान

## समीक्षा
**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल सिद्धान्त:**

- निर्माता उपभोक्ता नइखे

**एह सत्र में सुनल गइल टूल:**

- 100 गो के सूची

---

**अगिला कदम**

## आज्ञा मानल

ई सप्ताह अपना 100 गो के सूची में से पांच लोग खातिर प्रार्थना में समय बिताईं, जवना के रउआ "अविश्वासी" चाहे "अनजान" के रूप में चिन्हित कइले बानी। परमेश्वर से प्रार्थना करीं कि उ उनकर दिल के आपन कहानी ला खुलल रहे खातिर तैयार करस।

## साझा कइल

परमेश्वर से पूछीं कि उ राउर 100 गो के सूची टूल के केकरा साथे साझा करे खातिर चाहेलन। एह व्यक्ति के नाम समूह से साझा करीं अउर अगिला सत्र से पहिले ओह लोग से संपर्क करीं।

---

ZÚME

सत्र 5

## चेक-इन

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **3450**

## प्रार्थना

**(5 मिनट)**

प्रार्थना करीं अउर परमेश्वर के धन्यवाद दीं कि ऊ हमनी के जिनगी मे मौजूद में सब लोग से प्रेम करेलें। समूह के हर आदमी खातिर प्रार्थना करीं कि उ अपना आसपास के लोगन के ओइसहीं देखस जइसे परमेश्वर उनकरा के देखेलें।

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरुआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह टूल के अपना टूलकिट में जोड़ब जा:**

- नियमित प्रार्थना

## पढ़ीं

**नियमित प्रार्थना**

जूम टूलकिट नियमित प्रार्थना यीशु अक्सरहाँ अपना अनुयायी लोगन के एह उद्देश्य के बारे में सिखावत रहलें, प्रार्थना के अभ्यास अउरी प्रार्थना के साथ वादा। यीशु कहलें - "माँगीं तऽ रउरा के दिहल जाई; खोजीं तऽ रउरा के मिल जाई; खटखटाईं तऽ रउरा खातिर खोलल जाई। काहेंकि जे माँगेला ओकरा मिलेला; जे खोजेला उ पावेला; जे खटखटाई ओकरा खातिर खोलल जाई।" यीशु आपन अनुयायी लोगन के सिखवलन कि प्रार्थना दिखावा खातिर ना होखे के चाहीं, आपन मतलब खातिर चाह राखे वाला सूची चाहे कवनो अस्पष्ट बातचीत जवना के हमनी के बेर बेर दोहरावेनी। यीशु हमनी के देखवलन कि प्रार्थना में सामर्थ बा, काहेंकि इ प्रत्यक्ष बा हमनी से प्यार करे वाला, स्वर्ग में रहे वाला हमनी के पिता से लगातार बातचीत होखेला। जइसे कवनो बढ़िया बातचीत होखे, बढ़िया प्रार्थना के मतलब बा कि दुनु पक्ष के सुने खातिर अवसर मिले -- बोलीं। बाकि ओह परमेश्वर से बात करीं जे पूरा दुनिया के बनवले बाड़ें ई डरावना वाला लाग सकेला। अउर सच में कुछ जवाब मिले - ज्यादातर लोगन खातिर ई एकदम डरावना हो सकेला। नीमन खबर ई बा कि प्रार्थना में बेहतर होखल - हमनी से प्यार करे वाला परमेश्वर से बेहतर आ गहिराई वाला बातचीत करीं - ई ना खाली संभव बा - बल्कि ई ठीक ओइसने बा जइसन परमेश्वर चाहेलन। बाकि जब प्रार्थना में नया भाषा सीखल जइसन लागेला - रउआ कइसे बेहतर होखब? एकर जवाब एकदम आसान बा - रउआ अभ्यास करीं। नियमित प्रार्थना के अभ्यास करे खातिर ई एगो बहुत आसान टूल बा जवना के रउरा खुदे इस्तेमाल कर सकेनी आ कवनो अनुयायी के भी साझा कर सकेनी। महज बारह गो आसान चरण में – हरेक 5 मिनट पर - नियमित प्रार्थना रउरा के मार्गदर्शन करी बाइबिल हमनी के बारह तरीका से प्रार्थना करे खातिर सिखावेला। अंत में, रउवां एक घंटा तक प्रार्थना कइले होखब। बाइबिल हमनी के बतावेला कि -- "बिना रुकले प्रार्थना करत रहीं।" हमनी में से बहुत लोग इ नईखे कह सकत कि हमनी के अइसन करेनी। बाकि प्रार्थना के एह घड़ी - रउआ एक कदम अउर नजदीक होखब। नियमित प्रार्थना - जूम टूलकिट में एगो अउरी आसान टूल।

## गतिविधि

**(60 मिनट)**

**प्रत्येक आदमी एक घंटा खातिर व्यक्तिगत रूप से नियमित प्रार्थना करीं।**
समूह के वापस लवटे अउर फेरू से जुड़े खातिर एगो समय तय करीं। सुनिश्चित करीं कि सबके प्रार्थना करे खातिर शांति से जगह खोजे अउर समूह में वापस लवटे खातिर कुछ समय मिल सके।
अगर राउर समय लचीला बा त पूरा एक घंटा ले लीं। हर हिस्सा खातिर पूरा 5 मिनट तक प्रार्थना करीं। एहसे ई सत्र एक घंटा के अधिक लंबा हो सकेला।
अगर रउआ लंबा सत्र ना ले सकत बानी, तऽ प्रार्थना के हरेक हिस्सा के समय 5 मिनट से घटा के के 3 मिनट कर दीं।

बस 12 आसान कदम में - हरेक 5 मिनटमें - इ प्रार्थना प्रक्रिया रउआ के 12 तरीका से मार्गदर्शन करेला जवना से बाइबिल हमनी के प्रार्थना करे के सिखावेली। आखिर में रउआ पूरा एक घंटा तक प्रार्थना कइले रहब।

[छवि_प्रार्थना प्रक्रिया]

**स्तुति** अपना प्रार्थना के घड़ी के शुरूआत प्रभु के स्तुति से करीं। अभी राउर मन में जवन बात बा ओकरा खातिर उनकर स्तुति करीं। पिछला एक हफ्ता में रउआ के जिनगी में जे खास काम उ कइले बाड़े ओकरा खातिर स्तुति करीं। आपन परिवार पर प्रभु के भलाई खातिर भी स्तुति करीं।

**इंतजार करीं** प्रभु के इंतजार में समय बिताईं। चुप रहीं आ ओकरा पर छोड़ दीं कि उ रउआ के मन के सोच अउर विचार में सब के एक साथ जोड़ के समझावे।

**कबूल करीं** पवित्र आत्मा से पुछीं कि उ रउआ के जिनगी में ओह सब बात के देखावे जेकरा से प्रभु नाराज हो सकेलें। उनकरा से एहू कहीं कि रउआ के गलत मनोभाव आ ओह काम सब के दिखावे जवन रउआ अबले कबूल नइखे कइनीं। अब प्रभु के सामने इ बात कबूल करीं ताकि रउआ के मन शुद्ध हो सके।

**वचन के पढ़ीं** भजन संहिता में, भविष्यद्वक्ता लोगन के किताब, चाहे नया नियम में प्रार्थना से जुड़ल के अंश के पढ़े में समय बिताईं।

**पूछीं** अपना ओर से निहोरा करीं।

**मध्यस्थता** दूसरन के खातिर बिनती करीं।

**वचन के अनुसार प्रार्थना करीं** कुछ विशेष पद के उयोग करके प्रार्थना करीं। वचन आधारित प्रार्थना अउर कई गो भजन संहिता के एह उद्देश्य खातिर बहुत बढ़िया बा।

**धन्यवाद** अपना जिनगी में जवन चीज बा ओकरा खातिर, अपना परिवार के ओर से, अउर अपना कलीसिया के ओर से प्रभु के धन्यवाद दीं।

**गाईं** स्तुति चाहे अराधना के गीत चाहे कवनो दोसर भजन चाहे आत्मिक गीत गाईं।

**चिंतन मनन करीं** प्रभु से कहीं कि ऊ रउरा से बात करसु। जवन बात चाहे विचार राउर मन में डाले ओकरा लिखे खातिर कलम आ कागज तइयार राखीं।

**सुनीं** रउआ जवन पढ़ले बानी, जे प्रार्थना में कहले बानी अउर जे गीत रउआ गइले बानी ओह के एक साथे जोड़ के समय बिताईं अउर देखीं कि कइसे प्रभु ओह सब के एक साथ जोड़ के रउआ से बतियावत बाड़ें।

**स्तुति करीं** प्रभु के स्तुति करीं कि ऊ रउरा के अपना साथे समय बितावे के मौका दिहलें। उनकर महिमामयी स्वभाव अउर गुण खातिर उनकर स्तुति करीं।

ई अंश डिक ईस्टमैन, चुजेन बुक्स, ग्रैंड रैपिड्स, एम आई, के ओर से डिक ईस्टमैन के किताब द ऑवर दैट चेंजेस द वर्ल्ड से लिहल गइल बा © 2002, जेकरा अनुमति लेके उपयोग में लावल गइल बा।

## चर्चा

**(10 मिनट)**

- प्रार्थना में एक घंटा बितावे पर राउर का प्रतिक्रिया बा?
- रउआ कइसन लागत बा?
- का कुछ सीखनी चाहे सुननीं?
- अगर रउआ एह तरह के प्रार्थना के नियमित आदत बना लेब तऽ जिनगी कईसन होई?

## समीक्षा

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल टूल:**

- नियमित प्रार्थना

**अगिला कदम**

## आज्ञा मानल

एह नियमित प्रार्थना के इस्तेमाल मार्गदर्शन करे खातिर करीं ताकि ई सप्ताह में कवनो समय एक घंटा के प्रार्थना करीं।

## साझा कइल

प्रभु जेकरा से रउआ के निर्देश देत बाड़ें, उनका साथ नियमित प्रार्थना के साझा करीं। ओह लोग के चुनौती दीं कि ऊ भी एकरा के दोसरा से साझा करस।

ZÚME

सत्र 6

**चेक-इन**

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **2344**

**प्रार्थना**

**(5 मिनट)**

प्रार्थना करीं अउर परमेश्वर के धन्यवाद दीं कि रउआ पिछला सत्र में उनका साथे जे अनुभव कइनी ओकरा खातिर अउर उनकर पवित्र आत्मा के आमंत्रित करीं कि उ राउर समय के एक साथ अगुवाई करस।

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरुआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह सिद्धान्त सभ के सुनब जा अउर चर्चा करब जा:**

- आत्मिक अर्थव्यवस्था
- दर्शन साझा कइल सबसे बड़ आशीर्वाद बा
- सुसमाचार

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**आत्मिक अर्थव्यवस्था**

ऐह भाग में हमनी परमेश्वर के धार्मिक व्यवस्था के बारे में बात कइल जाई, एह टुटल दुनिया में, लोग इनाम पावल महसूस करत बाड़न जब उ लेबे लन, ले लेलन अऊर जब उनकरा के आस पास के लोगन से अधिका मिले ला।

पवित्र किताब में, परमेश्वर आपन लोगन से कहत बाड़न - हमार विचार तोहार विचार नइखे, नाही तोहार तरिका हमार तरिका।

परमेश्वर अपना राज के व्यवस्था में बतावत बाड़न - आदर एह बात में नइखे कि हमरा के का मिलत बा - बल्कि हम का देत बानी।

परमेश्वर कहत बाड़न - हम तोहार छुटकारा करब, अऊर तु एगो आर्शिवाद होई ब। प्रभु यीशु कहले बाड़न कि - लिहला से बढ़िया दिहल बा।

परमेश्वर हमनी के जेवन देत बाड़न ओकरा के दिहल अऊर परमेश्वर के आर्शिवाद के दूसरा के आर्शिवाद दिहल, इ धार्मिक सास के नेई बा एकरा के हमनी के पहिले सिखले बानी जा।

हमनी के सास भीतर लेई ली जा अऊर परमेश्वर से सुने ली जा। हमनी के सास बाहरा छोड़ी ली जा अऊर हमनी के जेवन सुनले बानी जा ओकर पालन करेली जा एवं दूसरा के बतावे ली जा।

परमेश्वर हमनी से जेबन कहले बाड़न ओकर पालन करे अऊर दूसरा के बतावे में जब हमनी के विश्वास जोग रहे ली जा, तब उ अऊर भी बात बतावे के वादा करे लन।

प्रभु यीशु कहले बाड़न - जे केहू कम में विश्वासी बा उ अधिका में विश्वासी बाड़न।

इ गहिरा छिपल ज्ञान महान धार्मिकता अऊर अधिका जीवन जीये के रास्ता बा जेकरा के जीये खातीर परमेश्वर योजना बनवले बाड़न।

जदी हमनी के परमेश्वर के महान काम के फल पावे के बा, त हमनी के दुगो चीज के कोशिश (अभ्यास) कईल जरुरी बा, जेकरा से उ आर्शिवाद देबे के वादा करत बाड़न।

हमनी के जरुर ही -

· आदेश मानी जा अऊर बढ़ाई जा

- करी जा अऊर सिखाई जा
- कोशिश करी जा अऊर दूसरा के बताई जा।

– जेवन कुछु परमेश्वर हमनी से करे खातीर कहत बाड़न।

जदी हमनी के चाहत बानी जा कि दूसर लोग भी परमेश्वर से महान काम के फल पावस, त हमनी के उनकरा के देखावे के पड़ी कि इ चीज कइसे करे के बा। इ चेला बनला अऊर चेला बनावे के खास भाग बा।

हमनी के चेला अऊर अगुवा बानी जा

हमनी के पढ़े वाला अऊर पढ़ावे वाला बनी जा

हमनी के आर्शिवाद पवले बानी जा अऊर आर्शिवाद बानी जा

परमेश्वर नइखन चाहत कि हमनी के आदेश मानला अऊर दूसरा के बतावला से पहिले इनकरा के आवला तक इंतजार (खोज) करी। जेवन कबो ना होई।

परमेश्वर इ आशा ना करे लन कि बढ़ला से पहिले हमनी के बुढ़ा हो जाई जा। उ चाहत बाड़न कि हमनी के एही समय बढ़ल शुरू करी जा।

परमेश्वर चाहत बाड़न कि जेवन हमनी के जानत बानी जा ओकर पालन करी जा अऊर जेवन सुनले बानी जा ओकरा के दूसरा से बताई जा।

अऊर परमेश्वर चाहत बाडन कि दूसरा के भी इहे सिखाई। जइसे आदेश मानल अऊर परमेश्वर हमनी से जेवन करे खातीर कहले बाड़न ओकरा के दूसरा के बताई। इ जवानी अऊर बुद्धि के रास्ता बा।

## चर्चा

**(10 मिनट)**

रउआ के परमेश्वर के आत्मिक अर्थव्यवस्था अउर हमनी के धरती पर चीजन के करे के तरीका के बीच कवन-कवन अंतर देखाई पड़ेला?

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**महान – महानतम – सबसे महान आशीर्वाद**

एह भाग में, हमनी के परमेश्वर के खास अऊर सबसे खास आर्शिवाद के बारे म अऊर एकरा के दूसरा के संगे बाटला के बारे में बात कइल जाई। जब केहू प्रभु यीशु के चेला बने खातीर फैसला करे लन, तब रऊवा सही रास्ता पर चले खातीर उनकर मदद कइसे करब?

रऊवा उनकर मदद कइसे करब ताकि उ परमेश्वर के राज में पइदा करे बाला बनस ना कि एगो अऊर लागू करे वाला।

रऊवा उनकर मदद कइसे करब – ओह सगरी आर्शिवाद के पावे खातीर जेवन परमेश्वर दिहल चाहत बाड़न?

हम एकरा के बता के शुरू करत बानी ......

- प्रभु यीशु के चेला बनावल एगो आर्शिवाद बा।
- दूसरा के प्रभु यीशु के चेला बनावल एगो खास आर्शिवाद बा
- एगो नया धार्मिक परिवार के शुरुआत कईल सबसे खास आर्शिवाद बा।
- नया धार्मिक परिवार के शुरुआत करे के खातीर दूसरा के तइयार कइल सबस खास आर्शिवाद बा।

रऊवा प्रभु यीशु के पिछे चले खातीर फैसला कइले बानी एह खातीर परमेश्वर रऊवा के आर्शिवाद देले बाड़न। हम चाहत बानी कि रऊवा परमेश्वर के खास आर्शिवाद अऊर सबसे खास आर्शिवाद के पाईं। हम रऊवा के बतावल चाहत बानी?

कइसे जदी उ अऊर अधिका जानल चाहत बाड़न, त हम उनकरा के 100 पहिचान वालन के सूची बनावे खातीर कहत बानी।

फेर हम उनकरा के ओह सूची में से पांच लोगन के चुने खातीर कहत बानी - पांच लोग जेवन प्रभु यीशु के जानत बाड़न - पांच लोग जेकरा के उ सीधा बतावल चाहत बाड़न।

प्रभु यीशु के पोछे चलल एगो आर्शिवाद बा रऊवा अऊर एह आर्शिवाद के केकरा संगे बाटल चाहत बानी?

हम उनकरा के आपन गवाही बतावल सिखावत बानी - परमेश्वर उनकरा जीवन में जेवन क रहल बाड़न, ओकर कहानी। हम उनकरा के सुसमाचार बाटल सिखात बानी – परमेश्वर दुनिया में जेवन क रहल बाड़न उनकर कहानी। हम उनकरा के सिखावत बानी कि परमेश्वर के खास, खास अऊर सबसे खास आर्शिवाद कइसे बाटे के बा।

जेवन पांच लोगन के उ चुनले बाड़न, उनकरा संगे हम एक बेर उनकरा के कोशिश करे के खातीर कहत बानी। पहिले उनकर कहानी। फिर परमेश्वर के कहानी। फेर परमेश्वर के आर्शिवाद।

हर बेर, हम उनकरा सूची में से एगो व्यक्ति बनावे के नाटक करत बानी। उ जबे आपन कहानी बतावत बाड़न, त उ परमेश्वर के कहानी बतावे लन। उ हमरा के भी प्रभु यीशु के चेला बने खातीर कहे लन। उ परमेश्वर के खास, खास अऊर सबसे खास आर्शिवाद के बारे में सिखावे लन।

हम हर बेर उनकरा से सवाल पूछी ला या बात करी ला जेवन हो सकेत उ बतावस।

कोशिश कइला के बाद, हम उनकरा से दूई दिन बाद फेर मिले खातीर कहत बानी - इ देखे खातीर कि उ कइसे क रहल बाड़न।

सूची में से पांच लोग में से मिले खातीर हम उनकरा के अधिका समय दिहल चाहत बानी, हम एतना अधिका समय नइखी दिहल चाहत कि उ एकरा के छोड़ देस या भूला जास।

हम हरमेशा फोन नंबर या मेल में बनल रहला खातीर दूसर केवनो जरिया भी मागी ला।

हम उनकरा संगे प्रार्थना करी ला कि परमेश्वर उनकरा के सही शब्द देस जइसे उ हमरा के देले बाड़न। हम दूई दिन के बाद फेर मिली ला अऊर बात-चीत करी ला कि परचार कइसे चल रहल बा।

जदी उ शुरू नइखन कइले, त हम उनकरा के अऊर कोशिश करे खातीर कही ला। हम उनकरा संगे ओह पांच लोगन में से केहू के भी लगे चले खातीर कही ला। परचार करे खातीर हम उनकर हर होखे वाला मदद करी ला।

बाकी हम उनकरा के नया चीज ना बताइ ला। उ जेवन सिखले बाड़न, ओकरा खातीर विश्वास जोग बने के खातीर हम उनकरा के बढ़िया मऊका दिहल चाहत बानी।

जदी उ मना करत बाड़न या बहाना बनावत बाड़न, त हम परमेश्वर से पूछी ला, का इ बढ़ीया जमीन बा जेवन उनकरा राज के खातीर फल देबे वाला होई या हमरा के कही अऊर लगावे के चाही।

जदी उ परचार करत बाड़न - त हम खुशी मनाई ला!

ओह सूची में से केहू के विश्वास ना कइला पर भी हम खुश होइला कि उ लोग सुनलन, आदेश मनलन। अऊर परचार कइलन। इ विश्वास जोग बनल बा।

उ कम में विश्वासी रहलन, एह खातीर उनकरा के अऊर ज्यादा बतावे में हमरा के खुशी होखे ला।

हम बपतिस्तमा के बारे में बतावत बानी, अऊर ओकर लागू करे के खातीर दूसर जरिया देत बानी जइसे ..... या .......।

उनकर 100 लोगन के सूची में से कुछ अऊर लोगन के चुने खातीर कही .... जेवन लोग प्रभु यीशु के नइखन जानत या उनका चेला नइखन।

फेर हम उनकर संगे उनका कहानी, परमेश्वर के कहानी अऊर परमेश्वर के आर्शिवाद लेके पहिले के जईसन कोशिश करी ला। अऊर हम प्रार्थना करी ला।

अब उनकरा सूची में से केहू विश्वास करत बा, त हम सही में खुशी मनाई ले।

परमेश्वर के परिवार बढ़ रहल बा!

हम हरमेशा पूछी ला का उ खास खास अऊर सबसे खास आर्शिवाद के बारे में बतवलन, काहे से कि इहे परमेश्वर के परिवार के हरमेशा बढ़ावे ला।

जदी उ परमेश्वर के आर्शिवाद के बारे में नइखन बतवले, हम एकरा क दोबारा बताई ले, प्रभु यीशु के एगो नया चेला एगो सूची कइसे बना सकत बाड़न, उ अपना कहानी के अऊर परमेश्वर के कहानी के अऊर आर्शिवाद के कइसे बता सकत बाड़न - ताकि प्रभु यीशु के नया विश्वासी भी परचार करे के सिखस।

कोशिश के बाद, हम उनकरा के नया विश्वासी के लगे फेर से भेजी ला ताकि उ परचार हरमेशा करत रहस।

बाकी उनकरा बारे में का जेवन परचार कइलन अऊर उ आर्शिवाद के बारे में बतवलन अऊर केहू विश्वास कइल।

अब अईसन होखे ला तब हम खुशी से भर जाइ ला।

परमेश्वर के वचन अईसन व्यक्ति के "बढ़िया जमीन" कहे लन - जेवन परमेश्वर के परिवार के ओकरा से कही अधिका बढ़ा सकत बाड़न जेवना तरिका से हम देखले बानी।

हमरा के जबे अइसन व्यक्ति (आदमी) मिले लन, हम हरमेशा उनकरा से मिले खातीर कोशिश करी ला। हम उनकरा धार्मिक बढ़ला में बहुते खरचा करी ला या लगाई ला।

हम नया पाठ सिखावत बानी जइसे बपतिस्मा अऊर तीन-तीन गो के दल (समूह) कइसे शुरू करे के बा। अब उ धार्मिक परिवार के बढ़ा सकत बाड़न - प्रभु यीशु के नया विश्वासियन के संगे शुरू करत।

काहे से कि उ विश्वास जोग बाड़न, हम उनकरा के अधिका से अधिका बतावला में अऊर परमेश्वर के अगीला काम के देखे में खुश रही ला। हरमेशा, एक बेर में एक कदम। हरमेशा उनकरा के सिखे, आदेश माने अऊर उ जेवन जानत बाड़न, ओकरा के बतावे के एगो मऊका देत।

परमेश्वर के धन्यवाद देत हम एह व्यक्ति के खातीर भी प्रार्थना करी ले कि उ हमरा के उनकरा संगे बाटे अऊर सिखे क मऊका दिहलन अऊर हरमेशा उनकरा से भागी ला कि उनकरा के उनकर सबसे खास आर्शिवाद देई।

## चर्चा

**(10 मिनट)**

- का इ उ तरीका बा जवना के रउआ के यीशु के पीछे चले घरी सिखावल गईल रहे? अगर ना तऽ का अलग रहे?
- राउर विश्वास में अइला के बाद, रउरा के दूसरा के चेला बनावे में कतना समय लागल?
- राउर हिसाब से का होई अगर नया अनुयायी तुरते दोसरा के साथ आपन अनुभव साझा कइल अउर ओकरा चेला बनावल शुरू कर दे?

**यीशु कहलें, "जब पवित्र आत्मा रउआ पर आई तऽ रउआ सामर्थ पाईब। अउर यरूशलेम, अउर पूरा यहूदिया, अउर सामरिया में, अउर धरती के छोर तक हमार गवाह होखब।"**

## चर्चा

**(10 मिनट)**

- जब रउआ परमेश्वर के आज्ञा सुन के उनकर "गवाह" बने के अउर उनकर कहानी बतावे के आज्ञा सुनत बानी तऽ का दिमाग में आवेला?
- रउआ के का लागत बा कि यीशु अपना सुसमाचार के साझा करे के कवनो दोसर तरीका के बजाय साधारण लोग के चुनलें?
- परमेश्वर के कहानी साझा करे में अउर सहज महसूस होखे में रउआ के का जरूरी बा?

---

**सुसमाचार**

परमेश्वर के कहानी (जेकरा के सुसमाचार भी कहल जाला) बतावे के कवनो "सबसे बढ़िया तरीका" नइखे, काहे कि सबसे बढ़िया तरीका एह बात पर निर्भर करी कि रउआ केकरा साथे साझा कर रहल बानी। हर चेला के परमेश्वर के कहानी के अइसन तरीका से बतावल सीखे के चाहीं जवन पवित्रशास्त्र के साथे सही होखे अउर ओह लोगन से जुड़ल होखे जेकरा साथे उ साझा कर रहल बा।

निम्नलिखित दू गो प्रस्तुति के समीक्षा करीं आ अभ्यास करे खातिर एगो चुनीं.

---

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**प्रस्तुति 1 के बा**

एह भाग में, हमनी के सिखल जाई कि परमेश्वर के कहानी के कईसे बतावे के बा-सुसमाचार- दुनिया के बनावला से फैसला के दिन तक, मानव जाति के शुरुआत से दुनिया के आखिरी तक। परमेश्वर के कहानी सुनावे के अधिका (कईगो) तरीका बा।

खास तरीका ओह आदमी पर भरोसा होई जेकरा के रऊबा बतावत बानी अऊर दुनिया के खातीर उनकर नजर अऊर जीवन में उनकर अनुभव।

परमेश्वर परचार करे के खातीर सुने के खातीर बेचैन आदमी के लागू करे लन।

इ उनकर काम बा। एकरा में जुटे के खातीर उ हमनी के बालावत बाड़न।

परमेश्वर के कहानी बतावे खातीर एगो नया तरीका इ बतावे के बा कि दुनिया के बनावला से लेके परमेश्वर के फैसला के दिन तक का भईल।

जब हमनी से एह तरीका से परमेश्वर के कहानी सुनाई ली जा, त हमनी के एकरा के बड़हन या छोट बना सकत बानी जा, बढ़ा के या छोट में बाकी सुने वाला के व्यवहार से जुड़ के।

अलगा-अलगा व्यवहार अऊर दुनिया के नजर से उनकर कहानी के बतावे में, रऊवा आपन हाथ के हिला सकत बानी, जेवन सिखल अऊर सिखावल आसान बनावे ला।

इ परमेश्वर के शुभ समाचार के कहानी बा -

शुरूआत में, परमेश्वर सगरी दुनिया अऊर एकरा में के चीजन के बनवलन।

उ पहिले पुरुष अऊर पहली स्त्री के बनवलन। उ ओहन लोग के एगो बढ़िया बगईचा में रखलन। परमेश्वर ओह लोग के आपन परिवार के हिस्सा बनवलन अऊर उनकरा संगे एगो करीबी रिश्ता रखलन।

हरमेशा जीयत रहे खातीर परमेश्वर उ लोग के बनवलन। तब मरला जइसन केवनो चीज ना रहल।

अईसन बढ़िया जगह में भी, मनुष्य परमेश्वर के खिलाफ काम कइलन अऊर दुनिया में पाप अऊर दुःख के ले अइलन।

परमेश्वर मनुष्य के बगईचा में से निकाल दिहलन। मनुष्य उनकरा बीच के रिश्ता टुट गइल।

अब मनुष्य के मरला के सामना करे के रहल।

सैकड़ा साल से, परमेश्वर दुनिया में दूतन के हरमेशा भेजत रहलन। उ मनुष्यन के उनकरा पाप के याद करवलन बाकी उनकरा के परमेश्वर के विश्वास जोग अऊर वादा के बारे में भी बतवलन कि उ दुनिया में एगो छुटकारा देबे बाला भेजिहन।

छुटकारा देबे वाला परमेश्वर अऊर मनुष्य के बीच रिश्ता के सुधरिहन। छुटकारा देबे वाला मनुष्य के मरला से छोड़इहन। छुटकारा देबे वाला हरमेशा के जीवन दिहन अऊर मनुष्य के संगे हरमेशा रहिहन।

परमेश्वर हमनी से एतना प्रेम करे लन कि जब सही समय आईल त उ दुनिया में अपना पुत्र के छुटकारा देबे वाला के रूप में भेजलन।

प्रभु यीशु परमेश्वर के पुत्र हउवन। उ एगो कुंवार के जरिये दुनिया में जनम लिहलन। उ एगो सही जीवन जीयलन। उ कबो पाप न कइलन।

प्रभु यीशु लोगन के परमेश्वर के बारे में सिखवलन। उ आपन महान बलके देखावत बहुते अचरज के काम कइलन। उ बहुते शैतान के निकललन, बहुते के ठीक कइलन अऊर आन्हर के आंख खोललन तथा बहिरन के कान खोललन अऊर लगड़न के चलवलन।

प्रभु यीशु मरलो के जीयवलन। बहुते धार्मिक गुरू प्रभु यीशु से डेरात रहलन अऊर जरत रहलन। उ लोग उनकरा के जान से मार दिहल चाहत रहलन।

उ कबो पाप ना कइले रहलन। एह खातीर प्रभु यीशु के मरला के जरूरत ना रहल। बाकी उ हमनी खातीर एगो बलिदान के तरीका में मरल चुनलन। उनकर बहुत कठीन से मरल मनुष्यन के पाप के हटा दिहलस।

एकरा बाद, प्रभु यीशु के एगो कबर में गाड़ दिहल गइल।

परमेश्वर प्रभु यीशु के बलिदान के देखलन अऊर एकरा के मान लिहलन। तीसरा दिने प्रभु यीशु के मरला में से जी अबला के जरिये परममेश्वर आपन मनला के देखवलन।

परमेश्वर कहलन कि जदी हमनी के विश्वास करी जा अऊर अपना पाप के खातीर प्रभु यीशु के बलिदान के मान लेईं – जदी हमनी के अपना पाप से मन के फेरी जा अऊर प्रभु यीशु के पीछे चली जा, त परमेश्वर हमनी के सगरी पाप से शुद्ध क दिहन अऊर अपना परिवार में हमनी के स्वागत करिहन।

परमेश्वर, पवित्र आत्मा के भेजे लन हमनी के भीतर रहे खातीर अऊर प्रभु यीशु के पीछे चले खातीर हमनी के जोग बनावे लन।

एह सुधरल रिश्ता के देखावे अऊर एह पर मोहर लगावे खातीर हमनी के पानी में बपतिस्मा दिहल जाला मरला के चिंह के रूप में हमनी के पानी में गाड़ल जाई ली जा।

नया जीवन के चिन्ह के रूप में हमनी के पानी में से जीआबल जाला– प्रभु यीशु के पीछे चले खातीर। मरला में से जी उठला पर प्रभु यीशु धरती पर 40 दिन बितवलन।

प्रभु यीशु अपना चेलन के सिखवलन कि सगरी दुनिया में जाके सगरी लोगन के उनकरा छुटकारा के सुसमाचार सुनाव।

प्रभु यीशु कहलन – एह खातीर तु जा सगरी जातियन के लोगन के चेला बनाव अऊर ओह लोगन के पिता, पुत्र अऊर पवित्र आत्मा के नाम से बपतिस्मा द, अऊर ओह लोग के सगरी बात मानल सिखाव जेकर आदेश हम तोहरा के देले बानी, अऊर देख, हम दुनिया के आखीरी तक हरमेशा तोहरा संगे बानी।

प्रभु यीशु ओह लोगन के आँख के सामने सरग में उठा लिहल गइलन। प्रभु यीशु एक दिन, एही तरीका से फिर से अइहन।

जेवन लोग उनकरा से प्रेम ना कइलन अऊर उनकर आदेश ना मनलन, उनकर के उ हरमेशा खातीर दुःख दिहन।

जेवन लोग उनकरा से प्रेम कइलन अऊर उनकर आदेश मनलन उनकरा के उ हरमेशा खातीर गरहन करिहन अऊर काम के फल दिहन।

हमनी के नया सरग में अऊर नया धरती में हरमेशा खातीर जीयत रहब जा।

हमनी के पाप के खातीर प्रभु यीशु जेवन बलिदान दिहलन ओह पर हम विश्वास कइले बानी अऊर उनकरा के गरहन कइले बानी। उ हमरा के शुद्ध कइले बाड़न अऊर परमेश्वर के परिवार के सदस्य के रूप में लउटा लिहलन। उ हमरा से प्रेम करत बाड़न हम उनकरा से प्रेम करत बानी अऊर उनकरा राज में हरमेशा जीयत रहब।

परमेश्वर रऊवो से प्रेम करत बाड़न अऊर उ चाहत बाड़न कि रऊवा एह भेंट के गरहन करी। का रऊवा अबो इनकरा के गरहन कइल चाहब?

---

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**प्रस्तुति 2 के बा**

जूम ट्रेनिंग में राउर फेरू से स्वागत बा। एह सत्र में हमनी साझा करे के तरीका सीखब जा कि परमेश्वर के कहानी अउर सुसमाचार के कइसे बांटल जाला थ्री सर्कल नाम के एगो टूल के इस्तेमाल कर के। परमेश्वर के कहानी साझा करे खातिर कई गो तरीका बा। सबसे बढ़िया तरीका ओह आदमी पर निर्भर करी जेकरा साथे रउआ साझा कर रहल बानी दुनिया के बारे में उनकर नजरिया अउर उनकर जिनगी के अनुभव पर। परमेश्वर ओह हृदय सब के उपयोग करेलन  जे साझा करे खातिर, काम करे खातिर, अउर सुने खातिर तैयार बाड़न। ई उनकर काम बा। उ बस हमनी के शामिल होखे के नेवता देत बाड़ें। साझा करे के एगो तरीका बा परमेश्वर के कहानी के एगो आसान तरीका से चित्र साझा कइल जवना के हमनी के थ्री सर्किल्स कहेनी जा। हमनी सब केहू बहुत टूटल अउर बिखरल दुनिया में रहत बानी जा। हमनी के दुख दरद के कहानी देखत-सुनत बानी जा, मौत, युद्ध, बेमारी अउर नशा के लत। ई हरेक जगह बा। बाकि ई परमेश्वर के मूल रचना नइखे। परमेश्वर के सही रचना एगो अइसन दुनिया बा जे प्रेम, आनन्द, एकता, अउर शांति से भरल होखे। जवना तरह से हम अपना के परमेश्वर के  मूल रचना से बाहर निकाल लेनी आ टूटल बिखरल हो गइनी बाइबिल एकरा पाप कहेली। पाप के मतलब बा कि परमेश्वर के राह छोड़ के आपन मन माफिक राह अपनावल। पाप हमनी के परमेश्वर से अलग कर देवेला। पाप हमनी के निराशा आ बिखराव में डाल देवेला। पाप हमनी के आत्मिक मौत के तरफ ले जाला। लोग निराशा आ बिखराव से बाहर निकलल चाहेलन। हमनी के कई गो तरीका अपनावेनी जा एकरा से बाहर निकले खातिर हमनी मे से कुछ लोग नशा अउर शराब के सहारा लेवेला। हमनी मे से कुछ लोग एकरा से बाहर निकले खातिर  बढ़िया नौकरी चाहे ढ़ेर सारा पईसा कमाए के सहारा लेवेला। हमनी मे से कुछ लोग सोचेलन कि कवनो रिश्ता एकरा से बाहर निकाली। कुछ लोग सोचेलन धरम एकरा से बाहर निकाली। हमरा बुझाला कि बढ़िया व्यवहार चाहे  दूसरा लोग के मदद कर के हमनी के आजादी मिली। असल में ई सभ में से कवनो चीज ठीक ना कर सकेला  निराशा अउर बिखराव के समस्या से। एइजा तक कि जब हमनी के लागेला कि हमनी एक पल खातिर एकरा से बाहर निकल गइनी, तऽ हमनी के ओही जगह पर लवट आवेनी जहँवा से शुरुआत भइल रहे। ई एगो जटील सच्चाई बा। अगर हमनी अबहियों,  निराशा आ बिखराव के जिनगी में बानी, जब जिनगी समाप्त हो जाला, तऽ बाइबिल कहेली हम हमेशा खातिर  परमेश्वर से अलग हो गइल बानी। बाइबिल उ जगह के नरक कहेली बाकि परमेश्वर कबो ना चाहेलन कि हमनी के निराशा आ बिखराव मे रहीं जा। बाइबिल कहेली कि परमेश्वर हमनी से अतना प्रेम कइलें कि ऊ आपन खुद के बेटा के भेज दिहलें हमनी खातिर राह तइयार करे ला। यीशु दुनिया में मिटावे अइलन  हमनी के पाप के अउर हमनी के निराशा आ बिखराव से बाहर निकाले खातिर बाकि कइसे? यीशु ई सब कइसे कर सकलन? यीशु एगो पवित्र जिनगी जीयत रहलें। यीशु ही एकमात्र अइसन आदमी रहलें जे कबो पाप ना कइलें। यीशु ही एकमात्र अइसन आदमी रहलें जे बनल रहलें, परमेश्वर के पूर्ण योजना में। फेरू यीशु आपन पवित्र जिनगी के बलिदान दिलहन  अउर हमार जगह ले लिहलें। उ क्रूस पर मुअलें हमनी के पाप के दाम चुकावे खातिर। एह से, परमेश्वर के बेटा यीशु आपन मौत से हमनी के पाप के मिटा दिहलें। तीन दिन के बाद यीशु के मौत अउर दफनवला के बाद। उ मरल में से जी उठलें आपन महान बलिदान के कारण। परमेश्वर, यीशु के हर चीज के राजा बनवलें स्वर्ग में अउर धरतियो पर। यीशु राजा निराशा अउर बिखराव से भरल जिनगी से बाहर निकले के राह बनवलें हमनी खातिर। परमेश्वर कहेलें कि अगर हमनी के पाप से मन फेरब जा अउर विश्वास करब कि यीशु हमनी खातिर मुअलन अउर नाम से बपतिस्मा लेत बाड़े पिता, पुत्र अउर पवित्र आत्मा के नाम से, तऽ

परमेश्वर हमनी के ठीक यीशु के जइसन उठावेलन, नया तरह के जिनगी में चले खातिर  हमेशा खातिर परमेश्वर के परिवार के हिस्सा के रूप में। फेरु हमनी निराश आ बिखरल दुनिया में ई नया जिनगी के नमूना बनेनीं अउर यीशु के लवटे के इन्तजार करेनी जब ऊ नया स्वर्ग अउर नया धरती बनइहें, जहँवा हमनी के उनका संगे हमेशा खातिर रह सकेनी पूर्ण संमपूर्णता में। परमेश्वर चाहेलन कि हमनी के आपन सम्बंध में बढ़ीं जा उनका संगे। परमेश्वर चाहेलन कि हमनी के फेरु से शामिल होखीं जा  उनकर असली आ परिपूर्ण योजना में अउर उनकर परिवार में हिस्सा बनीं जा। यीशु हमनी के एगो लक्ष्य देवेलें, जिनगी जीये के उद्देश्य, अउर सबसे बढ़िया जिनगी जीये के तरीका देवेलें। यीशु के हमनी खातिर एगो लक्ष्य बा कि हमनी के जाईं जा। यीशु हमनी के ओही तरह से भेजत बाड़ें जईसे उनकर पिता उनका के भेजलें। परमेश्वर उनका के निराश आ बिखरल दुनिया में भेजलें ताकि ऊ दुसरा लोगन के मदद कर सकसु। जवना से कि आजाद होके  परमेश्वर के परिवार के ओहु हमेशा खातिर हिस्सा बन सके। थ्री सर्किल्स के एह दुनिया में। खाली दू तरह के लोग होखेलन। उ लोग जे परमेश्वर के परिपूर्ण योजना के हिस्सा बाड़न। परमेश्वर के उद्धार योजना के जी रहल बाड़न। जुड़े में मदद करेला परमेश्वर के आपन परिवार में चाहे उ लोग जे अबहियों निराशा अउर बिखराव में बाड़न अउर आजाद होखे के कोशिश कर रहल बाड़न। अउर आशा कर रहल बाड़ें कि केहू उनका के बचाई। का रउरा के मालूम बा कि रउआ कहँवा बानी? का रउरा के मालूम बा कि रउआ कहँवा रहल चाहत बानी? परमेश्वर के कहानी साझा करे खातिर कई गो तरीका बा। जरूरी बात ई बा कि साझा करे के बा। परमेश्वर ओह हृदय सब के उपयोग करेलन जे साझा करे खातिर, काम करे खातिर, अउर सुने खातिर तैयार बाड़न। ई उनकर काम बा। उ बस हमनी के शामिल होखे के नेवता देत बाड़ें।

---

## समीक्षा

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल सिद्धान्त:**

- आत्मिक अर्थव्यवस्था
- दर्शन साझा कइल सबसे बड़ आशीर्वाद बा
- सुसमाचार

---

**अगिला कदम**

## आज्ञा मानल

आत्मिक अर्थव्यवस्था के सिद्धान्त के एगो दोस्त के साथे साझा करे के अभ्यास करीं अउर प्रभु से प्रार्थना करीं कि ऊ एकरा के राउर दिल आ आत्मा के भीतर गहिराई से बैठा देस। प्रभु से पूछीं कि उ केकरा से साझा करे के चाहत बाड़े।

## साझा कइल

परमेश्वर से पूछीं कि उ रउआ से कवन आदमी से सबसे बड़ आशीष के बारे में साझा करे चाहत बाड़न। उ लोग से भी एकर अभ्यास करा लीं। ओह व्यक्ति के नाम समूह से साझा करीं, ताकि रउआ ओह लोग से संपर्क करे खातिर जा सकीं।

---

ZÚME

सत्र 7

## चेक-इन

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **1116**

## प्रार्थना

**(5 मिनट)**

अपना समूह के हर सदस्य खातिर प्रार्थना करीं कि ऊ यीशु के पीछे चले के आशीष के अनुभव कर सके, अउर दूसरन के यीशु के पीछे चले खातिर अगुवाई करे, अउर दूसरा के नया आत्मिक परिवार शुरू करे खातिर तइयार करे के आशीष के अनुभव करे।

## पीछे मुड़ के देखीं
**(5 मिनट)**

शुरूआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन
**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के अपना टूलकिट में से एह टूल के अभ्यास करब जा:**

- सुसमाचार के साझा कइल

## गतिविधि
**(50 मिनट)**

**सुसमाचार के साझा करे के अभ्यास करीं**

- दू-तीन लोग के समूह में बँट के एक दूसरा के परमेश्वर के कहानी सुनावे के अभ्यास करीं।
- अभ्यास कइला के बाद स्विच कर लीं। बेर-बेर करे से आत्मविश्वास बढ़ी। जइसे-जइसे रउआ सत्र समाप्त करब, रउवा परमेश्वर के कहानी साझा करे खातिर तैयार हो जाईब।

## समीक्षा
**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल टूल:**

- सुसमाचार के साझा कइल

## अगिला कदम

**आज्ञा मानल**

परमेश्वर से पूछीं कि उ रउरा के केकरा सृष्टि से न्याय तक के कहानी के (या परमेश्वर के कहानी के साझा करे के कवनो दोसर तरीका) सिखावे ला चाहेलन। जाए से पहिले एह व्यक्ति के नाम समूह के साथ साझा करीं अउर फेरू उनका से संपर्क करीं।

**साझा कइल**

ई सप्ताह परमेश्वर के कहानी के अभ्यास करीं, अउर फेरू ओकरा के अपना 100 गो के सूची में से कम से कम एगो आदमी के साझा करीं, जेकरा के रउआ "अविश्वासी" चाहे "अनजान" के रूप में चिन्हित कइले बानी।

ZÚME

सत्र 8

**चेक-इन**

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **5431**

**प्रार्थना**

**(5 मिनट)**

प्रार्थना करीं अउर परमेश्वर के धन्यवाद दीं कि उ हमनी के आपन सुसमाचार दूसरा के साझा करे खातिर आमंत्रित करेलन। उनकरा से कहीं कि उ राउर समूह के हर सदस्य के मसीह के मन देस — अउर हरेक के अपना आत्मा से भरस।

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरुआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह टूल के अपना टूलकिट में जोड़ब जा:**

- बपतिस्मा
- तीन मिनट के गवाही

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**बपतिस्मा**

जूम टूलकिट बपतिस्मा यीशु कहलें: जाईं, जाके सब जाति के लोगन के चेला बनाईं, उनकरा के बपतिस्मा दीं पिता, पुत्र अउर पवित्र आत्मा के नाम से बपतिस्मा दीं ...” मूल भाषा में बपतिजो - बपतिस्मा दीं - मतलब कि पानी में भींगाईं चाहे डूबाईं - जइसे कि जब रउवां कपड़ा के रंगेनी आ ऊ रंग में रंगा जाला जईसे ओकर रूप बदल जाला बपतिस्मा हमनी के नया जिनगी के तस्वीर बा, प्रभु यीशु के छवि में रंगा गइल, परमेश्वर के आज्ञाकारिता में बदल गइल। ई पाप खातिर हमनी के मुअला के तस्वीर हऽ, एकदम ओइसहीं, जइसे प्रभु यीशु मसीह हमनी के पाप खातिर मर गइलन; हमनी के पुरान जिनगी के तरिका के दफनावल गइल बा, एकदम ओइसहीं जइसे प्रभु यीशु मसीह के दफनावल गइल रहे; एगो नया जिनगी खातिर मसीह में नया जनम, एकदम ओइसही जइसे यीशु जी उठल रहलें अउर आजो जिन्दा बाड़ें। अगर रउवां पहिले कबो केहू के बपतिस्मा ना दिहले बानी, हो सकेला कि ई डरावना लागे बाकि अइसन ना होखे के चाहीं। एइजा कुछ आसान तरीका बतावल गईल बा। ठहरल पानी के खोज करीं, एतना गहिरा कि नया चेला के डूबे भर पानी होखे ई पोखरा, नदी, झील चाहे समुंदर हो सकेला। ई बाथटब में हो सकेला चाहे पानी बटोरे के कवनो दोसर तरीका से। रउवां चेला के आपन एगो हाथ पकड़े दीं दोसरा हाथ से पीठ के सहारा दीं. एह तरह के दू गो सवाल पूछीं एह बात के पक्का करीं कि ऊ आपन फैसला के ठीक से समझत बाड़ें। “का रउवां यीशु मसीह के आपन प्रभु अउर उद्धारकर्ता के रूप में ग्रहण कइले बानी?” “का रउआ उनका के राजा मान के उनकर आज्ञा के मानब अउर उनकर सेवा करब जिनगी भर खातिर?” अगर ऊ लोग दुनु सवाल के जवाब “हाँ” में देबेलन, तऽ कुछ एह तरह कहीं : “काहेंकि रउआ, प्रभु यीशु में आपन विश्वास के कबूल कईले बानी, हम अब रउरा के बपतिस्मा देत बानी पिता, पुत्र अउर पवित्र आत्मा के नाम से।” उनका के पानी में नीचे उतरे में मदद करीं, पूरा तरह से डूबकी लगवा के वापस ऊपर उठाईं। रउआ, यीशु के एगो नया अनुयायी के बपतिस्मा दिहले बानी - स्वर्ग के एगो नया नागरिक - जीवित परमेश्वर के एगो नया संतान। आईं हमनी के जश्न मनाईं जा ! बपतिस्मा - पहिला संस्कार जवन यीशु अपना अनुयायी लोगन के दिहले रहलन जूम टूलकिट के ई बुनियाद हऽ।

## चर्चा

**(10 मिनट)**

- का रउवां कबो केहू से बपतिस्मा लेले बानी?
- का रउआ एकरा पर विचार तक करब?
- अगर महान आज्ञा यीशु के हर अनुयायी खातिर बा, तऽ का एकर मतलब बा कि हर अनुयायी दूसरा के बपतिस्मा देवे के अधिकार राखेला? काहे चाहे काहे ना?

**महत्वपूर्ण याद दिलावत बानी – का रउआ बपतिस्मा लेले बानी?**

अगर ना तऽ हम रउरा के ई योजना बनावे खातिर प्रेरित करेनी, एकरा से पहिले कि ई प्रशिक्षण के एगो अउरी सत्र भी होखे। अपना समूह के एह महत्वपूर्ण दिन के हिस्सा बने खातिर आमंत्रित करीं, जब रउवां यीशु के "हाँ" कहे के जश्न मनावेनी।

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**तीन मिनट के गवाही**

जूम टूलकिट तीन मिनट के गवाही यीशु आपन चेला लोग से कहलन - "तू लोग ई सभ बात के गवाह बाड़ऽ।" यीशु के चेला होखे के नाते, हमनी के एह बातन के “गवाह” बानी जा, प्रभु यीशु हमनी के जिनगी पर जवन असर डालले बाड़ें, ओह बारे में “गवाही” देब। परमेश्वर से राउर "तोहर" )(रिश्ता के कहानी एह के राउर गवाही कहल जाला। हर केहू के एगो कहानी होखेला। ई रउरा खातिर अभ्यास करे के मौका बा। अभ्यास करे खातिर एक दू गो अनुयायी के चुनीं ओकरा बाद अपना 100 गो के सूची में से 5 गो नाम के चुनीं। ई पक्का करीं कि रउवां सही वर्ग के लोगन के चुनत बानी “गैर-मसीही” चाहे “आत्मिक स्थिति से अनजान।” आपन गवाही के अभ्यास करीं - यीशु से जुड़ल राउर कहानी से - आपन साथी संगे अभिनय करत अभ्यास करीं राउर सूची में से चुनल गइल पांच लोगन में से एगो के चुनीं। आपन कहानी के खास बनावे खातिर ओकरा के आकार देबे के अभ्यास करीं पांचो में से हरेक के खातिर। रउरा के आपन कहानी के छोटहन रूप में साझा करे में सक्षम होखे के चाहीं करीब तीन मिनट में। राउर कहानी के बनावे के अनगिनत तरीका बा, बाकि एइजा कुछ तरीका दिहल गइल बा जे हमनी के दूसरा साथे बढ़िया तरह से काम करत देखले बानी जा: रउवां एगो आसान बयान साझा कर सकेनी? रउवां यीशु के पीछे चले खातिर काहे फैसला कइनी। ई बात नया विश्वासी खातिर बढ़िया से काम करेला। रउवां आपन “पहिले” के अउर “बाद” के कहानी साझा कर सकेनी - प्रभु यीशु के जानला से पहिले राउर जिनगी कईसन रहे? अब राउर जिनिगी कइसन बा। साधारण अउर असरदार। रउवां आपन “साथे” अउर “बिना” कहानी लोगन के साझा कर सकेनीं राउर जिनगी “यीशु के साथे” कइसन बा “उनका बिना” ई कइसन होखी। राउर कहानी के ई तरीका बढ़िया से काम करेला अगर रउवां कम उमिर में विश्वास में आइल बानी। जब रउवां साझा कइल खतम कर लेब, अब अपना साथे अभ्यास करे वाला दोसर साथी के अभ्यास करे दीं। जबले रउरा दुनु जने आपन पाँचो काम के पूरा ना कर लेब तबले आगे पीछे चलत रहीं। का रउवां एकरा से भी जादा असर डालल चाहत बानी? जब रउवां आपन कहानी के साझा करत बानी, एकरा के तीन भाग वाला प्रक्रिया के हिस्सा के रूप में सोचल सहायक होखी: उनकर कहानी - जवना आदमी से रउवां बात करत बानी ओकरा से पुछीं कि का उ एह बारे में बता सकेलन उनकर आत्मिक यात्रा के बारे में। राउर कहानी - . फेरु उनकर अनुभव पर आधारित आपन गवाही के साझा करीं। परमेश्वर के कहानी - आखिर में परमेश्वर के कहानी बताईं एह तरह से जे उनकर सोच विचार से जुड़

सके, मूल्य अउर प्राथमिकता। अगर रउरा (तोहके) के एह बात के चिंता बा कि कइसे शुरूआत कइल जाव - एकरा के सरल राखीं। बस ई बयान साझा करीं कि रउवां यीशु के पीछे चले के फैसला काहे कइनी। परमेश्वर राउर कहानी के इस्तेमाल दुसर लोगन के जिनगी के बदले खातिर कर सकेलन, बाकि याद राखीं - रउआ के ई बतावे के पड़ी। गवाही - रउरा खातिर तीन मिनट जूम टूलकिट में एगो अउरी आसान टूल बा।

## गतिविधि

**(30 मिनट)**

**आपन गवाही साझा करे के अभ्यास करीं**

- आपन कहानी लिखे पर काम करीं अउर एकरा खाली तीन मिनट तक सीमित राखीं। (10 मिनट)
- दू से तीन लोग के समूह में बँट के साझा करे के अभ्यास करीं। (20 मिनट)

**तीन मूल तरह के गवाही**

राउर कहानी के आकार देवे के अनगीनत तरीका बा, बाकि एइजा कुछ तरीका दिहल गइल बा जवन हमनी के देखनी कि बढ़िया से काम करेला:

- एगो साधारण बयान - रउआ एगो साधारण बयान साझा कर सकेनी कि रउआ यीशु के पीछे चले के फैसला काहे कइनी। ई तरीका नया विश्वास करे वाला लोग खातिर बहुत बढ़िया काम करेला।
- पहिले अउर बाद में - रउआ आपन "पहिले" अउर "बाद" के कहानी साझा कर सकत बानी - यीशु के जाने से पहिले राउर जिनगी कईसन रहे अउर अब राउर जिनगी कईसन बा। ई तरीका साधारण आ असरदार बा।
- उनका संगे अउर उनकरा बिना - रउआ अपना "संगे" अउर अपना "बिना" कहानी साझा कर सकत बानी - "यीशु के संगे" राउर जिनगी कईसन बा अउर "उनका बिना" राउर जिनगी कईसन होई। राउर ई कहानी तब विशेष रूप से काम करेला जब रउआ कम उमिर में विश्वास में आइल होखब।

**राउर गवाही साझा करे के तीन गो हिस्सा**

आपन कहानी साझा करत घरी एकरा के तीन हिस्सा वाला प्रक्रिया के हिस्सा के रूप में सोचल सहायक होई:

- उनकर कहानी - जवना व्यक्ति से रउआ बात कर रहल बानी ओकरा से उनकर आत्मिक यात्रा के बारे में साझा करे खातिर कहीं।
- राउर कहानी - फेरु उनकर अनुभव के अनुसार आपन गवाही के साझा करीं।
- परमेश्वर के कहानी – आखिर में परमेश्वर के कहानी के अइसन तरीका से साझा करीं कि ऊ ओह लोग के नजरिया, मूल्य आ प्राथमिकता से जुड़ सके।

जरूरी नइखे कि राउर गवाही लंबा चाहे बहुते विवरण साझा करे वाला होखे बाकि ई असरदार हो सकेला। दरअसल, आपन कहानी के लगभग 3-मिनट मे बतावल बेहतर बा ताकि सवालन अउर गहिर बातचीत खातिर समय बच सके। अगर रउरा के शुरूआत करे में परेशानी हो रहल बा तऽ एकरा के सरल राखीं। परमेश्वर राउर कहानी के जरिए जिनगी के बदल सकेलें, बाकि याद राखीं - एकरा के बतावे के मौका रउरा लगे बा।

## समीक्षा

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल टूल:**

- बपतिस्मा
- तीन मिनट के गवाही

---

**अगिला कदम**

## आज्ञा मानल

अगर रउआ केहू अइसन के जानत बानी जे यीशु के पीछे चलेलन बाकि उ बपतिस्मा नइखे लेले बा, तऽ उनकरा के बपतिस्मा लेवे के चुनौती दीं अउर उनका बपतिस्मा देवे के पेशकश करीं। ना तऽ कवनो दोस्त के संगे एह कौशल के अभ्यास करीं।

## साझा कइल

प्रभु से पूछीं कि उ रउआ से कवन आदमी से बपतिस्मा के बारे में साझा करे के चाहत बाड़ें आ बपतिस्मा कइसे करे के बा। उ लोग से भी एकर अभ्यास करा लीं। जाए से पहिले ओह आदमी के नाम समूह से साझा करीं आ अगिला सत्र से पहिले ओह लोग से संपर्क करीं।

---

ZÚME

सत्र 9

## चेक-इन

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **8768**

## प्रार्थना

**(5 मिनट)**

प्रार्थना करीं अउर परमेश्वर के धन्यवाद दीं कि हमनी के मसीह के मौत, दफन, अउर पुनरुत्थान के साथे एकता के वरदान मिलल बा। परमेश्वर के पवित्र आत्मा से प्रार्थना करीं कि उ हमनी के समय के एक साथ अगुवाई करस।

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरुआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के अपना टूलकिट में से एह टूल के अभ्यास करब जा:**

- तीन मिनट के गवाही

## गतिविधि (50 मिनट)

**आपन गवाही साझा करीं**

- तीन में से दू लोग के समूह में बँट के आपन तीन मिनट के गवाही साझा करे के अभ्यास करीं।
- अपना 100 लोग के सूची में से 5 लोग के चुनीं, कवनो आदमी ओह पांच लोग में से हर एक के रूप में नाटक करे खातिर कहीं, अउर आपन गवाही के अभ्यास अइसन तरीका से करीं कि ओह विशेष व्यक्ति खातिर समझ में आई।
- अभ्यास कइला के बाद स्विच कर लीं। कवनो दोसरा के सूची से पांच लोगन के रूप में नाटक करीं. जब तक रउवा काम पूरा करब रउआ के आपन गवाही लगभग 3 मिनट में चाहे ओकरा से कम समय में बतावे में सक्षम होखे के चाहीं।

दोहराव से आत्मविश्वास बढ़ेला।

## समीक्षा

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में अभ्यास कइल गइल टूल:**

- तीन मिनट के गवाही

### अगिला कदम

**आज्ञा मानल**

ई सप्ताह आपन गवाही के अभ्यास करीं, आ फेरु अपना 100 लोगन के सूची से कम से कम एगो आदमी से साझा करीं जवना के रउआ "अविश्वासी" चाहे "अनजान" के रूप में चिन्हित कइले बानी।

**साझा कइल**

परमेश्वर से पूछीं कि उ केकरा के तीन मिनट के गवाही के टूल से प्रशिक्षित करे के चाहत बाड़े, । जाए से पहिले एह व्यक्ति के नाम समूह में साझा करीं।

---

**महत्वपूर्ण याद दिलावत बानी - राउर समूह अगिला सत्र में प्रभु भोज मनावत होई। देवे खातिर (रोटी अउर दाखरस/सरबत) के जरूर याद राखीं।**

---

ZÚME

सत्र 10

## चेक-इन

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **2347**

## प्रार्थना

**(5 मिनट)**

प्रार्थना करीं अउर परमेश्वर के धन्यवाद दीं कि उ हमनी के गवाही के जरिए कइसे काम करेलन अउर उनकर पवित्र आत्मा से प्रार्थना करीं कि उ हमनी के समय के एक साथ अगुवाई करस।

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरुआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह सिद्धान्त सभ के सुनब जा अउर चर्चा करब जा:**

- बत्तख के बच्चा के चेलापन
- देखे खातिर आँख हो कि परमेशवर के राज्य कहँवा नइखे

**आ हमनी के एह टूल के अपना टूलकिट में जोड़ब जा:**

- प्रभु भोज

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**बत्तख के बच्चा के चेलापन**

जूमे शिक्षा दिहला पर फेर से स्वागत बा।

एह भाग में हमनी के सिखल जाई कि कईसे बत्तख के बच्चा बस केवल तइरल सिखत होखस हमनी के मदद क सकत बा। चेला बनावे के दूगो खास नियम समझे में,

का कबो रऊवा बत्तख के बच्चन के बाहरा घूमत देखले बानी?

चाहे रऊवा दुनिया के केवनों जगह में होखी, हरमेशा एक ही जईसन देखाई देलन।

एक बत्तख माई अगुवाई करे ली अऊर उनकर बच्चा उनकरा पीछे-पीछे चले लन, एगो-एगो क के सगरी एगो कत्तार में, माई बत्तख आगे चले ली,

छोट बत्तख पीछे चले लन,

पर जदी रऊवा करीब से देखी, रऊवा देखब कि कुछ अऊर भी हो रहल बा, हर एगो छोट बत्तख एक ही समय में दूगो काम क रहल बाड़न,

हर एगो छोट बत्तख विश्वासी बाड़न, काहे से कि उ माई बत्तख के नकल क रहल बाड़न या एगो अऊर केवनो बत्तख के जेवन ठीक उनकरा आगे चल रहल बाड़न!

अऊर एक ही समय

हर एगो छोट बत्तख खुद के नेता बाड़न, काहे से कि उ बत्तख के बच्चन के अगुवाई क रहल बाड़ी (या बत्तख के चुजन के) जेवन उनकरा ठीक पीछे चल रहल बाड़न,

त का एगो बत्तख के चुजा (बच्चा) विश्वासी बाड़न या नेता?

इ दूनो बाड़न,

एह खातीर घुमे निकलल बत्तख के बहुते रिश्ता बा चेला बनावे से,

परमेश्वर चाहत बाड़न कि उनकर परिवार दूरा - बहुत दूरा बढ़स, एह खातीर उ चाहत करत बाड़न कि हर एगो विश्वासी से नेता बनला के, हर एगो विश्वासी मेल-मिलाप करे वाला होखस अऊर हर एगो चेला, चेला बनावे वाला होखस एक ही समय पर।

एगो जाल जेवना में हमनी के फसी ली जा चेला अऊर चेला बनावला के रूप में उ बा इ झूठा विश्वासी कि हमरा के सगरी कुछ जानला के जरूरत बा या बहुते बात जानला के जरूरत बा, एकरा से पहिले कि हमनी के कुछु मेल-मिलाप क सकी जा,

बाकी चेलहाई एक तरीका से काम ना करेला,

चेला बत्तख के बच्चन के जईसन होखे ला, नेता बने खातीर उनकरा के सगरी कुछ जानला के जरूरत नइखे, उनकरा के बस एक कदम आगे चले के बा,

परमेश्वर चाहत बाड़न कि उनकर परिवार ईमानदारी में आगे बढ़े। एह खातीर उ चाहत करत बाड़न कि हर एगो नेता विश्वासी होखस। हर एगो मेल-मिलाप करे वाला विश्वासी होखस, अऊर हर एगो चेला बनावे वाला एगो चेला होखस एक ही समय पर,

एगो अऊर जाल जेवना में हमनी के फसी ली जा, चेला अऊर चेला बनावला के रूप में, इ झूठ विश्वास कि केहू कही सगरी कुछ जानत बाड़न, अऊर जदी हमनी के उनकरा के खोजी जा अऊर उनकरा पीछे चली जा फेर हमनी के सेट बा,

बाकी एह तरीका भी चेलहाई के काम ना करे ला।

परमेश्वर के राज में केवल एक ही माई बत्तख बाड़न जेकर हमनी के सगरी नकल करी ली जा अऊर उ बाड़न प्रभु यीशु मसीह,

केवनो संस्था ना, केवनो पास्टर ना, केवनो सेमीनार के अगुवा ना, केवल प्रभु यीशु ही हमनी के विश्वास के सगरी मात्रा में हकदार बाड़न,

बाकी के हमनी के सगरी काम में बानी जा,

हरमेशा केवनो न केवनो प्रभु यीशु के करीब होई जेकरा पीछे हमनी के चल सकत बानी जा अऊर केहू बहुत दूर होई जेकर हमनी के अगुवाई क सकत बानी जा, बाकी चाहे हमनी के समय केवनो होखे बाकी हमनी के आंख, हमनी के हृदय,

हरमेशा सगरी तरीका से प्रभु यीशु पर लागल रहे के चाही,

बाइबल में पौलुस जेवन नया नियम के सबसे अधिका भाग लिखले बाड़न, अऊर उहे बहुते पहिला कलीसिया शुरू कईलन,

उ बस दूना लिखलन हमरा पीछे चल, उ लिखलन, हमरा पीछे चल जइसे हम प्रभु यीशु के पीछे चलत बानी,

पौलुस उ जानत रहलन, जेवन हर एगो जगह पर बत्तख के बच्चा जानत बाड़न, अऊर जेकरा के हर एगो चेलन के जानला के जरूरत बा, परमेश्वर के राज में हर एगो नेता के एगो नकल करे वाला के जरूरत बा, अऊर हमनी के सगरी प्रभु यीशु के नकल करे ली जा,

बाइबल में पौलुस इ हो लिखलन -

"जेवन बात तू बहुते गवाहन के सामने हमरा से सुनल ह ओकरा के विश्वासी मनुष्य के दे द जेवन दूसरा के भी सिखावे के जोग होखस"

पौलुस उ जानत रहलन जेवन सगरी जगह के बत्तख के बच्चा (चूजा) जानत होखस अऊर जेकरा के हर एगो चेला के जानला के जरूरत बा, परमेश्वर के राज में हर एगो विश्वासी के नेता होखला के जरूरत बा, हमनी के (सगरी लोग के) प्रभु यीशु के जईसन अगुवाई करे के चाही, दूसरा के खातीर आपन जीवन बलिदान क के,

जदी रऊवा परमेश्वर के परिवार के दूरा तक बढ़ल देखत चाहत बानी अऊर विश्वास में बढ़ल तब चेला बनावे के बारे में सोची बत्तख के बच्चा (चूजा) के जईसन, बन जाई विश्वासी अऊर नेता एक ही समय पर।

## चर्चा

**(10 मिनट)**

- चेलापन के कवन एगो क्षेत्र (बाइबिल के पढ़ल/समझल, प्रार्थना कइल, परमेश्वर के कहानी साझा कइल आदि) बा जवना के बारे में रउआ अउरी जानल चाहत बानी? अइसन के बा जे रउरा के ई सीखे में मदद कर सकेला?
- चेलापन के कवन एगो क्षेत्र बा जवना के दूसरा के साझा कर सकत बानी? अइसन के बा जेकरा रउआ साझा कर सकेनीं?

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**देखे खातिर आँख हो कि परमेशवर के राज्य कहँवा नइखे**

एह भाग में, हमनी के सिखे के कि दूरा तक अऊर तेजी से कइसे बढ़े ली जा, जब उ देखे शुरू क देलन कि परमेश्वर के राज कहवा नइखे,

आदमी के रुप में, हमनी के ओह चीजन के सोची ली जा, धियान देई ली जा, अऊर उनकरा खातीर काम करे ली जा। जेवना तरीका से चीज बा ओकरा के हमनी के सही कहे ली जा बाकी जब हमनी के ओह चीज पर ध्यान देई ली जा जेकरा के हमनी के नइखी जा देख सकत, त राज तेजी से बढ़ेला। चीज जेवन उहवा नइखे। या अब ले उहवा नइखे।

हमनी के आस-पास अइसन जगह बा जहवा परमेश्वर के इच्छा ओह तरीका से पूरा ना होखे ला जइसे सरग में होखे ला - बड़हन खाली जगह, जहवा खंडहर, दरद, दुःख अऊर मरल आम तौर से रोज-रोज के जीवन के हिस्सा बा।

हर एगो चेला - प्रभु यीशु के हर एगो विश्वासी के - इ देखल जरुरी बा कि परमेश्वर क राज कहवा बा अऊर कहवा नइखे।

राज के काम - खाली जगह अऊर अन्हार जगह में घसल अऊर गहीरा गड़हा के भरल आउर धरती पर अपना समय के समय उजियार अऊर जीवन ले आवे के बारे में बा।

दूगो तरीका से हमनी के देख सकत बानी जा कि परमेश्वर के राज कहवा नइखे - जेकरा के हमनी के जानत बानी जा अऊर जेकरा से हमनी के अब ले नइखी जा मिलल।

पहिला तरीका बा जेकरा के हमनी के पहिले से जानत बानी जा, उनकरा जरिये, दोस्त, परिवार, संगे काम करे वाला, संगे पढ़े वाला, अऊर पड़ोसी के संगे हमनी के रिस्ता।

एह तरीका से परमेश्वर के कहानी सबसे तजी से आगे बढ़े ला। हमनी के लोगन से प्रेम करे ली जा अऊर उनकर चिंता करे ली जा काहे से कि हमनी के पहिले से ही उनकरा के जानत बानी जा। इ सही बा।

प्रभु यीशु एगो स्वार्थी (खुद के फायदा) धनी आदमी के कहानी बतवलन,-जेवन जीवन में घमंडी रहलन बाकी अब उनकरा के नरक में दुःख मिल रहल बा। धनी आदमी विनती कइलन - "लाजर के हमरा पिता घर में भेज देई। उनकरा के हमार पांच गो भाईयन के सजग करावे खातीर कहलन, ताकि उ एह खतरनाक जगह पर ना पहुंचस।"

प्रभु यीशु हमनी के देखवलन कि स्वार्थी (लालची) अऊर दुःख उठावे वाला लोग भी आपन करीबी लोगन से कइसे प्रेम करेलन अऊर उनकर चिंता करे लन।

जेवन लोग के हमनी के जानत बानी जा उ हमनी के जीवन में एह खातीर बाड़न काहे से कि परमेश्वर हमनी से प्रेम करे लन अऊर उ चाहत बाड़न कि हमनी के उनकरा से प्रेम करी जा, प्रेम, धीरज अऊर मजबुती के संगे हमनो के ओह रिश्ता के बचावे वाला होखे के चाही।

चेला तब बढ़ेलन जब उ अपना आस-पास परमेश्वर के जरिये रखल गइल लोगन के चिंता करे लन अऊर एह बारे में कुछ करे खातीर उनकरा लगे योजना बा।

रउवा उनकर देखभाल के बढ़ावे में मदद क सकत बानी अऊर कुछ तरीका से बढ़ला के एगो आसान योजना बना सकत बानी।

एह तरीका से - 100 लोगन के सूची बनाईं जेकरा के पहिले से जानत बानी। ओह सूची के तीन भाग में बाटी :

· जेवन लोग प्रभु यीशु के चेला बाड़न।

· जेवन लोग प्रभु यीशु के चेला नईखन।

· जेकरा बारे में सही नईखन जानत कि उ चेला बाड़न कि ना।

विश्वासियन के अऊर भी अधिका फल देबे वाला अऊर विश्वास के जोग के खातीर चेला उनके तइयार क सकत बानी अऊर साहसी बना सकत बानी।

जेवन लोग विश्वासी नइखन, उनकरा खातीर - चेला सिख सकत बाड़न कि उनकर के प्रेम करे वाला परमेश्वर के बारे में कइसे बतावस।

जेकरा बारे में उ सही नइखन - चेला उनकरा संगे आपन अधिका समय बितावस अऊर उनकरा बारे में अऊर अधिका जानस।

जेकरा से हमनी के नइखी जा मिलल ओह लोग में हमनी के देखी ली जा कि परमेश्वर के राज कही नइखे।

हमनी के रिश्ता से बाहरा भी लोग बाड़न - उ लोग जेकरा के हमनी के नइखी जा जानत पड़ोसी जेकरा से “नमस्ते” से अधिका हमनी के कुछु नइखी जा कहले, धंधा करे वाला अऊर महिला जेकरा के हमनी के सड़क पर देखी ली जा, हर गांव, नगर या शहर में अनजान, जेकरा से हमनी के अब ले नइखी जा मिलल।

प्रभु यीशु कहले बाड़न - सगरी देश के चेला बनाव।

प्रभु यीशु कहले बाड़न - यरुशलेम, यहूदा, सामरिया, धरती के कोना तक तु हमरा नाम के गवाह रहब।

जेवना लोग के हमनी के जानत बानी जा उनकरा के बतावला से परमेश्वर के कहानी बहुते तेजी से आगे बढ़ी।

जेवना लोग के हमनी के नइखी जा जानत उनकरा के बतावला से परमेश्वर के कहानी दूरा तक पहुंची।

जेकरा के हमनी के नइखी जा जानत उनकरा से हमनी के प्रेम करी जा, अऊर उनकर चिंता करी जा, त इ आसान नइखे, बल्कि कठीन बा अऊर इ हमनी के जीवन में पवित्र आत्मा के साबुत बा।

छोट, आखिरी अऊर भूलाइल परमेश्वर के निमन लोग बाड़न। उनकरा खातीर उ बेर-बेर आपन हृदय उड़ेले लन।

जदी हमनी के परमेश्वर के जईसन बने के बा, त हमनी के उनकरा में आपन जीवन लगावला के जरूरत बा।

परमेश्वर हमनी के जाये के आदेश देले बाड़न। अऊर हमनी के केवल करीब के लोगन तक नाही बल्कि ओह लोगन तक भी पहुंचे के बा जेवन दुनिया के धार्मिक अन्हार वाला हिस्सा में रहत बाड़न - अइसन लोग जेवन लोग कबो प्रभु यीशु के नाम तक नइखन सुनले।

परमेश्वर के वचन कहत बा - परमेश्वर घमण्डी के खिलाफ करे लन बाकी दीन पर दया करे लन।

प्रभु यीशु के चेला के रूप में हमनी के जरूर ही-दीन, निराश अऊर भुलाईल लोगन पर दया करे के चाही जइसे उ हमनी पर दया करे लन।

चेला तब बढ़े लन जब उ ओह लोगन के बारे में चिंता करे लन जेकरा के परमेश्वर उनकरा जीवन में रखले बाड़न।

चेला तब अऊर अधिका आगे बढ़े लन जब उ ओह लोगन के चिंता करे लन जेकरा के परमेश्वर उनकरा करीब नईखन रखले बाकी फिर भी उनकरा के एगो योजना बनावे के जरूरत बा।

राऊर दूसरा के बारे में चिंता कइला के जरिये एगो चेला के बदला में मदद क सकत बानी अऊर एकरा खातीर आसान योजना भी बना सकत बानी - उनकरा के शिक्षा दिहला के जरिये, ओह लोगन के खोजे के खातीर जेकरा के सुने खातीर परमेश्वर पहिले से तइयार क के रखले बाड़न।

प्रभु यीशु कहले बाड़न - जब तु केवनो घर में जा त कहिह - परमेश्वर एह घर में शान्ति देस जदी उहवा पर रहे वाला लोग शान्ति वाला बाड़न, त तोहार प्रार्थना से उनकरा के शान्ति अऊर आर्शिवाद मिली। वरन तोहार प्रार्थना तोहरा लगे लऊट आई।

हमनी के ओह व्यक्ति के बोलाईं ली जा जेकरा के परमेश्वर पहिले से तइयार कइले बाड़न-शांति के व्यक्ति - जेवन परमेश्वर के समाचार के खातीर जिम्मेदार बाड़न अऊर आदेश मानल तथा दूसरा के बतावल, बाटे में विश्वास जोग बाड़न।

जहवा हमनी के कुछु लोगन के जानत बानी जा, उहवा आपन दोस्त, परिवार, संगे काम करे वाला, संगे पढ़े वाला अऊर पड़ोसी के एके बाटला के बजाय, हमनी के शांति के व्यक्ति के शिक्षा देईं ली जा कि ओकरा के दूसरा तक कइसे पहुंचावे के बा।

बाकी सबसे बढ़िया फल तब मिले ला जब हमनी के विश्वास जोग होखला पर धियान देईं ली जा याद रखी परमेश्वर के आदेश माने अऊर एकरा के दूसरा के बतावला के जरिये विश्वास जोग होखल देखाई देला।

विश्वास जोग लोग - आदेश माने लन, अऊर एकरा के दूसरा तक बाटे लन, उ बढ़िया जमीन के जईसन बाड़न जेकरा बारे में प्रभु यीशु बतवलन।

प्रभु यीशु कहले बाड़न कि - कुछ बीया बढ़िया जमीन पर गिरल, जेकरा से तीस गुना, साठ गुना या सौ गुना फल आइल।

· विश्वास जोग लोगन के लगे कठोर हृदय ना होला जेवन परमेश्वर के वचन के नकार देस।

· जब उनकरा पर सताव (दुःख) होखे ला या जब कठीन समय आवे ला, त विश्वास जोग लोग पीछे ना हटे लन।

· विश्वास जोग लोग एह दुनिया के चिंता या नाश हो जाये वाला धन के जरिये आपन धियान भटके ना देलन।

· विश्वास जोग लोग गिरा सेनियो के देश में शैतान (भूत) स भरल ओह व्यक्ति के जईसन बाड़न जेवन आदेश मनलन अऊर प्रभु यीशु उनकरा के जेवन देख ले रहलन ओकरा के दूसरा के बतवलन।

एगो विश्वास जोग व्यक्ति जे आदेश मनलन अऊर ओके दूसरा से बतवलन, उ बहुते लोगन के पइदा कइलन जेवन प्रभु यीशु के अऊर अधिका जानल चाहत रहलन।

आपन आँख खोल के दूरा देखला से कि राज कहंवा पर नइखे आउर जेकरा के हम जानत बानी उनकरा जरिये बिना जान पहचान के लोगन तक पहुंचला से - चेला बढ़े लन अऊर परमेश्वर के राज तेजी से दूरा तक फइले ला।

---

## चर्चा
**(10 मिनट)**

- रउआ केकरा साथे साझा करे में ज्यादा आरामदायक महसूस करेनी -- अइसन लोग जेकरा के रउरा पहिले से जानत बानी कि ओह लोगन के साथ जेकरा से रउआ अबहीं ले नइखीं मिलल?
- रउरा का लागत बा कि अइसन काहे बा?
- जवना लोग से रउरा कम सहज बानी ओह लोग से साझा करे में रउरा कइसे बेहतर हो सकीलें?

---

## पढ़ी
**(5 मिनट)**

**प्रभु भोज**

जूम टूलकिट प्रभु भोज यीशु कहलें - “जिनगी के रोटी जवन स्वर्ग से उतरल, हम हईं। अगर केहू एह रोटी में से खाई तऽ हमेशा खातिर जिंदा रही। ई रोटी हमार मांस हऽ, अउर जवन रोटी हम दुनिया के जिनगी खातिर देब।” “प्रभु भोज कर विधि” ई हमनी के गहिर जुड़ाव खातिर जश्न मनावे के एगो तरीका हऽ प्रभु यीशु के साथे निरंतर संबंध बनवले राखीं। एइजा जश्न मनावे के एगो आसान तरीका ई बा कि — जब रउवां लोगिन यीशु के अनुयायी के रूप में इकट्ठा होखेनी जा, तऽ शांति से ध्यान लगाके कुछ

समय बिताईं, चुपचाप मने मन आपन पाप सब पर विचार करीं अउर कबूल करीं। कबनो आदमी पवित्रशास्त्र से ई भाग के पढ़ीं -- “काहेंकि ई बात हमरा प्रभु से पहुंचल, अउर हम रउरा के भी पहुंचा देनी, कि प्रभु यीशु, जवन रात उ पकड़वावल गइलें, रोटी लिहलें, अउर धन्यवाद दिहलें ओकरा तोड़लन, अउर कहलन, "ई हमार देह हऽ, जवन रउरा खातिर बा, हमार याद खातिर एही करल करीं।" (1 कुरिन्थियों 11:23-24) अपना मंडली खातिर जवन रोटी अलगा रखले बानी ओकरा के बाँट के खाईं। पढ़ल जारी राखीं -- “एही रीति से उ बियारी के पीछे कटोरा भी लिहलें, अउर कहलें, 'ई कटोरा हमार लहू में नया वाचा बा, जब कबो पीअऽ, तऽ हमार याद खातिर एही करल करीं'” (1 कुरिन्थियों 11:25) जवन रस जाहे दाखरस रउवां अपना मंडली खातिर अलगा रखले बानी ओकरा के सब में बांटीं आ पी लीं। रउबां पढ़ के खतम करीं -- "काहेंकि जब कबो रउवां ई रोटी के खाएनीं, अउर एह कटोरा में से पीएनीं, तऽ प्रभु के मृत्यु के, जब तक उ ना अईहें, प्रचार करत रहीं।" (1 कुरिन्थियों 11:26) रउआ सभ प्रभु भोज कर विधि में सहभागी हो गइल बानी। प्रार्थना चाहे गीत गा के आनन्द मनाईं - रउआ उनकर हईं आ उ राउर हउवें! प्रभु भोज पहिलका कलिसिया से मिलल एगो पवित्र विधि ई जूम टूलकिट के एगो जरूरी हिस्सा बा।

---

## गतिविधि

**(10 मिनट)**

**प्रभु भोज के जश्न मनाईं**

- अगिला 10 मिनट अपना समूह के साथे प्रभु भोज मनावे में बिताईं।

**जब रउआ यीशु के अनुयायी के रूप में इकट्ठा होखेनी:**

1. चुपचाप ध्यान लगा के समय बिताईं, चुपचाप अपना पाप पर विचार करीं आ कबूल करीं।
2. जब रउआ तैयार हो जाईं, तऽ केहू से पवित्रशास्त्र के ई वचन के पढ़वाईं -- काहेंकि ई बात हमरा प्रभु से पहुंचल, अउर हम रउरा के भी पहुंचा देनी, कि प्रभु यीशु, जवन रात उ पकड़वावल गइलें, रोटी लिहलें, अउर धन्यवाद करके ओकरा तोड़लन, अउर कहलन, "ई हमार देह हऽ, जवन रउरा खातिर बा, हमार याद खातिर एही करल करीं।" (1 कुरिन्थियों 11:23-24)
3. जवन रोटी रउआ अपना समूह खातिर अलग रखले बानी, सब में बाँटी अउर खाईं।
4. पढ़ल जारी राखीं -- एही रीति से उ बियारी के पीछे कटोरा भी लिहलें, अउर कहलें; 'ई कटोरा हमार लहू में नया वाचा बा; जब कबो पीअऽ, तऽ हमार याद खातिर एही करल करीं' (1 कुरिन्थियों 11:25)
5. जवन दाखरस रउआ अपना समूह खातिर अलग रखले बानी, सब में बाँटी अउर पी लीं।
6. पढ़ल समाप्त करीं: काहेंकि जब कबो रउवां ई रोटी के खाएनीं, अउर एह कटोरा में से पीएनीं, तऽ प्रभु के मृत्यु के, जब तक उ ना अईहें, प्रचार करत रहीं। (1 कुरिन्थियों 11:26)

**प्रार्थना चाहे गीत के जरिए खुशी मनाईं। रउआ प्रभु भोज में हिस्सा लेले बानी। रउआ उनकर हईं, आ उ राउर बाड़ें!**

---

## समीक्षा

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल सिद्धान्त:**

- बत्तख के बच्चा के चेलापन
- देखे खातिर आँख हो कि परमेशवर के राज्य कहँवा नइखे

**एह सत्र में सुनल गइल टूल:**

- प्रभु भोज

**अगिला कदम**

**आज्ञा मानल**

अगर राउर परिवार विश्वासी बा अउर स्थानीय रूप से रहेला तऽ उनकरा साथे प्रभु भोज के अगुवाई करीं। ना तऽ एह कौशल के अभ्यास कवनो विश्वासी दोस्त के संगे करीं।

**साझा कइल**

"डकलिंग डिसिपलशिप" अउर "आँख से देखीं जहँवा परमेश्वर के राज्य नइखे" के उ आदमी से साझा करीं जेकरा पर प्रभु रउरा के प्रभाव डाले खातिर प्रेरित करेलें। फेर ओह लोग के साझा करे खातिर तइयार करीं ताकि ओहु लोग एकरा के केहू दोसरा से साझा कर सके।

ZÚME

## सत्र 11

---

**चेक-इन**
**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **9434**

---

**प्रार्थना**
**(5 मिनट)**

प्रार्थना करीं अउर परमेश्वर के धन्यवाद दीं कि उ राउर जिनगी में अउर रउरा आसपास के दूसरा लोगन के जिनगी में कइसे काम कर रहल बाड़न। प्रार्थना करीं कि समूह के लगे ओह जगहन के देखे खातिर आँख होखे जहँवा परमेश्वर के राज्य अबही ले नइखे।

---

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरुआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह टूल के अपना टूलकिट में जोड़ब जा:**

- प्रेयर वाकिंग

## पढ़ीं

**(5 मिनट)**

**प्रेयर वाकिंग**

जूम टूलकिट वाकिंग प्रेयर परमेश्वर के वचन हमनी के कहेला कि "निहोरा, प्रार्थना अउर बिनती सब लोग खातिर धन्यवाद कइल जाव, राजा लोग आ सब अधिकारियन खातिर -- एह से कि हम विश्राम अउर चैन के साथे सभ ईश्वरीयता आ पवित्रता में ई हमनी के उद्धारकर्ता परमेश्वर के बढ़िया लागेला, आ भावेला, जे चाहत बाड़ें कि सब लोग के उद्धार होखे अउर उ लोग सच्चाई के भलिभांति जान लेस।" वाकिंग प्रेयर एगो आसान तरीका हऽ परमेश्वर के आज्ञा के पालन करीं अउर दूसरा लोगन खातिर प्रार्थना करीं। वाकिंग प्रेयर बस ओइसने बा जइसन सुने में लागेला - घूमत-फिरत परमेश्वर से प्रार्थना करत रहीं। आँख बंद कर के माथा झुकावे के बजाय, हमनी के अपना आसपास जवन जरूरत देखत बानी जा ओकरा पर आपन नजर खुलल राखेनी जा आ परमेश्वर से हस्तक्षेप करे के विनम्रता से माँगे खातिर आपन दिल झुकाईं। रउआ दू-तीन गो छोट-छोट समूह में प्रार्थना कर सकेनी चाहे रउआ खुदे प्रार्थना कर सकेनी। अगर रउआ कवनो समूह में जाईं - तऽ सभ केहू के जोर से प्रार्थना करेला कहीं, परमेश्वर से एह बारे में बातचीत करीं कि सभ केहू का देख रहल बा आ परमेश्वर जवन जरूरत सब ओह लोग के दिल में ले आवेलें। अगर रउआ अकेले जा रहल बानी - तऽ मौन होके प्रार्थना करीं अगर रउआ रास्ता में केहू से मिलत बानी तऽ ओकरा साथे जोर से प्रार्थना करीं। एइजा चार गो तरीका बतावल गईल बा जवना से रउवां जान सकेनी कि का खातिर प्रार्थना करे के बा राउर घूमत फिरत प्रार्थना के दौरान: अवलोकन करीं -- रउआ का देखेनी? अगर रउआ केहू लइकन के खिलौना कवनो आँगन में देखेनी, रउआ पड़ोस के लइकन ला प्रार्थना करे खातिर प्रेरित हो सकेनी, परिवार सब खातिर चाहे ईलाका के स्कूलन खातिर शोध -- रउआ का जानेनी? अगर रउआ पड़ोसी के बारे में जानेनी, तऽ रउआ ओइजा रहे वाला लोगन के बारे में कुछ जानते होखब, चाहे उ इलाका अपराध चाहे अन्याय से ग्रस्त बा। एह सब बातन ला प्रार्थना करीं आ परमेशवर से बदलाव करे ला कहीं। प्रकाशितवाक्य -- पवित्र आत्मा राउर दिल के कायल कर सकेला चाहे प्रार्थना के कवनो विशेष क्षेत्र या जरूरत खातिर मन में कवनो विचार ला सकेला। सुनीं - आ प्रार्थना करीं! पवित्रशास्त्र - हो सकेला कि रउआ परमेश्वर के वचन के कुछ हिस्सा पढ़ले होखब राउर चले के तैयारी खातिर चाहें जब रउआ चल रहल बानी, तऽ पवित्र आत्मा राउर दिमाग में कवनो वचन ला सकेला। ओह भाग खातिर प्रार्थना करीं आ ओह इलाका के लोगन पर एकर असर कइसे पड़ सकेला। एइजा प्रभाव के पाँच गो क्षेत्र बा जवना पर रउआ आपन प्रेयर वाक के दौरान ध्यान दे सकेनीं : सरकार सरकारी आफिस चाहे केन्द्रन खातिर प्रार्थना करीं जइसे कि कोर्ट कचहरी, कमीशन भवन चाहे कानून लागू करे वाला दफ्तर सब में। इलाका के रक्षा खातिर प्रार्थना करीं, न्याय खातिर आ अपना अगुवा लोगन के ईश्वरीय बुद्धि खातिर। ब्यापार अउर खरीद बिक्री के काम -

ब्यापारिक केन्द्र के प्रार्थना करे खातिर खोज करीं जइसे कि वित्तीय जिला चाहे खरीदारी वाला क्षेत्र में। सही से निवेश अउरी संसाधन के बढ़िया से प्रबंधन करे खातिर प्रार्थना करीं। आर्थिक न्याय अउर मौका खातिर प्रार्थना करीं आ उदार अउर धार्मिक भाव से देवे वाला दाता लोगन खातिर जवन लोग मुनाफा से पहिले इंसान के अहमियत देवेला। पढ़ाई - पढ़ाई केंद्र के खोज कर के ओकरा खातिर प्रार्थना करीं जइसे कि स्कूल के प्रशासनिक भवन, हुनर सिखावे वाला केंद्र, सामुदायिक कॉलेज अउर विश्वविद्यालय सब खातिर। प्रार्थना करीं कि धर्मी शिक्षक परमेश्वर के सच्चाई सिखावस अउर आपन छात्र सब के दिमाग के रक्षा करस। प्रार्थना करीं कि परमेश्वर ओह हर कोशिश के हस्तक्षेप करस जवन झूठ चाहे भ्रम फैलावे खातिर होखत बा। प्रार्थना करीं कि ई जगहन में बुद्धिमान नागरिक भेजसु जेकरा लगे सेवा करे आ अगुवाई करे के दिल होखे। संचार - संचार केंद्र के खोज करीं अउर ओकरा खातिर प्रार्थना करीं जइसे कि रेडियो स्टेशन, टीवी स्टेशन अउर अखबार। परमेश्वर के अनुयायी लोगन के कहानी अउर उनकर गवाही खातिर प्रार्थना करीं जे पूरा शहर आ दुनिया भर में फइल जास। प्रार्थना करीं कि उनकर संदेश पहुँचावल जाव अउर उनकरा जरिए अनेक तरिका से परमेश्वर के लोग हर जगह उनकर काम के देख सकसु आत्मिकता - आत्मिक केंद्र के खोज कर के ओकरा खातिर प्रार्थना करीं जइसे कि गिरजा घर, मस्जिद चाहे मंदिर। हर आत्मिक साधक के यीशु में शांति अउर आराम मिले खातिर प्रार्थना करीं आ कवनो झूठा धर्म से विचलित चाहे भ्रमित ना होखे के चाहीं। अंत में, इहँवा पांच गो तरीका बतावल गईल बा, जवना से रउवां मिले वाला लोग खातिर प्रार्थना कर सकेनी राउर प्रार्थना के दौरान: जइसे रउआ चलत बानी आ प्रार्थना करत बानी, मौका खातिर सतर्क रहीं अउर परमेश्वर के आत्मा के संकेत के सुनीं रास्ता में भेंट होखे वाला आदमी अउर समूह खातिर प्रार्थना करीं। रउआ कह सकत बानी कि, “हमनी के एह समुदाय खातिर प्रार्थना कर रहल बानी जा, का कवनो खास बात बा जवना के बारे में हम रउरा खातिर प्रार्थना कर सकींले?” कह दीं कि “हम एह इलाका खातिर प्रार्थना करत बानी। का रउवा कवनो खास बात जानत बानी जवना खातिर हमनी के प्रार्थना करे के चाहीं?” ओह लोग के प्रतिक्रिया सुनला के बाद रउआ ओह लोग के आपन जरूरत के बारे में पूछ सकींले। अगर उ लोग साझा करेलें तऽ तुरंत उ लोग खातिर प्रार्थना करीं। अगर प्रभु अगुवाई करेलन तऽ रउवां अउरी जरूरतन खातिरो प्रार्थना कर सकेनी। याद राखे में मदद करे खातिर आशीर्वाद शब्द के प्रयोग करीं 5 अलग-अलग तरीका से रउआ प्रार्थना कर सकेनी: देह (स्वास्थ्य) मजदूरी (नौकरी अउर वित्त) भावुक (हौसला) सामाजिक (रिश्ता नाता) आत्मिक बा अधिकतर मामिला में लोग आभारी होखेलन कि रउआ उनका खातिर प्रार्थना कईनीं। अगर उ आदमी मसीह नइखे तऽ राउर प्रार्थना एगो आत्मिक बातचीत के दरवाजा खोल सकेला अगर रउरा के मौका मिले तऽ आपन कहानी आ परमेश्वर के कहानी के साझा करीं। रउवां उनकरा के बाइबिल अध्ययन के हिस्सा बने खातिर आमंत्रित कर सकेनी या इहँवा तक कि आपन घर में मेजबानी कर सकेनीं। अगर उ आदमी एगो मसीह हवे रउआ ओह लोगन के आपन प्रेयर वाक में शामिल होखे खातिर आमंत्रित कर सकेनी ओह लोगन के प्रशिक्षित करीं कि ऊ लोग कइसे प्रेयर वाक कर सकेलें प्रार्थना जइसन सरल तरीका के प्रभाव क्षेत्र खातिर इस्तेमाल करीं परमेश्वर के परिवार के अउरी बढ़ावे खातिर आशीर्वाद ला प्रार्थना करीं। वाकिंग प्रेयर जूम टूलकिट में ई एगो अउरी सरल टूल बा।

## गतिविधि

**(60 - 90 मिनट)**

**प्रेयर वाकिंग**

- दू-तीन लोगन के समूह में बंट के वाकिंग प्रेयर के अभ्यास करे खातिर समुदाय में जाईं।
- कवनो जगह चुनल ओतने आसान हो सकेला जतना कि अब जहाँ बानी ओहिजा से बाहर गइल, चाहे रउआ कवनो खास गंतव्य पर जाए के योजना बना सकेनी।
- जइसे परमेश्वर अगुवाई करस ओइसहीं जाईं, आ एह गतिविधि में 60-90 मिनट बितावे के योजना बनाईं।
- एह सत्र के अंत वाकिंग प्रेयर गतिविधि से हो।

**चार गो स्रोत जवन राउर प्रार्थना के मार्गदर्शन कर सकेला:**

1. **अवलोकन** रउआ का देखत बानी? अगर रउआ आँगन में कवनो बच्चा के खिलौना देखत बानी तऽ ई रउरा के आसपास के लइकन, परिवार चाहे स्कूलन खातिर प्रार्थना करे ला प्रेरित कर सकेला।
2. **शोध** का रउआ जानत बानी? अगर रउआ आपन ईलाका के बारे में पढ़ले बानी तऽ हो सकेला कि रउरा ओहिजा रहे वाला लोग के बारे में कुछ जानत होखब, चाहे उ इलाका अपराध चाहे अन्याय से ग्रस्त बा। एह सब चीजन के बारे में प्रार्थना करीं अउर परमेश्वर से काम करेला कहीं।
3. **प्रकाशन** पवित्र आत्मा राउर दिल में कवनो विचार डाल सकेला चाहे कवनो खास जरूरत चाहे प्रार्थना के क्षेत्र खातिर रउआ के संकेत दे सकेला। सुनीं - आ प्रार्थना करीं!
4. **पवित्रशास्त्र** रउआ अपना चले के तैयारी में चाहे चलत घरी परमेश्वर के वचन के कुछ हिस्सा पढ़ले होखब चाहे पवित्र आत्मा रउआ के कवनो बाइबिल के वचन के दिमाग में ले आ सकेला। ओह वचन के बारे में प्रार्थना करीं अउर देखीं कि ओह इलाका के लोगन पर कइसे असर डाल सकेला।

**प्रार्थना पर ध्यान केंद्रित करे खातिर पांच प्रभावित क्षेत्र:**

1. **सरकार** सरकारी आफिस चाहे केन्द्रन खातिर प्रार्थना करीं जइसे कि कोर्ट कचहरी, कमीशन भवन चाहे कानून लागू करे वाला दफ्तर सब में। इलाका के रक्षा खातिर प्रार्थना करीं, न्याय खातिर आ अपना अगुवा लोगन के ईश्वरीय बुद्धि खातिर।
2. **ब्यापार अउर खरीद बिक्री के काम** ब्यापारिक केन्द्र के प्रार्थना करे खातिर खोज करीं जइसे कि वित्तीय जिला चाहे खरीदारी वाला क्षेत्र में। सही से निवेश अउरी संसाधन के बढ़िया से प्रबंधन करे खातिर प्रार्थना करीं। आर्थिक न्याय अउर मौका खातिर प्रार्थना करीं आ उदार अउर धार्मिक भाव से देवे वाला दाता लोगन खातिर जवन लोग मुनाफा से पहिले इंसान के अहमियत देवेला।
3. **पढ़ाई** पढ़ाई केंद्र के खोज कर के ओकरा खातिर प्रार्थना करीं जइसे कि स्कूल के प्रशासनिक भवन, हुनर सिखावे वाला केंद्र, सामुदायिक कॉलेज अउर विश्वविद्यालय सब खातिर। प्रार्थना करीं कि धर्मी शिक्षक परमेश्वर के सच्चाई सिखावस अउर आपन छात्र सब के दिमाग के रक्षा करस। प्रार्थना करीं कि परमेश्वर ओह हर कोशिश के हस्तक्षेप करस जवन झूठ चाहे भ्रम फैलावे खातिर होखत बा प्रार्थना करीं कि ई जगहन में बुद्धिमान नागरिक भेजसु जेकरा लगे सेवा करे आ अगुवाई करे के दिल होखे।
4. **संचार** संचार केंद्र के खोज करीं अउर ओकरा खातिर प्रार्थना करीं जइसे कि रेडियो स्टेशन, टीवी स्टेशन अउर अखबार। परमेश्वर के अनुयायी लोगन के कहानी अउर उनकर गवाही खातिर प्रार्थना करीं जे पूरा शहर आ दुनिया भर में फइल जास। प्रार्थना करीं कि उनकर संदेश पहुँचावल जाव अउर उनकरा जरिए अनेक तरिका से परमेश्वर के लोग हर जगह उनकर काम के देख सकसु।
5. **आत्मिकता** आत्मिक केंद्र के खोज कर के ओकरा खातिर प्रार्थना करीं जइसे कि गिरजा घर, मस्जिद चाहे मंदिर। हर आत्मिक साधक के यीशु में शांति अउर आराम मिले खातिर प्रार्थना करीं आ कवनो झूठा धर्म से विचलित चाहे भ्रमित ना होखे के चाहीं।

## प्रार्थना

**(5 मिनट)**

अपना वाकिंग प्रेयर गतिविधि पर निकले से पहिले, अपना समय विधि के समाप्त करे खातिर अपना समूह के साथे प्रार्थना जरूर करीं।

परमेश्वर के धन्यवाद करीं कि उ हेराइल, आखिरी अउर सबसे छोट से भी प्यार करेलन – जेकरा में हमनी के भी शामिल बानी जा!

परमेश्वर से प्रार्थना करीं कि उ राउर दिल अउर ओह लोगन के दिल के तैयार करस जेकरा से रउआ अपना प्रार्थना चलन के दौरान मिलब, ताकि उ उनकर काम खातिर खुलल होखे।

ZÚME

सत्र 12

## चेक-इन

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **2348**

## प्रार्थना

**(5 मिनट)**

प्रार्थना करीं अउर परमेश्वर के धन्यवाद दीं कि उ पिछला सत्र में का कइले बाड़न, जब रउवां के आज्ञा माने में कठिनाई होखे त उनकरा से मदद मांगी, अउर उनकर पवित्र आत्मा के नेवता दीं कि उ रउवां के समय के एक साथ अगुवाई करस।

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरूआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह सिद्धान्त के सुनब जा अउर चर्चा करब जा:**

- शांति के आदमी

**आ हमनी के एह टूल के अपना टूलकिट में जोड़ब जा:**

- बी.एल.इ.एस.एस. प्रार्थना

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**शांति के आदमी**

राऊर स्वागत बा जूमे शिक्षा दिहला पर

एगो भलाई करे वाला व्यक्ति तेजी से मदद क सके ला चेला बनावे में अइसन जगह भी जहंवा प्रभु यीशु के विश्वासी बहुते कम या एगो या दुगो होखस।

जब प्रभु यीशु अपना चेलन के भेजलन चेला बनावे खातीर, उ ओह लोग के एगो आसान अऊर बहुते खास आदेश दिहलन।

प्रभु यीशु कहलन - एह खातीर ना बटुआ, ना झोली, ना जूता लिह, अऊर ना रास्ता में केहू के नमस्कार करि ह, जेवना घर में जइह पहिले कहि ह, एह घर पर भलाई होखे, जदी उहवा केहू भलाई के जोग होई व तोहार भलाई ओह घर पर रुकी नाही व तोहरा लगे लऊट आई, ओही घर में रह अऊर जेवन कुछ ओकरा में से मिले उहे खा पीअ काहे से कि मजदुर के आपन मजदुरी मिले के चाही। घरे-घरे मत घुमी ह।

बाकी सगरी के का मतलब बा?

जब हमनी के चला बनावे के सोची ली जा, हमनी के पहिला विचार हो सकेत होखे ला। बढ़िया होई हमनी के आपन गरीबी दूर क लेई जा, एगो लड़के वाला लक्ष्य के चुनीजा, अऊर एगो साफ-सुथरा काम करे के आदत रखी जा। जदी प्रभु यीशु कहलन-जा-त बढ़िया बा रऊवा जाई अऊर चलत रही, सबके बताई। सगरी दुनिया! सगरी समय

बाकी प्रभु यीशु आपन आदेश देत समय लागत रहल कमे चिंता करत बाड़न रुपया, पइसा के अऊर साहस के अऊर उनकरा के कही अधिका होश रहल एक जगह रुकला के

प्रभु यीशु चाहत रहलन की उनकर चेला खोजस अऊर लगावस एगो भलाई करे वाला व्यक्ति में,

जदी रऊवा अइसन जगह पर चेला बनावल चाहत बानी जहवा अधिका या केहू भी ना होखे, फेर एगो भलाई करे वाला व्यक्ति के खोज रऊवा खातीर सबसे खास बात होई

एगो भलाई करे वाला व्यक्ति उ बाड़न,

जेवन राऊर कहानी, परमेश्वर के कहानी अऊर प्रभु यीशु के सुसमाचार सुने खातोर बेचैन होखस।

केहू जे मेहमान के आदर करे वाला होई, अऊर राऊर अपना घर में स्वागत करी या आपन काम करे वाला जगह पर या आपन परिवार अऊर दोस्तन संगे राऊर समारोह (खुशी) में शामिल होई।

केहू जे दूसर लोग के जानत होखे (या दूसर लोग में खास होखे) अऊर जो साहसी होखे एगो छोट समूह के या भीड़ के या भीड़ के बटोरला में।

केहू जे इमानदार बा ओके मेल जोल करे में दूसर लोगन के संगे जेवन भी उ सीखत बाड़न राऊर गइल के बाद भी,

बाइबल में हमनी के पावे ली जा कि प्रभु यीशु अऊर उनकर चेला भलाई करे वाला व्यक्तियन से मिलत बाड़न जेवन थोड़ा चाहत से कम बा,

गन्नेसरत के क्षेत्र में प्रभु यीशु मिलत बाड़न, शइतान से भरल व्यक्ति से जेवन अकेले रहत रहलन अऊर जंजीर से बानल रहलन हमनी के कबो भी उनकरा बारे भलाई करे वाला व्यक्ति के रूप में सोच भी नइखी जा सकत, बाकी उ प्रभु यीशु के सुने खातीर बेचैन रहलन, उ मेहमान के आदर कइलन अऊर प्रभु यीशु के जहंवा उ रहत रहलन आदर सहित बोलवलन, उ मशहूर रहलन अऊर उ आसानी से भीड़ के खीच सकत रहलन, चाहे उ आपन शइतानी व्यवहार के कारण ही, अऊर प्रभु यीशु पवलन कि उ इमानदार बा अऊर उ सगरी बतवलस जेवन मायने (सोच) प्रभु यीशु ओकरा खातीर रखले रहलन, अपना परिवार के संगे, अपना समूह (दल) के संगे अऊर आपन पूरा जाति के संगे, असल में जब प्रभु यीशु ओह क्षेत्र में फिर से दुबारा अइलन, एगो बड़हन भीड़ जमा हो गईल, अऊर उ बहुते बेचैन रहलन, ओह व्यक्ति के देखला खातीर जेकरा बारे में उ लोग एतना सुनले रहलन।

सामरिया में प्रभु यीशु कुआ पर एगो स्त्री से मिललन उ प्रभु यीशु के खातीर बेचैन रहली मेहमान आदर के खातीर अऊर पानी पिये के उनकर विनती के पूरा करे के खातीर, हमनी के पावे ली जा कि उनकर पांच गो पति रहलन उ अबो भी एगो केहू अऊर आदमी के संगे रहत रहली, त एगो छोट शहर में सही के दूसर लोग उनकरा के जरूर जानत होई हन अऊर उनकरा संगे यीशु के बात चीत के बाद, उ इमानदार रहली अऊर उ बात चीत कइली एतना अधिका अऊर एतना जल्दी कि सगरी शहर प्रभु यीशु से कहलन कि उनकरा लगे रहस अऊर उनकरा संगे भी मेल जोल करस, अऊर उ अइसने कइलन,

एह खातीर जदी एगो भलाई करे वाला व्यक्ति कहीं भी रहि सकत बाड़न। कुछु क सकत बाड़न अऊर हो सके त उ केहू हो सकत बा जेकरा के हमनी के जानत होखब जा या हमनी के मिलल होखब जा, हमनी के उनकरा के कइसे खोजी जा?

इहवा तीन गो आसान तरीका बा -

हमनी के समाज के लोगन से उनकर विनती मागी, इहवा भरोशा लायक के बा? का एह जगह में अईसन केहू बा जे अपना से पहिले दूसरा के बारे में सोचल होखें? जदी हमनी के एक ही नाम बार-बार सुनी, जा त हमनी के उनकरा से मिले के कोशिश करी, जा उनकरा संगे धार्मिक विचार बाटी, अऊर देखी कि का उ सुने अऊर बाटे खातीर बेचैन बाड़न,

हमनी के ख़ुद के पेश क सकत बानी जा केहू खातीर प्रार्थना करे खातीर, तब जब हमनी के जगह पर या केवनो खेल के समय, जहंवा कही भी मऊका होखे अऊर फेर ओह प्रार्थना के बदल देईं एगो धार्मिक बात चीत में,

हमनी के धार्मिक विचार के लागू करी जा हर एगो बात चीत में इ देखे खातीर कि का परमेश्वर केवनो व्यक्ति के जीवन में काम क रहल बाड़न, जदी उ बेचैन बाड़न अऊर इच्छुक बाड़न फेर हमनी के उनकर से पूछी कि का उ राजी होइहन एगो समूह के बटोर ला खातीर ताकि अऊर बात चीत कईल जा सके।

विनती मागी, प्रार्थना के बात रखी, धार्मिक विचार के लेन देन करी, इ सगरी उ तरीका बा जेकरा से रउवा शुरू आव क सकत बानी भलाई करे वाला व्यक्ति के खोजे खातीर,

चाहे हमनी के कइसनो खोजी जा। याद रखी प्रभु यीशु कहलन भलाई करे वाला व्यक्ति उ व्यक्ति बाड़न जेकरा संग हमनी के अधिका से अधिका आपन चेला बनावे के समय बितावे के चाही,

असानी से इ सोचल जा सकत बा कि हमनी खातीर आपन समय के सही लागू सबसे अधिका इ बा कि हर एगो के आपन खुद बराबर देईं, बाकी प्रभु यीशु कहलन अऊर देखवलन कि उ नइखन चाहत कि हम सबका संगे उथले रूप में रही बाकी कुछ के गहीरा से देईं,

प्रभु यीशु हरमेशा भीड़ के अपना ओर खीचत रहलन, बाकी बाइबल हमनी के बेर-बेर बतावत बा कि - प्रभु यीशु ओह भीड़ से अलग हट जात रहलन, आपन अधिका समय आपन बारह गो सबसे करीब विश्वासियन के संगे बितावे के खातीर,

बहुते बेर अईसन होत रहल जहंवा प्रभु यीशु आपन अधिका समय लगावत रहलन ओकरा से भी छोट तीन गो के समूह के संगे,

प्रभु यीशु जेकरा लगे कही अधिका बल, कही अधिका उर्जा, कही अधिका अधिकार, शासन, बुद्धि, ज्ञान समझ अऊर दया रहल, उ चुनलन कि आपन समय बस कुछु के संगे ही गहराई (गहीरा) से लगाईं, अऊर उ अपना चेलन के अइसन करे के कहलन, का एकरा से तुक नइखे बनत कि हमनी के उनकर नकल करी जा अऊर उनकर एह नियम के लोगन के बीच में बाटी जा?

भलाई करे वाला व्यक्ति।

उनकर मिलल आसान नइखे, हो सके त हजारों में एगो होखस, बाकी एगो लुकाईल (छिपल) खजाना के जइसन जेकर खोज सही बा, ओकर दाम परमेश्वर के परिवार के बढ़ावे खातीर नापल ना जा सकता।

## चर्चा

**(10 मिनट)**

- का केहू व्यक्ति जेकर समाज में "खराब प्रतिष्ठा" बा (जइसे कि सामरी औरत चाहे गदरिनो के दुष्टआत्मा से ग्रस्त आदमी) ऊ सचमुच शांति के व्यक्ति हो सकेला? काहे अउर काहे ना?
- रउरा आस-पास के समाज के कवन अइसन समुदाय चाहे वर्ग बा जवना में परमेशवर के राज्य के उपस्थिति बहुते कम (या ना) लउकत बा?
- शांति के व्यक्ति (जे खुलल बा, मेहमाननवाज बा, दूसरा के जानत बा अउर साझा करेला) ओह समुदाय में सुसमाचार के प्रचार के तेजी से बढ़ा सकेला?

## गतिविधि

**(10 मिनट)**

**बी.एल.ई.एस.एस. प्रार्थना के अभ्यास करीं।**

- दू-तीन लोग के समूह में बंट के बी.एल.ई.एस.एस.के पांच क्षेत्र के प्रार्थना करे के अभ्यास करीं। एक दूसरा खातिर प्रार्थना करीं।

**आशीर्वाद के प्रार्थना के पैटर्न (तरीका)**

आशीर्वाद के प्रार्थना के पैटर्न पांच तरीका देबेला जवना से रउआ लोगन खातिर प्रार्थना कर सकेनी, बाकि खासकर के प्रेयर वाकिंग घरी।

- **देह** - स्वास्थ्य
- **मेहनत** - नौकरी अउर वित्त
- **भावनात्मक** - हौसला
- **सामाजिक** – रिश्ता
- **आत्मिक** - परमेश्वर के अउर ज्यादा जानल आ प्रेम कइल

## समीक्षा

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल सिद्धान्त:**

- शांति के आदमी

**एह सत्र में सुनल गइल टूल:**

- बी.एल.इ.एस.एस. प्रार्थना

---

**अगिला कदम**

## आज्ञा मानल

ई सप्ताह में BLESS पैटर्न के इस्तेमाल करत केहू के मौजूदगी में प्रार्थना करीं।

## साझा कइल

केहू अउर के BLESS पैटर्न के इस्तेमाल करके दूसरा खातिर प्रार्थना करे खातिर तइयार करीं अउर उ लोग के साथे चलीं जइसे कि उ लोग करेला।

---

ZÚME

सत्र 13

## चेक-इन

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **6785**

## प्रार्थना

**(5 मिनट)**

पिछला सत्र में जवन कुछ सीखनी ओकरा खातिर प्रार्थना करीं आ परमेश्वर के धन्यवाद दीं। परमेश्वर के पवित्र आत्मा से प्रार्थना करीं कि उ रउआ के वफादार बने में मदद करे ताकि रउआ जवन कुछ सीख रहल बानी ओकरा के व्यवहार में उतारल जा सके।

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरूआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह सिद्धान्त सभ के सुनब जा अउर चर्चा करब जा:**

- विश्वास योग्यता
- 3/3 समूह के बइठक

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**विश्वास योग्यता**

एह भाग में हमनी के सीखे के कि ज्ञान अऊर शिक्षा पावला के बराबरी में धार्मिक वयस्कता विश्वास जोग होखला के बढ़िया नाप जोख कईसे बा। दुगो विचार बा जेवन आज चर्च में बहुते परेशानी खाड़ा क देले बा।

पहिला विचार कि कवनो व्यक्ति धार्मिक वयस्कता एह बात से जुटल बा कि उ परमेश्वर के वचन के बारे में केतना जानत बाड़न। उ अईसन बतावे लन कि जइसे सही आसान या - हरमेशा से होखत आइल एगो मत - केहू के विश्वास के बढ़िया नाप जोख बा।

दूसरा विचार इ बा कि सेवकाई में अगुवाई के शरूआत करे से पहिले केवनो व्यक्ति के "पूरा (सगरी) शिक्षा के ज्ञान" के जरूरी बा। उ अइसन व्यवहार करे लन जइसे सेवकाई करे खातीर केवनो व्यक्ति के जोगता के सही नाम जोख सगरी ज्ञान बा।

पहिला विचार के संगे परेशानी - पहिले से होखत आईल काम पर-या "सही धारना" पर भरोसा रखल बा कि शइतान वचन के ज्ञान केवनो व्यक्ति से बा। परमेश्वर के वचन कहे ला - तु विश्वास करे ल कि एक ही परमेश्वर बाड़न। बढ़िया बा शइतान भी इ विश्वास करे ला अऊर कापे ला।

केवनो व्यक्ति के धार्मिक वयस्कता के एगो सबसे बढ़िया नाप-जोख बा ORTHOPRAXY - "सही कोशिश"।

जेवन हमनी के जानत बानी जा ओह तरीका पर वयस्कता के नाप-जोख कइला के अलावा हमनी के ज्ञान माने में अऊर एकर के बतावे के खातीर विश्वास जोग भइला के बारे में अधिका चिंता करे के चाही।

अगुवाई कइला से पहिले ओह व्यक्ति के सगरी तरिका से शिक्षा पा लबे के चाही, एक दुसर का विचार के संगे परेशानी इ बा कि केहू सगरी तरीका से भी कबो शिक्षा ना पावे लन।

प्रभु यीशु जवान अगुवन के भेजला के जरिये उदाहरन देखवलन जेकरा के राज में खास काम करे खातीर अबो बहुते बात सीखे खातीर बाकी रहल।

परमेश्वर के वचन कहला - प्रभु यीशु आपन बारहो चेलन के बोलवलन अऊर उनकरा के शइतान अऊर बेमारी के उपर सगरी अधिकार दिहलन। फेर उ लोग परमेश्वर के राज के बारे में बतावल अऊर बेमारन के ठीक करे खातीर उ लोग के भेजलन।

पतरस के जरिये आपन विश्वास के बतावला से पहिले एह व्यक्तियन के भेजल गइल रहल कि प्रभु यीशु छुटकारा देबे वाला बाड़न - हमनी के एकरा के विश्वास के पहिला कदम मानी ली जा। अऊर भेजला के बाद भी प्रभु यीशु कई बेर गलती के वजह से पतरस के डटलन अऊर बाद में पतरस प्रभु यीशु के सगरी से नाकार दिहलन। दूसर चेला लड़ाई करे लागल कि परमेश्वर के आवे वाला राज में सबसे खास के बा अऊर केकरा के केवन काम मिली।

ओह लोग के अबो बहुत कुछ सीखे के बाकी रहल बाकी प्रभु यीशु उनकरा के काम दिहलन कि उ जेवन जानत बाड़न ओकरा के दूसरा से बतावस।

ज्ञान से अधिका - विश्वास के जोग होखल अइसन चीज बा जेवन तब शुरू हो सक ला जब केहू प्रभु यीशु के पिछे चलल शुरू करे लन।

शिक्षा पावला से अधिका - विश्वास जोग भइल एह बात से नापल-जोखल जा सकत बा ओकरा संगे हमनी के का करे ली जा।

जदी हमनी के जेवन सुने ली जा ओकर पालन करी जा अऊर दूसरा के बताई जा व हमनी के विश्वास के जोग बानी जा।

जदी हमनी के सुनी ली जा बाकी ओकर पालन ना करे ली जा अऊर नाही दूसरा के बताई ली जा। त हमनी के विश्वास के जोग नइखी जा।

चेलन के बढ़ावे के समय हमनी के इ तय क ली जा कि सही चीज के नाप-जोख क रहल बानी जा।

## चर्चा

**(10 मिनट)**

परमेश्वर के ओह आज्ञा के बारे में सोची जे रउआ पहिले से जानत बानी। ओह चीजन के माने आ साझा करे के मामला में रउआ केतना "वफादार" बानी?

## पढ़ी

**(40 मिनट)**

**3/3 समूह के बइठक**

जूमे ट्रेनिंग में वापसी के स्वागत बा। एह सत्र में, हमनी के सीखब जा कि कइसे 3/3 (उच्चारण: "तीन-तिहाई") समूह के तरीका यीशु के अनुयायी लोगन के एक दूसरा के यीशु के अउरी नजदीक से चले में मदद करेला।

यीशु कहले रहले -- "जहाँ दू-तीन लोग हमरा नाम से एकट्ठा भइल बा, हम उहाँ ओह लोग के बीच में बानी।" इ एगो शक्तिशाली वादा ह, अउर जवना के फायदा यीशु के हर अनुयायी के लेवे के चाहीं। बाकिर जब रउरा सभे समूह के रूप में एकजुट होखब त आपन समय कइसे बितावे के चाहीं?

एगो 3/3 (उच्चारण: "तीन-तिहाई") समूह उ ह जवन अपना समय के 3 भाग में बांटेला, ताकि उ लोग कुछ सबसे महत्वपूर्ण बात के पालन करे के अभ्यास कर सके जवन यीशु के आज्ञा दिहल बा।

ई काम अईसने होला:
लुक बैक (1/3) - समूह के पहिला तिहाई समय पीछे मुड़ के देखल जाला कि जबसे हमनी के एक संगे बानी जा तब से का भइल बा।

लुक अप (2/3) - समूह के बीच के तिहाई हिस्सा शास्त्र, चर्चा अउर प्रार्थना के माध्यम से परमेश्वर के बुद्धि अउर दिशा के ऊपर देखे में बीत जाला।

लुक फॉरवर्ड (3/3) - समूह के अंतिम तिहाई समय आगे देख के बितावल जाला कि हमनी के हर केहू जवन सीखले बानी जा ओकरा के कइसे लागू कर सकेनी जा आ ओकर पालन कर सकेनी जा।

एह सत्र में राउर समूह के 3/3 समूह के छोट संस्करण के माध्यम से मार्गदर्शन कइल जाई जवन रउआ के वास्तविक जीवन में पूरा संस्करण खातिर तइयार करे में मदद करी।

आध्यात्मिक साँस लेवे के सत्र याद बा? साँस लीं, परमेश्वर से सुनीं। साँस छोड़ीं, जवन सुनत बानी ओकर बात मानीं आ दोसरा के साझा करीं। 3/3 समूह के मतलब इहे होला।

3/3 समूह उ ह जवन एक साथ आपन समय के 3 भाग में बांटेला, ताकि उ लोग परमेश्वर से सुनला के अभ्यास कर सके अउर कुछ सबसे महत्वपूर्ण चीजन के पालन करे अउर साझा कर सके जवन यीशु के आज्ञा दिहल ह।

ई अभ्यास सत्र एक घंटा से तनिका अधिका समय ले चले के चाहीं, आ ई जल्दी से आगे बढ़ी। अगर रउरा लगे कवनो बड़हन समूह बा भा गहिराह चर्चा पसंद करे वाला समूह बा त रउरा समूह के कवनो सदस्य से कह सकीलें कि ऊ रउरा के घड़ी भा टाइमर से पटरी पर राखे में मदद कर देव।

असल जिनिगी में ई कदम धीमा गति से चली बाकिर जबले रउरा अभ्यास करत बानी तबले आगे बढ़ल जरूर रहीं जेहसे कि समय ना खतम होखे। कवनो कदम मत छोड़ीं - ऊ सब महत्वपूर्ण बा!

याद रखीं कि 3/3 समूह बाइबल अध्ययन के साथे एके ना ह - इ जानबूझ के बा! एह अनुभव के एगो मौका के रूप में मानीं कि मिले के एगो नया तरीका सीखीं आ देखीं कि परमेश्वर रउरा सभे के एक साथ समय खातिर कवन बढ़िया योजना बनवले बाड़न।

जाए खातिर तइयार बानी? चलीं शुरुआत कइल जाव!

लुक बैक (पीछे मुड़ के देखल जाव)
हमनी के आपन पहिला तिहाई समय धन्यवाद देवे, आपन संघर्ष साझा करे आ अपना समूह के दोसरा सदस्यन खातिर प्रार्थना करे के माध्यम से एक दूसरा के देखभाल करके पीछे मुड़ के देखब जा। हमनी के इहो चेक इन करब जा कि ग्रुप के हर आदमी के मौका मिलल बा कि ऊ आखिरी बेर हमनी के एक संगे रहला पर जवन कुछ सीखले बा ओकरा के माने आ साझा करे के मौका मिलल बा कि ना।

चरण 1 - "धन्यवाद दिहल"
कुछ समय निकाल के हर आदमी के कुछ अइसन बात साझा करीं जवना खातिर ऊ धन्यवाद देत होखे। एह वीडियो पर विराम दबाईं आ अभी अयीसन करीं... का रउवा अभी भी उहाँ बानी? सचहूँ, हम चाहत बानी कि रउरा विराम मार दीं, आ अपना समूह के हर आदमी से कुछ अइसन साझा कराईं जवना खातिर रउरा परमेश्वर के शुक्रगुजार बानी। जब रउरा लवटब त हम एहिजा रहब। (2 मिनट)

चरण 2 - "अपना संघर्ष के साझा कईल" अउरी "एक दूसरा खातिर प्रार्थना कईल"
अब अपना ग्रुप के हर आदमी से संक्षेप में कुछ अइसन बात बताईं जवना से ऊ जूझत बा। केहू अउरी से उनकरा खातिर प्रार्थना करावल जाव कि उ लोग जवन साझा करेला। विराम दबाईं, फेर शेयर करीं आ प्रार्थना करीं। (8 मिनट)

चरण 3 - "समूह के केंद्रित कइल"
हर बार जब रउवां मिलब, त रउवां समय निकालल चाहब अउर याद करीं कि रउवां एक साथ काहे बानी - परमेश्वर से प्यार करे के, दूसरा से प्यार करे के, यीशु के साझा करे के, अउर दूसरा के भी उनकरा के साझा करे में मदद करे के। समूह के मिशन पर केंद्रित करे के बहुत तरीका बा, लेकिन एह अभ्यास सत्र खातिर केहू से समूह के मत्ती 22:37-38 के जोर से पढ़वा दीं। विराम दबाईं, फेर पढ़ीं। (2 मिनट)

चरण 4 - "चेकिंग इन"
ई ऊ हिस्सा ह जवना के कुछ समूह छोड़ल चाहत बाड़े, काहे कि एकर मतलब होला कि अइसन सवाल पूछल जाव जवन कबो कबो कठिन हो सकेला। कृपया छोड़ मत दीं।

यीशु अपना अनुयायी लोग से एतना प्यार करत रहले कि उ कठिन सवाल पूछत रहले। अगर हमनी के यीशु जइसन बने के चाहत बानी जा, त हमनी के एक दूसरा से एतना प्यार करे के चाहीं कि हमनी के उहो कर सकीले।

एह स्टेप में रउरा समूह के हर आदमी के रिपोर्ट करावे के पड़ी कि ऊ जवन सुनले बा ओकर पालन कइल कि ना।

परमेश्वर उ लोग से कहस कि आखिरी बेर जब आप एक संगे रहनी। हर जूमे सत्र में, हमनी के अपना आगे देख के कदम में एह प्रतिबद्धता के मॉडलिंग कइले बानी जा जहाँ हमनी के रउआ से कहत बानी जा कि आज्ञा मानीं, साझा करीं, आ प्रार्थना करीं। हमनी के अपना लुकिंग बैक स्टेप में जवाबदेही के

मॉडलिंग करेनी जा जहाँ हमनी के रउआ से ओही प्रतिबद्धता पर चेक-इन करे के कहत बानी जा।

परमेश्वर से प्रेम करे के एगो हिस्सा इ ह कि उ हमनी के कहल बात के पालन करीं। एक दूसरा से प्यार करे के एगो हिस्सा के मतलब होला कि केहू के परमेश्वर से सुनल बात के पालन करे में मदद कइल। प्यार के मतलब होला केहू के प्रतिबद्धता के गंभीरता से लिहल - आ ओकरा के कृपा से प्यार देखावल - ई सब एके साथ।

विराम दबाईं आ हर आदमी से निम्नलिखित सवालन के जवाब दीं:

अब तक जवन सीखले बानी ओकरा के कइसे मनले बानी?
जवन सीखले बानी ओकरा में केकरा के प्रशिक्षित कइले बानी?
जबसे हमनी के समूह के रूप में एक संगे बानी जा तब से रउवा आपन कहानी भा परमेश्वर के कहानी केकरा से साझा कईले बानी?
(12 मिनट)

जूमे कोचिंग के टिप: कई बेर कवनो समूह में एक आदमी हो सकेला कि अधिकतर समय बात करे में खतम हो जाला। अइसन मत होखे दीं। ग्रुप में हर आदमी के मूल्य होला, एहसे ध्यान राखीं कि सभका शेयर करे के मौका मिले। अगर दोसरा के बोले के मौका नइखे मिलत त धीरे से याद दिआवल जाव कि जे बेसी बात करत बा ओकरा के हर आदमी के सुनल जाव।

लुक अप (ऊपर के ओर देखत बानी)
हमनी के एक साथ समय के मध्य तिहाई के दौरान, हमनी के परमेश्वर के पवित्र आत्मा के आमंत्रित करेनी जा कि उ हमनी के समूह के परमेश्वर के वचन के बेहतर तरीका से समझे खातिर नेतृत्व करे। हमनी के बाइबल के एगो अंश के जोर से पढ़ब जा अउर फिर एगो समूह के रूप में कुछ साधारण सवाल पूछब जा अउर जवाब देब जा ताकि परमेश्वर के उद्देश्य अउर योजना के बेहतर तरीका से खोजे अउर समझे में मदद मिल सके।

चरण 1 - परमेश्वर के पवित्र आत्मा के नेतृत्व करे खातिर आमंत्रित करीं
एक पल निकाल के प्रार्थना करीं। परमेश्वर से सरल आ संक्षेप में बात करीं। उनकर पवित्र आत्मा से माँगीं कि उ रउवां के ओह अंश से सिखावे जवन रउवां पढ़े वाला बानी। विराम दबा के प्रार्थना करीं। (2 मिनट)

चरण 2 - परमेश्वर के वचन पढ़ीं अउर सवाल पूछीं
समूह में केहू से बाइबल से पढ़े के कह दीं। एह अभ्यास सत्र खातिर लूका 18:9-14 पढ़ीं। जब रउरा पढ़ के खतम कर लेब त समूह के एह दुनो सवाल के जवाब देवे के चाही:

एह अंश में रउरा का नीक लागल?
रउरा कवन चुनौतीपूर्ण भा समझल मुश्किल लागल?
अगर रउरा समूह में मौखिक सीखल लोग बा - अइसन लोग जे बढ़िया से ना पढ़ेला भा सुन के सीखल पसंद करेला - त सुनिश्चित करीं कि रउरा ओह अंश के कम से कम दू बेर पढ़ीं।

विराम दबाईं, फेर पढ़ीं आ सवालन के जवाब दीं। (10 मिनट)

अब केहू अउरी से उहे अंश दूसरा बेर पढ़वा दीं, आ ओकरा बाद समूह से एह दुनो सवाल के जवाब दीं:

एह अंश से हमनी के लोग के बारे में का सीख सकेनी जा?
एह अंश से हमनी के परमेश्वर के बारे में का सीख सकेनी जा?
याद राखीं कि अंश पर अडिग रहीं आ ओकरा के सरल राखीं! (10 मिनट)

जूमे कोचिंग के टिप: जब रउवां परमेश्वर के वचन के अध्ययन कर रहल बानी, त दोसरा किताब, शिक्षक, या राय के बजाय उनकर वचन पर ध्यान दीं। पूछे के बजाय कि "रउरा का लागत बा कि एकर मतलब का बा?" पूछीं "ई अंश का कहत बा?" अगर रउवा समूह में केहू के सिखावल पसंद बा, त धीरे से याद दिला दीं कि परमेश्वर के पवित्र आत्मा अउर सिद्ध वचन समूह के सिखा सकेला। हमनी के सब केहू सीखे खातिर आइल बानी जा, एक संगे। आ चुप्पी भा बतकही में रुकला से मत डेराईं। परमेश्वर काम कर रहल बाड़े तबहूँ जब शांत होखे। उनकर वचन पर ध्यान केंद्रित रखीं, ओह अंश पर अडिग रहीं, अउर बाकी काम करे खातिर परमेश्वर पर भरोसा करीं।

लुक फॉरवर्ड (आगे के इंतजार बा)
हमनी के समय के अंतिम तिहाई में, हमनी के एह बात के खोज करे पर ध्यान देब जा कि हमनी के परमेश्वर के वचन से जवन सीखले बानी जा ओकरा से हमनी के कइसे आज्ञा मान सकेनी जा अउर दूसरा के प्रशिक्षित कर सकेनी जा। समूह के हर सदस्य परमेश्वर से कुछ साधारण सवाल पूछेला अउर फिर प्रार्थना में उनकर जवाब के इंतजार करेला। तब हमनी के आपन प्रतिबद्धता के साझा करेनी जा आ अभ्यास करेनी जा आ आपन समय के अंत करे के प्रार्थना करेनी जा, एक संगे।

चरण 1 - परमेश्वर के उद्देश्य खातिर प्रार्थना कइल
अपना समूह के हर आदमी से चुपचाप प्रार्थना कराईं आ परमेश्वर से ई सवाल पूछीं:

परमेश्वर, रउआ जवन सिखावत बानी ओकरा के हम कइसे मानब आ लागू करब?
हम एह अंश से केकरा के प्रशिक्षित कर सकीले ताकि उ लोग राउर बात माने अउर प्यार करे के सीख सके?
रउवां केकरा से चाहब कि हम आपन गवाही या यीशु के आपन सुसमाचार साझा करीं?
विराम दबाईं आ ओकरा बाद प्रार्थना करीं। (5 मिनट)

परमेश्वर के पवित्र आत्मा से कहीं कि उ रउवां के विशिष्ट जवाब, विशिष्ट नाम, अउर विशिष्ट कदम देस जवन रउवां अब अउर जब रउवा समूह के फिर से मिले के बीच के समय में उठा सकत बानी।

चरण 2 - प्रतिबद्धता इकट्ठा कइल
अपना समूह के हर व्यक्ति से कह दीं कि ऊ हर सवाल खातिर प्रभु से जवन सुनले बा ओकरा के साझा करे। हो सकेला कि केहू एक, दू, भा तीनों सवाल पर प्रभु से कुछ ना सुनले होखे। ऊ लोग बस रिपोर्ट कर सकेला कि ऊ लोग ना सुनले।

लेकिन याद राखीं, समूह के प्रभु से सुने के चाहीं। यीशु कहले - "हमार भेड़ हमार आवाज सुनत बाड़ी स।" आ राउर आज्ञाकारिता के कदम जेतना विशिष्ट होखी, हमनी के फेर से मिले से पहिले ओकर पालन कइल ओतने आसान हो जाई।

विराम दबाईं, आ फेर जवन सुनले बानी ओकरा के साझा करीं। (10 मिनट)

चरण 3 - आपन योजना के अभ्यास कइल
एक साथ आपन समय खतम करे से पहिले, आपन 3/3 समूह से दू-तीन लोग के छोट-छोट समूह में टूट के उहे अभ्यास करीं जवन रउवां प्रभु से कहत सुनले बानी।

याद राखीं - अभ्यास कवनो बात मानल, प्रशिक्षण भा साझा कइल ना ह, बाकिर एहसे रउरा ओह कामन के बेहतर तरीका से करे खातिर तइयार जरूर होखब। हर छोट समूह के आपन अभ्यास के समय एक साथ प्रार्थना में खतम करावल जाव। विशेष रूप से ओह लोग अउर योजना खातिर प्रार्थना करीं जवन परमेश्वर रउवां के दिल पर रखले बाड़न।

अगर रउवां के समूह में मौखिक-शिक्षक लोग बा, त अपना अभ्य

## चर्चा
**(5 मिनट)**

- का रउवां 3/3 समूह अउर बाइबिल अध्ययन या छोट समूह के बीच कवनो अंतर देखले बानी जवना के रउवां पहिले हिस्सा रहल बानी (चाहे सुनले बानी)? अगर अइसन बा त उ अन्तर, समूह पर कईसन असर करी?
- का 3/3 समूह के एगो साधारण कलीसिया मानल जा सकेला? काहे अउर काहे ना?

## समीक्षा

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल सिद्धान्त:**

- विश्वास योग्यता
- 3/3 समूह के बइठक

---

**अगिला कदम**

## आज्ञा मानल

एह सप्ताह अपना 3/3 ग्रुप के अभ्यास के दौरान कइल प्रतिबद्धता के आधार पर माने, प्रशिक्षण, आ साझा करे में समय बिताईं।

## साझा कइल

प्रार्थना करीं अउर परमेश्वर से पूछीं कि उ राउर 3/3 समूह के रुप केकरा साथे साझा कइल चाहेलन, ओकरा से पहिले कि राउर समूह फेरू से मिले। जाए से पहिले एह व्यक्ति के नाम समूह के साथे साझा करीं।

---

ZÚME

सत्र 14

## चेक-इन

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **9872**

## प्रार्थना

**(5 मिनट)**

प्रार्थना करीं अउर परमेश्वर के धन्यवाद दीं कि समूह ईमानदारी से यीशु के अनुसरण करे के संकल्प लिहले बा। अउर परमेश्वर के पवित्र आत्मा के आमंत्रित करीं कि उ राउर समय के एक साथ अगुवाई करस।

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरुआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के अपना टूलकिट में से एह टूल के अभ्यास करब जा:**

- 3/3 समूह के बइठक

## गतिविधि

**(45 मिनट)**

**3/3 समूह के बइठक**

- पीछे मुड़ के देखीं – पिछला सत्र के पालन कइल, प्रशिक्षित भइल, आ साझा कइल चुनौती के इस्तेमाल एक दोसरा के चेक-इन करे खातिर करीं। (15 मिनट)
- ऊपर देखीं –अपना समूह में पढ़े खातिर मरकुस 5:1-20 के इस्तेमाल करीं अउर ऊपर देखीं खंड के दौरान सवाल 1-4 के जवाब दीं। (15 मिनट)
- आगे देखीं – आगे देखीं हिस्सा में सवाल 5, 6, आ 7 के इस्तेमाल एह बात के विकसित करे खातिर करीं कि रउरा कइसे आज्ञा मानब, प्रशिक्षित करब आ साझा करब। (15 मिनट)

**पीछे मुड़ के देखल जाव**

**चरण 1 - धन्यवाद दिहल**

कुछ समय निकालीं अउर हर आदमी से कुछ अइसन बात साझा करीं जवना खातिर ऊ धन्यवाद देत होखे।

**चरण 2 - आपन संघर्ष साझा करीं आ एक दूसरा खातिर प्रार्थना करीं**

अपना समूह के हर आदमी से संक्षेप में कुछ अइसन बात बताईं जवना से ऊ जूझत बा। केहू अउर लोगन से उनकरा खातिर प्रार्थना करे खातिर कहीं।

**चरण 3 - समूह के ध्यान केंद्रित कइल**

समय निकालीं अउर याद करीं कि रउआ काहे इकट्ठा बानी - परमेश्वर से प्यार करे खातिर, दूसरा से प्यार करे खातिर, यीशु के साझा करे खातिर, अउर दूसरा के भी उनकरा के साझा करे में मदद करे खातिर।

**चरण 4 - चेक इन**

हर व्यक्ति निम्नलिखित सवालन के जवाब दीं:

- अब तक जवन सीखले बानी ओकरा के रउआ कइसे मानले बानी?
- जवन सीखले बानी ओकरा में रउआ केकरा के प्रशिक्षित कइले बानी?

- जबसे हमनी के समूह के रूप में एक साथ बानी जा तब से रउआ आपन कहानी चाहे परमेश्वर के कहानी केकरा से साझा कइले बानी?)

**ऊपर के ओर देखीं**

**चरण 1 – परमेश्वर के पवित्र आत्मा के अगुवाई करे खातिर आमंत्रित करीं**

कुछ क्षण निकाल के प्रार्थना करीं। परमेश्वर से सरल आ संक्षेप में बात करीं। उनकर पवित्र आत्मा से माँगीं कि उ रउआ के ओह वचन से सिखावे जवन रउआ पढ़े वाला बानी।

**चरण 2 – परमेश्वर के वचन से पढ़ीं अउर सवाल पूछीं**

समूह में केहू से बाइबिल पढ़ेला कहीं। पढ़े के बाद समूह के एह दू सवालन के जवाब दे:

- वचन के ई भाग से रउरा का पसंद आइल?
- रउरा के समझे मे का कठिनाई चाहे मुश्किल भइल?

उहे वचन दूसरा बेर पढ़ीं, आ ओकरा बाद समूह से एह दुनो सवाल के जवाब दीं:

- हमनी के एह वचन से लोगन के बारे में का सीख सकेनी जा?
- एह वचन से हमनी परमेश्वर के बारे में का सीख सकेनी?

याद राखीं अउर वचन पर अडिग रहीं आ ओकरा के सरल राखीं!

**आगे देखीं**

**चरण 1 – परमेश्वर के उद्देश्य खातिर प्रार्थना करीं**

राउर समूह के हर आदमी शांति से प्रार्थना करे आ परमेश्वर से सवाल पूछे:

- परमेश्वर, रउआ जवन सिखावत बानी ओकरा के हम कइसे मान सकेनी आ ओकरा के कइसे लागू कर सकेनी?
- हम एह वचन से केकरा के प्रशिक्षित कर सकेनी ताकि उ लोग राउर अउरी बात माने अउर प्यार कर सके?
- रउआ केकरा से चाहब कि हम आपन गवाही चाहे यीशु के सुसमाचार के साझा करीं?

परमेश्वर के पवित्र आत्मा से कहीं कि उ रउआ के स्पष्ट जवाब, स्पष्ट नाम, अउर स्पष्ट राह देस रउआ अबहीं समय ले सकत बानी चाहे समूह में फेरु से मिले के घरी।

**चरण 2 – प्रतिबद्धता इकट्ठा कइल**

आपन समूह के हर व्यक्ति से कहीं कि उ लोग प्रभु से सुने अउर प्रभु से पर सवाल के बारे में कवनो आदमी हो सकेला केहू एक, दू, चाहे तीनों सवाल पर प्रभु से कुछ ना सुनले होखे। ऊ लोग बस ई बता सकेलन कि ऊ लोग ना सुनले बाड़न।

बाकि याद राखीं, समूह के प्रभु से सुने के चाहीं। यीशु कहले रहलन – "हमार भेड़ सब हमार आवाज सुनेला।" आ राउर आज्ञाकारिता के कदम जेतना विशिष्ट होखी, ओतने आसान होखी हमनी के फेर से मिले से पहिले ओकर पालन कइल।

**चरण 3 – आपन योजना के अभ्यास कइल**

आपन समय के खतम होखे से पहिले, आपन 3/3 समूह के दू-तीन गो छोट-छोट समूह में बांट दीं अउर जे कुछ रउआ प्रभु से सुनले बानी ओकरा करे के अभ्यास करीं।

## समीक्षा

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल टूल:**

- 3/3 समूह के बइठक

**अगिला कदम**

## आज्ञा मानल

प्रार्थना करीं अउर परमेश्वर से पूछीं कि का उ चाहत बाड़न कि रउआ 3/3 समुह के शुरू करीं। अगर उ अइसन करेलन तऽ आपन 100 गो के सूची देख के परमेश्वर से पूछीं कि रउआ केकरा के अपना साथे आवे खातिर आमंत्रित करे के चाहेलन। तब ई सप्ताह ओह लोग के आमंत्रित करीं आ परमेश्वर पर भरोसा करीं कि ऊ समूह के निर्माण करीहें।

## साझा कइल

रउरा समूह के फेरु से मिले से पहिले केहू के खोजीं जेकरा साथे 3/3 समूह फॉर्मेट साझा करब। जाए से पहिले उ आदमी के नाम समूह से साझा करीं।

# ZÚME

सत्र 15

## चेक-इन

(1 मिनट)

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **4327**

## प्रार्थना

(5 मिनट)

पूछीं कि समूह में केहू के कवनो खास जरूरत बा कि ऊ चाहत बा कि समूह प्रार्थना करे। परमेश्वर के धन्यवाद कि उ अपना वचन में वादा करेलन कि जब उनकर लोग प्रार्थना करेलन तऽ उ सुनलें अउर काम करेलें। परमेश्वर के पवित्र आत्मा से प्रार्थना करीं कि उ राउर समय के अगुवाई करे।

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरुआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह सिद्धान्त सभ के सुनब जा अउर चर्चा करब जा:**

- प्रशिक्षण प्रक्रिया
- समूह के नेतृत्व

## पढ़ीं

**(5 मिनट)**

**प्रशिक्षण प्रक्रिया**

एह भाग में, हमनी के उ शिक्षा लिहल जाई जेवन एगो से बहुत कईल जाये मे चेलन के मदद करे ला अऊर एगो मिशन के एगो अभियान में बदल देला।

का रऊवा कबो साइकिल पर चढ़ल सीखले बानी? का रऊवा सीखला में केह दूसरा के मदद कइले बानी? जदी अइसन बा, त रऊवा हो सकेत शिक्षा दिहला के बारे में जानत बानी।

इ एतना आसान बा नमूना, मदद कइल, देखल अऊर छोड़ल।

एगो साइकिल पर चढ़ला से पहिले, रऊवा हो सकेत केहू दूसरा के एह पर चढ़ल देखले होइब। इ नमूना बा।

नमूना, मदद कइल, देखल अऊर छोड़ल

नमूना के मतलब केहू दूसरा के एगो उदाहरण देखावल कि एकरा के कइसे करे ली जा जब एगो लइका पहिला बेर केहू दूसरा के साइकिल चलावल देखे ला, तब उ ओह विचार के पकड़ लेला। नमूना अइसहीं होखे ला - एके बेर-बेर कइला के जरूरत नइखे अऊर आम तौर पर एके केवल एक बेर कइला के जरूरत पड़े ला।

सोची जब रऊवा पहिला बेर साइकिल चलवले रहनी। का रऊवा केवल देखल चाहत रहनी? या रऊवा एके चलावे खातीर बेचैन रहनी? जब केहू रऊवा के अईसन करे के मऊकाना दिहल, त का होई?

बहुते अधिका नमूना देखावल सही में शिक्षा दिहला के चकर के नकुसान पहुंचा सके ला। नमूना देखावल यानि केहू के काम देखावल - अऊर फेर उनकरा के करे दिहल। त पहिला बेर सवारी (चढ़े) कइला पर का भइल, का उ रऊवा के साइकिल दिहला के बाद छोड़ के चल गइलन?

हो सकेत ना जब बहुते लोग साइकिल चलावल सीखे लन, तब रऊवा संगे बगल में केहू चल रहल बाड़न रऊवा के सही रास्ता पर रखत।

इ मदद कइल बा। नमूना देखावल, मदद कइल, देखल अऊर छोड़ल।

मदद कइल यानी सीखे वाला के केवनो बढ़िया काम के कोशिश कइल दिहल बाकी एह बात के भी धियान रखी कि उ बुरा तरीका से ना गिरे।

मदद कइला में नमूना देखवला से अधिका समय लागे ला। बाकी बहुत अधिका ना। एकरा में हाथ से पकड़ल, थोड़ा दिशा देखावल अऊर थोड़ा सीखावे के पड़े ला। बाकी इ केवल खास चीज बतावल बा। इ केहू के सगरी तरिका से बतावल नइखे। इ उनकरा के पैडल मारल सीखावल बा।

का रऊवा सोच सकत बानी, जब रऊवा तेजी से पैडल मरनी अऊर थोड़ा चाल बढ़ गइल तबो केहू राऊर बगल में दउड़त बाड़न? उ अधिका देरी तक ना रहि पइहे, अऊर रऊवा कबो भी बराबरी बनवले रखल ना सीख पाइब।

मदद कइल यानी केहू के आगे बढ़ावल अऊर उनकरा के खुद से थोड़ा महनत करे दिहल। अऊर जब उ बढ़ल शुरु क देलन, तब उ सीखे वाला के नमूना बतावे लन। जब केहू अऊर के हाथ साइकिल पर ना होला, तब एकर मतलब इ नइखे कि रऊवा अकेले बानी। आम तौर पर केहू के नजर रऊवा पर रहे ला - बाकी दूरा से।

दूरा देखे के बा, नमूना मदद, देखल अऊर छाड़ल।

देखल यानी अपन गुन में सही होखला तक सीखे वाला के असर कइल, उ हो दबाव में रहि के। साइकिल चलावे में, केहू उठ के जल्दी से जा सकत बा, बाकी एकर मतलब इ नइखे कि उनकरा के सड़क के सगरी नियम मालूम बा।

निगरानी कइल यानी दूरी तय कइल कि उ व्यक्ति ठीक बाड़न - जब आस-पास केहू ना होखे ला अऊर यह भी तय करे के बा कि ओह व्यक्ति के मालूम बा कि का करे के बा अऊर उ एकरा के क लीहन- बल्कि जब उनकरा के केहू देखत बा तबो।

शिक्षा दिहला के चकर के एह भाग में, सीखे वाला बढ़ के, दूसरा के सीखइहन कि कइसे बढ़ी ली जा ...... फेर दूसरा के बढ़ल सीखइहन।

चेला जेवन चेला बनावे लन, जेवन चेला बनावे लन, जेवन चेला बनावे लन॥ तीन गो से चार गो पीछी पीढ़ी तक।

देखभाल (निगरानी) रखल यानी इ तय करे के बा कि सीखे वाला बढ़ रहल बाड़न अऊर दूसरा के मदद करे के खातीर बेचैन अऊर सही बाड़न। थोड़ा समय तक निगरानी रखल जरूरी बा। नमूना देखावल अऊर मदद कइल, दुनो में दस गुना अधिका समय लाग सकत बा। बाकी इंतजार कइल सही होई। अखीर में - सीखे वाला साइकिल चलावे लन।

छोड़ दिहल एही विषय में बा। नमूना, मदद कइल, देखल अऊर छोड़ल।

छोड़ दिहल एगो जगह दिहला के जइसन बा एगो पढ़े वाला एगो शिक्षा देबे वाला बन जालन। एगो छोट काम करे वाला, संगे काम करे वाला बन जालन। एगो चेला एगो दोस्त बन जालन। साइकिल चलावे में, जे रउवा के चलावे सीखावत बाड़न, उ हर बेर रऊवा संगे ना जालन। हो सके त कबो कबो उ रऊवा संगे भी सफर करस। कबो-कबो अलगा से या अकेले सफर करस।

छोड़ल यानी जेकरा से रऊवा प्रेम करी ला ओह व्यक्ति के आखीरी भेंट दिहल - अजादी के भेंट। छोड़ल यानी केहू के उहंवा जाये खातीर तइयार कइल जहंवा रऊवा पहिले पहुंच गइल बानी बाकी उनकरा के उहंवा जाय खातीर साहसी कइल जहवा रऊवा अबले नइखी गइल।

नमूना, मदद कइल, देखल अऊर छोड़ल।

शिक्षा दिहला के चकर-एगो से बहुते तक। एगो मिशन से एगो अभियान तक।

## चर्चा

**(10 मिनट)**

- का रउवा कबो प्रशिक्षण प्रक्रिया के हिस्सा रहल बानी?
- रउआ केकरा के प्रशिक्षित कइले बानी? चाहे रउरा के, के प्रशिक्षित कइले बा?
- का ओही आदमी प्रशिक्षण प्रक्रिया के अलग-अलग हिस्सा मे अलग-अलग कौशल सीखत समय हो सकेला?
- अइसन केहू के प्रशिक्षित कइल कइसन लागी?

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**समूह के नेतृत्व**

एह भाग में हमनी के सीखल जाई कि लीडरशिप सेल्स, चेलन के कम समय में जीवन भर खातीर अगुवा बने खातीर कइसे तइयार करे ला।

एगो से दुगो हो जालन, दुगो से चारगो हो जालन, चारगो से आठगो हो जालन। इ व्यक्तियन के बढ़ल पीढ़ी से पीढ़ी बढ़ला। नियम में बढ़ल।

एह नमूना के परमेश्वर सगरी दुनिया बनावला में बनवलन। परमेश्वर चाहत बाड़न कि उनकर परिवार एही तरिका से बढ़े। हमनी के 3 / 3 नमूना पहिले ही सीख लेले बानी जा जेवन किने वाला के बेचे वाला में, सीखे वाला के अगुवा में अऊर चेला लोग के चेला बनावे वाला में बढ़े ला।

पीछे देखी ..... उपर देखी ..... आगे देखी ..... सीखी .... आदेश मानी ..... बताई।

एह तरीका से इकट्ठा भइल विश्वासियन के धार्मिक में बढ़ावा बा अऊर प्रभु यीशु के चेलन के समूह में फेर बढ़ावला के क्षमता पइदा करे ला। इ नमूना बढ़े में चेलन के मदद करे ला।

बाकी जब केवनो समूह कम समय खातीर एक संगे आवे ला तब का? का उ तबो बढ़ सकत बाड़न अऊर परमेश्वर के राज के बढ़ा सकत बाड़न। लीडशिप सेल्स 3 / 3 नमूना के काम करे के तरीका बा जब रऊवा जानत बानी कि केवनो समूह कब हू एक संगे रहि सकत बा।

लीडरशिप सेल्स कम समय में विश्वासियन के तइयार करे ला ओह फिर से पइदा करे वाला नमूना के सीखला में जे हरमेशा बनल रहे ला लीडरशिप सेल्स एगो अगुवा बने में सीखे वाला के मदद करे लन, जेवन आगे नया समूह शुरू करि हन, नया चर्च के शिक्षा दिहन अऊर परमेश्वर के परिवार के बढ़ावे खातीर अऊर अधिका लीडरशिप सेल्स शुरू करि हन। जब केवनो समूह चाल में तेज होखे ला तब लीडरशिप सेल्स काम करे ला।

घूमे वाला लोग, पढ़े वाला, सिपाही, काम करे वाला, जे प्रभु यीशु के चेला बाड़न, एगो लीडरशिप सेल्स में एगो खास काम करे लन, उनकर व्यवहार, उनकर पेशा या उनकरा जीवन के कारन - हो सके त एगो समूह से शुरू करे में उनकरा के मेहनत करे के पड़े, बाकी उनकरा के सगरी शिक्षा दिहल जा सकत बा कि हर जगह उ समूह के शुरूआत कइसे क सकत बाड़न।

लीडरशिप सेल्स तब काम करे ला जब लोगन के समूह एक संगे विश्वास करे ला। एगो परिवार, दोस्तन के ऐगो नेटवर्क, या एगो छोट गॉव के कम समय म सगरी शिक्षा दिहल जा सकत बा।

शुरू के सभा में हमनी के 3 / 3 नमूना के आखीरी के दुगो भाग के सीखनी ह जा अऊर एकर कोशिश कइनी ह जा। अब हमनी के पूरा नमूना यानी सगरी तीनगो भाग के कोशिश करब जा - पीछे देखल, उपर देखल, आगे देखल।

**चर्चा**

**(10 मिनट)**

- का रउआ यीशु के कवनो अइसन चेला लोग के जानत बानी जे पहिले से ही मिल रहल बा चाहे मिलके ज़ूम प्रशिक्षण सीखे खातिर एगो लीडरशिप सेल बनावे के तैयार होईं?
- ऊ लोग के एक साथ जुटावे खातिर का जरूरत पड़ी?

---

**समीक्षा**

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल सिद्धान्त:**

- प्रशिक्षण प्रक्रिया
- समूह के नेतृत्व

---

**अगिला कदम**

**आज्ञा मानल**

ज़ूम में रउआ जे केहू कौशल चाहे सिद्धान्त सीखले बानी ओकरा चुनीं आ केहू एगो आदमी के मार्गदर्शन दीं ताकि ऊ ओकरा के चउथा पीढ़ी तक दोहरा सके।

**साझा कइल**

"नियमित प्रशिक्षण" के अपना 100 गो के सूची में शामिल कवनो विश्वासी के साझा करीं।

---

# ZÚME

## सत्र 16

### चेक-इन

(1 मिनट)

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **2871**

### प्रार्थना

(5 मिनट)

प्रार्थना करीं आ परमेश्वर के धन्यवाद दीं कि ऊ राउर समूह के एह प्रशिक्षण में एइजा तक आवे खातिर ताकत, ध्यान आ विश्वासयोग्यता दिहले बाड़न। परमेश्वर से मांगी कि उनकर पवित्र आत्मा समूह के हर सदस्य के याद दिलावत रहे कि उ लोग उनकरा बिना कुछ भी ना कर सकेला!

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरुआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह सिद्धान्त सभ के सुनब जा अउर चर्चा करब जा:**

- असमान रूप से विकास के उम्मीद
- गति
- हमेशा दू गो कलीसिया के हिस्सा

## पढ़ीं

**(5 मिनट)**

**बिना क्रम के बढ़त**

एह भाग में, हमनी के सीखल जाइ कि बढ़ावे खातीर एगो रेखा तरिका से सोचे के आदत के कइसे करे के बा। अइसन चेला बनावे के खातीर जे तेजी से चेला बनावे लन, हमनी के धियान रखला के जरूरत बा कि एक ही समय में बहुते चोज हो सकेला अऊर जरूरी नइखे कि उ एगो गिनती में होखे।

हमनी के बिना गिनती के बढ़ला के बल के सीखे के पड़ी। जब लोग चेला के बढ़ला के बारे में सोचे लन, त उ हरमेशा एकरा के एगो के एगो होखे वाला तरीका समझे लन।

पहिले प्रार्थना, फेर तइयारी, फेर परमेश्वर के सुसमाचार बतावल फेर चेला के बढ़ावल फेर चर्च के बढ़ाबल, कि फेर लीडर के बढ़ावल। फेर दुबारा पडदा कईल।

जब हमनी के एह तरीका से सीखी ली जा, तब राज में बढ़ल आसान, रेखा (चिंह) अऊर गिनती तरीका लागे ला। परेशानी इ बा कि इ हरमेशा एह तरीका से काम ना करे ला। बड़हन परेशानी इ बा कि इ हरमेशा एह तरीका से खास तरीका से काम ना करे ला।

इ रेखा (चिंह) एगो व्यक्ति के जीवन के देखावत बा। इहवा जमल बाड़न। उहंवा उ पहिला बेर परमेश्वर के सुसमाचार सुनावत बाड़न। इहवा उ प्रभु यीशु के चेला बनावे के फैसला लेत बाड़न। इहंवा उ आपन कहानी के अऊर परमेश्वर के कहानी के बतावत बाड़न अऊर बढ़े लागत बाड़न। अऊर इहवे जीवन के आखीरी बा।

त इहवा से इहंवा तक - पहिला बेर प्रभु यीशु के बारे में सुने खातीर, प्रभु यीशु के बारे में बतावे तक, एकरा के हमनी के एगो धार्मिक पीढ़ी कहे ली जा।

बढ़ला से पहिले के समय। परमेश्वर के परिवार के बढ़ावला से पहिले के समय आम तौर से चेला के एही तरीका से सीखावल जाला। बाकी जब हमनी के सबसे खास आशिर्वाद जइसे नमूना के लागू करे ली जा त देखी का होला।

अब एगो नया चेला जल्दी बढ़े लागे लन। धार्मिक पिढ़ी छोट हो जाला। केहू परमेश्वर के सुसमाचार के जल्दी सुने ला। परमेश्वर के परिवार तेजी से बढ़ेला। बहुते लोग हरमेशा खातीर बच जालन।

अऊर इ सगरी केवल आगे बढ़ला के जरिये होला। जब उ बढ़े लन। बाकी तब का जब हमनी के हरमेशा आगे बढ़त रही? तब का जब केहू शुरू में ही बढ़े लागल? तब का जब उ पहिले बेर आगे बढ़े लागल। तब का उ पहिले बेर विश्वास कइला के अलावा पहिले बेर सुनला के बाद ही परचार करे लागल?

कुछु लोग प्रभु यीशु के "हाँ" कहला से पहिले ही एगो समूह के बटोरल अऊर परमेश्वर के वचन से जेवन सीखे लन ओकरा के दोस्तन अऊर परिवार के बतावे खातीर तइयार रहत बाड़न। जदी हमनी के ओह लोगन के देखाई कि एगो समूह के कइसे बटोरे के चाही अऊर जेवन सीखले बाड़ ओकरा के करे खातीर कइसे बतावे के बा अऊर सीखावे के बा त परमेश्वर के परिवार अऊर तेजी से बढ़ी। अब चेला बनावल प्रभु यीशु तक पहुचे के एगो रास्ता बा नाही कि छुटकारा के बाद के जेवन हमनी के परचार करे ली जा।

एह तरीका से एगो परिवार या दोस्त या एगो गाँव प्रभु यीशु के चेला बन सकत बाड़न। बाकी तब का जब केहू एकरा से भी तेजी से बढ़ सकत बाड़न तब का जब केहू परमेश्वर के पुत्र से मिलला से पहिले ही परमेश्वर के तरीका के बतावे लगलन?

कबो-कबो एगो समूह हो सके त जल्दी परमेश्वर के सुसमाचार के सुनला में बेकार होखस या तइयार ना होखस। बाकी फेर भी इ समूह परमेश्वर के नमूना के सीख सकत बाड़न - समूह के विकास या लीडर शिप शिक्षा पावल जइसे कोशिश के जरिये। इ समूह परमेश्वर के नमूना के बढ़ावल शुरू क सकत बाड़न-सीखत समय -आदेश मानत समय - बांटत समय - अऊर प्रभु यीशु के बारे में सुनला से पहिले दूसरा के भी इ हे कइल सीखावत समय।

जब अइसन होखे ला, तब परमेश्वर के तरीका बेचैन हृदय पर छप जाला। उनकर नमूना एगो समूह अऊर व्यक्ति के जीवन में बिना दिहल जाला। परमेश्वर के रास्ता तइयार हो गइला के बाद -परमेश्वर के सुसमाचार ओह सही के देखा सकत बा जेकरा के उ गरहन करत रहलन। एह तरीका से एगो संस्था, एगो समूह, या एगो देश प्रभु यीशु के चेला बन सकत बाड़न।

बिना गिनती के बढ़ला म इ सोच के जरूरी बा कि "का खास बा" तरीका चाहे जेवन भी होखे -बड़हन सवाल हरमेशा उहे रही -बढ़िया जमीन केवन बा जे विश्वास के जोग रही? के परमेश्वर के तरीका के सीखी अऊर कोशिश करी अऊर दूसरा के बताई?

बढ़िया जमीन के खोजल-यानी बढ़िया हृदय के खोजल-हमनो के सगरी समय अऊर उर्जा (बल) अऊर कोशिश के जोग बा एकरा खातीर हमनी के आपन हृदय के लगाई ली जा। इ लोग खास तरीका से परमेश्वर के राज के बढ़ावे लन।

## चर्चा

**(10 मिनट)**

- एह वीडियो में रउवा सभे के सबसे रोमांचक विचार कवन बा? काहें?
- सबसे चुनौतीपूर्ण विचार का बा? काहें?

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**गति**

एह भाग में हमनी के सीखे के कि बढ़ल काहे जरूरी बा आऊर जल्दी से बढ़ल अऊर जरूरी काहे बा इ भाग चाल के बारे में बा। चाल समय के बारे में बा यानी चीज केतना तेजी से या धीरे से होखे ला। चाल में फरक पड़े ला काहे से कि जहवा हमनी के सगरी आपन सुख में बितावत बाड़न-एगो बड़ाई जेवन हरमेशा खातीर बनल रही। इ छोट समय में तबे होखे ला-जेकरा के हमनी के "जीवन" कहे ली जा।

परमेश्वर के वचन हमनी के बतावत बा कि परमेश्वर हमनी के संगे धीरज धरे लन। उ नइखन चाहत कि केहू के नाश होखे, बल्कि हर एगो के छुटकारा होखे। परमेश्वर हमनी के अऊर समय देत बाड़न काहे से कि उ जानत बाड़न कि हमनी के लगे समय बहुत कम बा जेकरा के करे खातीर उ हमनी के बोलवले

बाड़न अऊर ओह सगरी तक पहुंच खातीर उ बोलवले बाड़न।

प्रभु यीशु के पीछे करीब से चले खातीर, हमनी के उनकरा लोगन के पीछे अऊर तेजी से जाये के बा। हमनी के अपना समय से ना चल सकत बानी जा हमनी के आपन चाल बढ़ावे के पड़ी।

दुनिया के चर्च-प्रभु यीशु के सगरी चेला, पहिले से अऊर भी अधिका बार दुनिया के चर्च- प्रभु यीशु के सगरी चेला-दुनिया के अबादी में अब ले अऊर अधिका बड़हन हिस्सा। बाकी एतना बड़हन लोगन के गिनती (जन संख्या) के अलावा-दुनिया के चर्च, दुनिया के लोगन के गिनती के बराबरी (तुलना) में तेजी से नईखे बढ़त।

एकर मतलब बा कि जबकि प्रभु यीशु के चेलन के गिनती (संख्या) पहिले से अधिका बा, फिर भी बहुते लोग बाड़न जेवन प्रभु यीशु के पीछे ना चल रहल बाड़न अऊर हरमेशा खातीर आलगा जीवन जी हन,

पहिले से कही अधिका अइसन चेला बनइ ह जेवन बढ़ावत रहस, जरूरी बा। एगो चेला से शुरु करी। जदी उ बढ़त बाड़न जदी उ हर अठारह (18) महीना में एगो नया चेला बनावत बाड़न अऊर फेर उ चेला भी अइसही करत बाड़न-त दस साल में, प्रभु यीशु के चउसठ (64) नया चेला बन जइहन।

64 लोग आपन हरमेशा के जीवन प्रेम करे वाला परमेश्वर के संगे बितइहन।

बाकी जदी उ थोड़ा अऊर तेजी से आगे बढ़ीहन? जदी उ आपन चाल बढ़ा देस त?

जदी अब उ अठारह (18) महीना के बजाय चार (4) महिना में बढ़ जास, अऊर उ चेला भी ओसही करस-त दस (10) साल में, प्रभु यीशु के एक करोड़ नया चेला बन जइहन।

एकरा बारे में सोची, 100 से कम होखला के बजाय एक अरब (1000,000,000) से भी अधिका। केवल चाल बढ़ावला के जरिये।

18 महिना से 4 महिना जाये के मतलब बा हमनी के साढ़े चार गुना तेजी से बढ़ रहल बानी जा। बाकी 10 साल में हर एगो चेला पर एह बढ़ला के लागू कइला के मतलब बा परमेश्वर के परिवार डेढ़ करोड़ गुना तेजी से बढ़ रहल बा। सौ से कम 1 करोड़ से अधिका।

चाल जरूरी बा।

आपन अऊर परमेश्वर के कहानी बतावला से अऊर केहू के प्रभु यीशु में ले आवे से परमेश्वर के परिवार बढ़त बा। एगो नया चेला के बतावे के बा कि एकरा एही तरीका से कइसे कइल जाव, इ परमेश्वर के परिवार के जंगल के आगी के जईसन बढ़ावे ला। बहुत तेजी से।

एगो आटा में खमीर जइसन।

जूमे के जइसन।

चाल के जरिये।

## चर्चा

**(10 मिनट)**

- गति काहे जरूरी बा?
- गति खातिर परमेश्वर के प्राथमिकता के साथ बेहतर ढंग से तालमेल बइठावे खातिर रउवां के आपन सोच, रउआ के काम, चाहे रउआ के रवैया में का बदलाव करे के जरूरत बा?
- एह सप्ताह में रउरा कवन एगो काम कर सकेनी जवना से फरक पड़ी?

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**हमेशा दू गो कलीसिया के हिस्सा**

एह भाग में, हमनी के सीखल जाई कि प्रभु यीशु के चेला के बढ़ल अऊर विश्वास के जोग भइल धार्मिक परिवार के बढ़त विश्वासियन के शहर बनावे में मदद करे खातीर दुगो चर्च के भाग बन सकत बा। परमेश्वर के वचन में-हमनी के सीखे ली जा कि हमनी के खातीर उनकर सही योजना बा कि हमनी के धार्मिक परिवार के रूप में जीही जा। बाइबल एह परिवार के एगो चर्च के रूप में बतावत बा जेकर तीन गो तरीका बा।

· सगरी खातीर चर्च - सगरी विश्वासियन के बटोराइल, जेवन रहलन, जेवन बाड़न, जेवन होइहन।

· गाँव या शहर के चर्च - एगो शहर में या देश के केवनो भाग में विश्वासियन के बटोराइल।

· आसान चर्च - विश्वासियन के बटोराइल जेवन एगो छोट समूह में मिले लन जइसे कि एगो हवेली में या घर में।

इ सबसे छोट समूह - यानी बलवान चर्च एगो धार्मिक परिवार बा जेवन संगे जीवन जीये लन अऊर जब परिवार महिना या साल तक मिल के संगे काम क पइहन इ सबसे बढ़िया तरीका से काम करत बाड़न।

प्रभु यीशु अपना चेलन के आदेश दिहलन कि हरमेशा नया धार्मिक परिवार के शुरूआत करे के चाही अऊर उनकरा के बढ़ावे के चाही ताकि उ प्रभु यीशु के जइसन बनस, अऊर ओह लोगन के इ सीखावे के बा कि नया धार्मिक परिवार के शुरूआत कइसे कइल जाव।

प्रभु यीशु हमनी से कहले बाड़न कि-सगरी जातियन के लोगन के चेला बनाव, अऊर ओह लोगन के पिता, पुत्र अऊर पवित्र आत्मा के नाम से बपतिस्मा द, अऊर ओह लोगन के सगरी बात जेवन हम तोहन लोग के देले बानी, मानल सिखाव, त इ दुगो चीज संगे कइसे काम करे ला-हमनी के चर्च के एगो भाग होखे एगो अऊर नया चर्च के शुरूआत कइला के तरीका में कइसे शामिल हो सकी ली जा। उ हो एक ही समय में?

एगो आपन अधिकार के चर्च के सोची-केवल चार गो परिवार हर एगो जोड़ा, एगो अलगा पति-पत्नी के देखावत बा जेवन आपन घर चलावे लन। सगरी पति-पत्नी एगो चर्च के भाग बाड़न-इ उनकर धार्मिक परिवार बा। एकरा संगे उ जीवन बीतावे लन-भाई अऊर बहिन जेवन उनकरा से प्रेम से बढ़िया काम में मगन करत बाड़न।

इ पति-पत्नी एगो नया धार्मिक परिवार के शुरूआत करे खातीर भी काम करे लन जब नया धार्मिक परिवार के शुरूआत अऊर बढ़ल होखे ला, त उ आपन छोट समूह परिवार के जईसन भाग ना ले लन। बल्कि उ नमूना देखावे लल अऊर मदद करे लन।

सोची-केवल एगो चर्च नया चर्च के शुरू करत बाड़न। परमेश्वर एह तरीका से आपन परिवार के तेजी से बढ़ा सकत बाड़न। एह तरीका से चर्च आपन चाल के बढ़ा सकत बाड़न।

शुरू के भाग में हमनी के शिक्षा पवला के भाग के बारे में सीखनी ह जा- नमूना, मदद कइल, देखल अऊर छोड़ दिहल अऊर हमनी के जानत बानी जा कि इ पहिले दुगो भाग-नमूना अऊर मदद कइल जल्दी से करे के चाही-ताकि नया विश्वासी निरोग रहस अऊर अपना विश्वास में बढ़स।

खास चर्च अऊर ओह चार गो चर्च के संगे का होखे ला, जेवन उ शुरू कइले बाड़न?

नमूना दखावल अऊर मदद क के शुरू कइला के बाद, इ पति पत्नी (मुख चर्च) पहिले ही नया चर्च (पहिला पीढ़ी) के मदद क चुकल बाड़न, ताकि उ एकरा के दोहरावस (दूसरा पीढ़ी खातीर)।

एह नया चार गो चर्च खातीर (पहिला पीढ़ी) के बढ़लल देखत अऊर सीखत-जब उ नया चर्च (दूसरा पीढ़ी) के नमूना देखावे लन अऊर उनकर मदद करे लन।

बहुते लोग एगो से अधिका धार्मिक परिवार के नमूना देखावल अऊर मदद कइल ना क सके लन बाकी उनकरा बढ़ला में मदद क सकत बाड़न।

एकर मतलब बा एगो धार्मिक परिवार यानी एगो छोट समूह वाला चर्च एक ही समय में बहुते छोटे-छोटे समूह चर्च के शुरू कइला के भाग बन सकत बाड़न | इ बहुते अधिका फल बा।

सगरी चर्च के संगे का होखे ला- जब उ बढ़ेलन अऊर नया चर्च शुरू करे लन, फेर एगो अऊर नया चर्च के शुरू करे लन? उ कइसे जुटल रहे लन? अऊर एगो बड़हन धार्मिक परिवार के रूप में कइसे जीवन बीतावे लन?

एकर जबाब बा इ आसान चर्च शरीर के कोशिका के जईसन बढ़े लन अऊर एक संगे जुटे लन अऊर शहर या गाँव चर्च में रिस्ता बनावे लन।

चर्च एक दूसरा से जुटल रहे ला। उनकरा में एगो जईसन धार्मिक डी.एन.ए. (खुन के रिस्ता) होखे ला। इ सगरी बढ़े वाला पहिला परिवार से जुटल रहे लन।

अब उ - थोड़ा रास्ता देखावला के संगे - अऊर अधिका करे खातीर एगो बड़हन शरीर के रुप में एक संगे आवे लन।

---

## चर्चा

**(10 मिनट)**

एक जइसन लगातार आत्मिक परिवार बनवले राखे के का फायदा जे नया आत्मिक परिवार के जनम देला, उ लोग बढ़ेला आ गुणात्मक रूप से फैल जाला, ना कि पर बेर परिवार के बढ़ा के फेरु बढ़ावे खातिर बाँटल जाव।

---

## समीक्षा

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल सिद्धान्त:**

- असमान रुप से विकास के उम्मीद
- गति
- हमेशा दू गो कलीसिया के हिस्सा

---

**अगिला कदम**

## आज्ञा मानल

अपना दोस्त के साथ “गति” (“Pace”) के सिद्धान्त के साझा करे के अभ्यास करीं आ प्रभु से प्रार्थना करीं कि ऊ एकरा के रउरा दिल आ आत्मा में गहिराइ से बइठा देस। प्रभु से पूछीं कि उ केकरा से साझा करे के चाहत बाड़े।

## साझा कइल

अगर रउआ आपन साधारण कलीसिया शुरु कर चुकल बानी, त "हमेशा दू गो कलीसिया के हिस्सा" पैटर्न के ओह में मौजूद लोग के साझा करीं। अगर ना त एकरा के अपना जानल-पहचानल कवनो दोसरा विश्वासी के साझा करीं।

---

ZÚME

सत्र 17

## चेक-इन

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **4328**

## प्रार्थना

**(5 मिनट)**

प्रार्थना करीं अउर परमेश्वर के धन्यवाद दीं कि उ कइसे वचन, प्रार्थना, शरीर, अउर सताव अउर दुख के माध्यम से बोलत रहेलन। समूह के हर व्यक्ति खातिर प्रार्थना करीं कि उनकर आवाज सुने खातिर कान होखे अउर उनकर बात माने खातिर कृपा होखे।

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरूआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह सिद्धान्त के सुनब जा आ चर्चा करब जा:**

- नेटवर्क में नेतृत्व

**आ हमनी के एह टूल के अपना टूलकिट में जोड़ब जा:**

- कोचिंग चेकलिस्ट

## पढ़ी

**(5 मिनट)**

**नेटवर्क में नेतृत्व**

एह भाग में हमनी के सीखे के कि परचार (नेटवर्क) में लीडरशिप-छोट चर्च के बढ़त समूह के एक संगे काम कइल, नया लीडर तइयार कइल अऊर बढ़िया चीज के पवला में कइसे मदद करे ला जेकर योजना परमेश्वर आपन लोगन के खातीर कइले बाड़न।

चर्च के संगे का होला, जब उ बढ़े ला अऊर नया चर्च के शुरु करे लन जेवन एगो अऊर नया चर्च के शुरु करत बाड़न? उ कइसे जुटल रहत बाड़न? अऊर एगो बड़हन धार्मिक परिवार के रूप में कइसे जीयत बाड़न?

एकर जबाब बा इ सगरी सधारन (आसान) चर्च शरीर में कोशिका के जईसन बढ़े ला अऊर एक संगे जुटे ला अऊर शहर या गाँव चर्च में परचार (नेटवर्क) बनावे ला।

चर्च एक दूसरा से जुटल रहे ला। उनकरा लगे एगो जइसन धार्मिक डी.एन.ए. (खून) होखे ला। इ सगरी बढ़े वाला पहिला परिवार से जुटल रहे ला।

अब थोड़ा-रास्ता देखावला से-अऊर अधिका कइला के खातीर उ एगो बड़हन शरीर के रूप में संगे आवे लन।

परमेश्वर के वचन बतावत बा कि-शहर अऊर गाँव वाला जगह पर विश्वासी लोगन के बढ़ल देह के सेवा लीडर के नया समूह करे ला।

नया नियम में, चर्च एह चेलन के पुरान अऊर छोटा भविष्यवक्ता, भंडारी अऊर भेड़ के चरवाहा कहे लन।

परमेश्वर के वचन में हमनी के सीखे ली जा कि यरुशलेम शहर में बहुते छोट घरेलू चर्च के सेवकाई सात (7) गो सेवक के समूह -या छोट भविष्यवक्ता करत रहलन।

परमेश्वर के वचन में हमनी के सीखे ली जा कि इफिसुस शहर में बहुते घरेलू चर्च के सेवकाई पुरान-चरवाहा के छोट समूह के जरीये कइल जात रहल, जेकरा के बढ़िया चरवाहा प्रभु यीशु के उदाहरन पर चलल रहल अऊर भेड़न के खातीर आपन जान दिहल रहल।

शहर या गाँव में हमनी के लीडरशिप के पाँच गो वरदान देख ली जा।

परमेश्वर के वचन कहत बा 7 मसीह चेलन (प्रेरतो) भविष्यवक्ता, सुसमाचार के परचार करे वाला, पासवान (पास्टर) अऊर शिक्षा देबे वाला के धार्मिक वरदान दिहलन ताकि उ सेवा खातीर लोगन के तइयार करस अऊर मसीह के देह बढ़े पावे।

इ धार्मिक वरदान एह खातीर ना दिहल गइल कि छोट समूह चर्च के सगरी काम करस, बल्कि एह खातीर कि उ सेवा करस अऊर प्रभु यीशु के चेलन के काम के खातीर तइयार करस-ताकि विश्वासियन के सगरी देह संगे मिल के परमेश्वर के सगरी इच्छा के पूरा करस।

रउवा धार्मिक परिवार या इ जगह के अलावा इ लीडर आपस में मिले लन अऊर प्रार्थना करे लन अऊर सहभागिता करे लन अऊर एक दूसरा के साहस देलन, ठीक उहे तरीका से जइसे घर में केहू आसान चर्च करत रहल।

लीडरशिप शिक्षा दिहल सभा अऊर दोस्तन के तइयार कइला में 3/3 (तीन तिहाई) नमूना के लागू कइल गइल बा।

योजना बनावल, जाचल अऊर बढ़हन भाग पर सीखे खातीर चार गो क्षेत्रीय नमूना के लागू कइल गइल, जइसे कि इ एही जगह पर बा।

जब लीडर मिले लन त उ बतावे लन कि उनकरा संगे अऊर उनकरा परचार (नेटवर्क) में का हो रहल बा। उ परिवार के अगुवाई करे लन अऊर उनकरा हाल चाल के बारे में बतावे लन।

धार्मिक परिवार के परचार के खातीर केन्द्र एगो बढ़िया जगह बा, जहंवा से परचार शुरू होखे ला। एगो चर्च परचार (नेटवर्क) जेवन ताम्सा से शुरू होखे ला, उ ताम्या में शहर के चर्च होई, जब उ बढ़े ला अऊर सगरी राज में सेवकाई करे ला, त उ फ्लोरिड़ा में परचार के खातीर काम करिहन। जब उ देश में दुनिया में भेजल जालन अऊर सेवकाई करे लन, त उ देश अऊर विदेश में काम करे लन।

प्रभु यीशु कहले बाड़न-जदी तु कम में विश्वासी बाड़ त बहुते में विश्वासी होईब।

चर्च के इ परचार एक दूसरा से जुटल होखे ला, उनकर एक जईसन डी.एन.ए. (खून) अऊर एक ही जईसन शुरुआत के कारन : कबो-कबो परचार बहुते से परचार में बटा जाला भाषा (बोली) मिलला के मऊका या दूसरा कारन से।

इ बढ़ला के भाग बा ना कि दुःख के।

सीखल, आदेश मानल, अऊर परमेश्वर के वचन के बाटला खातीर, आसान चर्च अऊर चेलन के इच्छा एगो अभियान के धार्मिक डी.एन.ए. (खून) बा। जदी इ सही से पीढ़ी से पीढ़ी चर्च से चर्च, अऊर विश्वासी से विश्वासी के दे दिहल जाव, त चेला के बढ़े के नया अभियान के शुरुआत करे खातीर हर एगो जरूरी चीज धार्मिक परिवार में आऊर प्रभु यीशु के हर एगो चेलन में पहिले से ही मऊजूद रही।

जब अभियान, अभियान के शुरुआत करे ला, तब हमनी के शहर या राज या देश के आटा में "खमीर" के काम करत देख ली जा। परमेश्वर के राज एह तरीका से आवे ला कि परमेश्वर के इच्छा धरती पर ओही तरीका से पूरा होखे ला जइसे सरग में होखे ला। एह तरीका से सगरी देश के चेला बनावला के जरिये हमनी के एह खास अभियान के पूरा क सकत बानी जा।

## चर्चा

**(10 मिनट)**

जब साधारण कलीसिया के नेटवर्क गहिर, व्यक्तिगत रिश्ता से जुड़ल होखेला तऽ का कवनो फायदा होला? कुछ उदाहरण बताईं जे दिमाग में आवेला?

## पढ़ी

(5 मिनट)

**कोचिंग चेकलिस्ट**

जूम टूलकिट कोचिंग चेकलिस्ट यीशु कहलें - एकरा से बड़ प्रेम कवनो के नईखे - कि आपन संगी साथी खातिर आपन जान दे देस।" यीशु हमनी से कहलन अउर फेर, उ हमनी के बेर-बेर देखवलन परमेश्वर के परिवार बढ़िया ढ़ंग से बढ़ेला जब हमनी आपन इच्छा छोड़के परमेश्वर के इच्छा माने खातिर तइयार होखेनी। कोचिंग चेकलिस्ट ई एगो साधारण टूल बा जवना के इस्तेमाल करके रउआ आपन मार्गदर्शन कर सकेनी जब रउवां जूम ट्रेनिंग के अलग-अलग हिस्सा के माध्यम से दूसरा लोगन के सहायता करेनी जइसे कि नियमित प्रशिक्षण चाहे उनकर 100 लोगन के सूची। रउआ दूसरा लोगन में कवन कौशल के विकास देखल चाहत बानी? उ कवन-कवन क्षेत्र बा जेकरा में अबहियों विकास के जरूरत बा? कोचिंग चेकलिस्ट होखला से रउरा के ध्यान केंद्रित होखे में मदद मिली अउर यीशु के अनुयायी बनावे घरी रउरो के जुड़ल रहे में मदद करी रउआ जहँवा जाईं, परमेश्वर के परिवार खातिर अगुवा तइयार करीं। हाँ, एकरा में समय अउर मेहनत के जरूरत होखेला। हाँ, एकर मतलब बलिदान होखेला परमेश्वर के उत्तम योजना खातिर आपन मन के ईच्छा के छोड़ दीं। अउर एगो बात, ई ओह सब चीजन से बढ़ के बा, आ एकदम से लायक बा। कोचिंग चेकलिस्ट ई जूम टूलकिट के एगो आसान टूल बा जवना से कि जिनगी के सबसे बड़हन खेल में रउवां के बनल रहे में मदद करी -- परमेश्वर के काम।

---

## गतिविधि

(20 मिनट)

**कोचिंग चेकलिस्ट**

- लाइन 1 के इस्तेमाल करके अपना खुद के मूल्यांकन करीं आ कोचिंग चेकलिस्ट पर संबंधित कॉलम के चिन्हित करीं।

### आत्म-मूल्यांकन

**सुनले बानी** - का हम एह टूल चाहे सिद्धान्त के बारे में सुनले बानी?
**मानले बानी** - का हम एह टूल चाहे सिद्धान्त के पालन कइले बानी? अगर कवनो टूल बा तऽ का हम एकर अभ्यास खुद कइले बानी? अगर कवनो सिद्धान्त बा तऽ का रउआ एह बात पर मनन कइले बानी कि ई राउर नजरिया के कइसे बदल देला?
**साझा कइले बानी** - का हम ई टूल चाहे सिद्धान्त साझा कइले बानी? अगर कवनो टूल बा तऽ का रउआ केहू के एह टूल के इस्तेमाल देखवले बानी? अगर कवनो सिद्धान्त बा तऽ का रउआ एह सिद्धान्त के केहू से साझा कइले बानी?
**प्रशिक्षित भइल बानी** - का हम दोसरा के एह टूल चाहे सिद्धान्त के साझा करे खातिर प्रशिक्षण देले बानी? अगर कवनो टूल बा तऽ का हम केहू के प्रशिक्षित कइले बानी कि ऊ ओह टूल के केहू दोसरा से साझा कर सके? अगर कवनो सिद्धान्त बा तऽ का हम केहू के प्रशिक्षित कइले बानी कि ऊ ओह सिद्धान्त के केहू दोसरा से साझा कर सके?

---

### चेला के विकास स्तर

**अनजान** - का चेला ओह टूल से अनजान बा, अपरिचित बा, चाहे गलतफहमी में बा?
**अकुशल (बिना कौशल वाला)** - का चेला टूल से कुछ परिचित बा बाकि अभी तक टूल के बारे में निश्चित नईखे?
**कुशल** - का चेला ओह टूल के समझेला आ ओह टूल के बुनियादी बात के प्रशिक्षित करे में सक्षम बा?

**हुनर वाला** - का चेला आत्मविश्वास महसूस करेला आ ओह टूल के प्रभावी ढंग से प्रशिक्षित करे में सक्षम बा?

## मार्गदर्शक के भूमिका

**मॉडल (नमूना) - (नया जानकारी के सिखाईं आ समझ सुनिश्चित करीं)** मॉडलिंग के मतलब बा कवनो अभ्यास चाहे टूल के एगो उदाहरण प्रस्तुत कइल। ई नियमित प्रशिक्षण के सबसे छोट हिस्सा होखेला। आमतौर पर एकरा खाली एक बेर करे के जरूरत होखेला। एकर उद्देश्य खाली ई जागरूकता पैदा कइल होखेला कि कवनो अभ्यास चाहे टूल मौजूद बा अउर ई सामान्य रूप से कइसन दिखेला। बेर-बेर मॉडलिंग कइल केहू के तइयार करे के कवनो कारगर तरीका नइखे।

**सहायता - (जबतक उ लोग के बुनियादी बात के समझ ना ले तब तक ओह लोग के साथे रहीं)** सहायता के मतलब बा सीखे वाला के कौशल के अभ्यास करे के अनुमति दिहल। एह चरण मॉडलिंग के तूलना में जादे समय लेवेला। एकरा खातिर मार्गदर्शक के ओर से "हाथ पकड़े" के जरूरत होखेला। मार्गदर्शक के निर्देशन देवे के जरूरत होखेला अउर सक्रिय रूप से कोचिंग देवे के जरूरत होखेला। ई चरण तबले ना चलेला जबले सीखावे वाला पूरा तरह से सक्षम ना हो जाव, बल्कि महज तबले चलेला जबले ऊ ओह बुनियादी चीज के समझ ना जाव। अगर ई चरण बहुत लंबा खिंच जाला तऽ सीखावे वाला पर निर्भर हो जाई अउर उ कबो पूरा क्षमता में ना बढ़ी।

**देखल- (जब तक उ लोग सक्षम ना हो जास तब तक जुड़ल रहीं)** देखल सबसे लंबा चरण बा। एह में सीखल जाए वाला से सीधा संपर्क कम हो जाला अउर जादा अप्रत्यक्ष रूप में होला। एकर उद्देशय बा कि पूरा पहलू में सीखे वाला के पूरा कौशल दिहल जाव। ई चरण पहिला दू गो चरण के मिला के दस गुना चाहे ओकरा से जादा लंबा हो सकेला। जइसे-जइसे सीखे वाला के कौशल बढ़े लागेला, तऽ मार्गदर्शक से संपर्क धीरे-धीरे कम हो जाला आ जब जरूरत हो तबे संपर्क होखेला।

**छोड़ल - (सहकर्मी के रूप में रिश्ता राखीं)** छोड़ल एक तरह से ग्रेजुएशन होला जब सीखल आदमी मार्गदर्शक के साथी बन जाला। समय-समय पर संपर्क आ साथी लोग के मार्गदर्शन जारी रह सकेला अगर सीखल जाए वाला आ मार्गदर्शक एकही नेटवर्क में होखे। जब कवनो अभिभावक कवनो बच्चा के पूरा तरीका से बिना देखरेख के साइकिल चलावे खातिर छोड़ देवेला तऽ उहे छोड़ल चरण होखेला।

# कोचिंग चेकलिस्ट

| | | **सुनले बानी** | **मानले बानी** | **साझा कइले बानी** | **प्रशिक्षित भइल बानी** |
|---|---|---|---|---|---|
| *आत्म-मूल्यांकन ...* | 1 | | | | |
| *चेला के विकास स्तर ...* | 2 | अनजान | अकुशल (बिना कौशल वाला) | कुशल | हुनर वाला |
| *मार्गदर्शक के भूमिका ...* | 3 | **मॉडल (नमूना)** नया जानकारी के सिखाईं आ समझ सुनिश्चित करीं | **सहायता** जबतक उ लोग के बुनियादी बात के समझ ना ले तब तक ओह लोग के साथे रहीं | **देखल** जब तक उ लोग सक्षम ना हो जास तब तक जुड़ल रहीं | **छोड़ल** सहकर्मी के रूप में रिश्ता राखीं |
| *मार्गदर्शक के व्यवहार ...* | 4 | निर्देशित करीं आ सूचित करीं | निर्देशित करीं आ सहयोग करीं | सहयोग करीं आ प्रोत्साहित करीं | अपडेट प्राप्त करीं |
| *योजना के जिम्मेदारी ...* | 5 | मार्गदर्शक तय करेलन | चर्चा करीं, अउर मार्गदर्शक तय करेलन | चर्चा करीं, आ चेला तय करेला | चेला तय करेला |

## प्रशिक्षण के टूल/सिद्धान्त

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| परमेश्वर साधारण लोगन के उपयोग करेलें | | | | | |
| चेला अउर कलीसिया के सरल परिभाषा | | | | | |
| आत्मिक साँस लिहल परमेश्वर के सुनल अउर उनकर आज्ञा मानल बा | | | | | |
| एस.ओ.ए.पी.एस. बाइबिल अध्ययन | | | | | |
| उत्तरदायित्व समूह | | | | | |
| उपभोक्ता बनाम उत्पादक के जिनगी के तरीका | | | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| एक घंटा प्राथना में कइसे बिताईं | | | | | |
| सम्बन्धन के जिम्मेदारी - 100 गो के सूची | | | | | |
| आत्मिक अर्थव्यवस्था | | | | | |
| सुसमाचार के कइसे साझा कइल जाव | | | | | |
| बपतिस्मा अउर एकरा कइसे करीं | | | | | |
| आपन 3-मिनट के गवाही तइयार करीं | | | | | |
| दर्शन साझा कइल सबसे बड़ आशीर्वाद बा | | | | | |
| बत्तख के बच्चा के जइसन चेलापन – तुरंत अगुवाई करेला | | | | | |
| देखे खातिर आँख हो कि परमेशवर के राज्य कहँवा नइखे | | | | | |
| प्रभु भोज अउर एकर अगुवाई कईसे कईल | | | | | |

## चर्चा

**(10 मिनट)**

- रउआ के कवन कवन टूल आ सिद्धान्त अतना आसान लागेला कि रउआ ओह के बढ़िया से सीखा सकीं?
- रउआ के कवन-कवन टूल आ सिद्धान्त अइसन लागल जेरा से सिखावे में रउआ के दिक्कत हो सकेला?
- का कवनो अइसन टूल चाहे सिद्धान्त बा जेकरा के रउआ चेकलिस्ट में जोड़े चाहे हटावे के चाहब? काहें?

**याद राखीं - आपन कोचिंग चेकलिस्ट के नतीजा आपन प्रशिक्षक सहयोगू चाहे कवनो अउर मार्गदर्शक से जरूर साझा करीं।**
रउरा लगे कोच चाहे मार्गदर्शक नइखे तऽ क्यूआर कोड स्कैन करीं आ अबहीं एकर अनुरोध करीं।

## समीक्षा
**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल सिद्धान्त:**

- नेटवर्क में नेतृत्व

**एह सत्र में सुनल गइल टूल:**

- कोचिंग चेकलिस्ट

**अगिला कदम**

## आज्ञा मानल

अपना खातिर एगो अगिला कदम के पहचान करीं, चाहे ऊ नमुना बनावल, मदद कइल, देखल चाहे छोड़ल होखे, जे रउरा के ओह चेला के उठावे के बा जेकरा रउआ कोचिंग चेकलिस्ट में आकलन कइले रहीं।

## साझा कइल

“नेटवर्क में अगुवाई” के सिद्धान्त केहू दोसरा से साझा करीं। फेरु ओह लोग के प्रशिक्षित करीं कि ऊ लोग एकरा के केहू दोसरा से साझा कर सके।

ZÚME

सत्र 18

**चेक-इन**

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **6548**

**प्रार्थना**

**(5 मिनट)**

प्रार्थना करीं अउर परमेश्वर के धन्यवाद दीं कि उनकर राह हमनी के राह नइखे अउर उनकर विचार हमनी के विचार नइखे। उनकरा से कहीं कि उ राउर समूह के हर सदस्य के मसीह के मन देस - हमेशा उनकर पिता के काम पर ध्यान लगवले रहीं। पवित्र आत्मा से कहीं कि उ रउरा सभे के समय के अगुवाई करस अउर एह सत्र के अभी तक के सबसे बढ़िया सत्र बना देस।

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरुआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह सिद्धान्त सभ के सुनब जा अउर चर्चा करब जा:**

- फोर फिल्ड
- पीढ़ीयन के मानचित्र

**फोर फील्ड आ पीढ़ीयन के मानचित्र अइसन टूल बा जे बढ़त आंदोलन के प्रयास के सेवा खातिर बनावल गइल बा।**

याद राखीं: जूम कोच राउर स्थानीय इलाका में एह टूल के लागू करे में मदद करे खातिर उपलब्ध बाड़न।

**फोर फिल्ड**

यीशु अक्सर आपन चेलन के सेवकाई से हटा के शांत जगहन पर ले जात रहलन ताकि उ लोग काम के प्रगति के समीक्षा कर सकस।

फोर फील्ड के इस्तेमाल एगो अगुवाई कोशिका द्वारा वर्तमान प्रयास आ अपना आसपास के राज्य के गतिविधि पर चिंतन करे खातिर कइल जाला। खास तौर पर ई अगुवा लोग के प्रयास के संतुलन बनवले राखे में मदद करेला, ताकि कवनो क्षेत्र के अनदेखी ना कईल जाए।

अगिला दू गो स्लाइड के समीक्षा करीं: क्षेत्र के विवरण आ फोर फील्ड के उदाहरण

**क्षेत्र के विवरण**

- खाली क्षेत्र: रउआ कहँवा चाहे [कवन जाति समूह] के संगे परमेश्वर के राज्य के विस्तार करे के योजना बनावत बानी?
- बीया लगावे वाला क्षेत्र: रउआ परमेश्वर के राज्य के सुसमाचार कहाँ चाहे कवन लोगन के साझा कर रहल बानी? रउआ ई कइसे कर रहल बानी?
- बढ़ोतरी के क्षेत्र : रउआ लोगन के आत्मिक, व्यक्तिगत अउर उनकर स्वाभाविक सम्पर्क समूह में कइसे तइयारी करत बानी आ बढ़ावत बानी?
- फसल काटे के क्षेत्र: नया आत्मिक परिवार [साधारण कलीसिया] कइसे बनावल जा रहल बा?
- गुणात्मक करे वाला क्षेत्र : रउआ केकरा साथे, कइसे आ कब वफादार लोग के चयन कर रहल बानी आ ओह लोग के तइयार कर रहल बानी आ फेरु से उत्पन्न कइल खातिर जवाबदेह बना रहल बानी?

**फोर फील्ड के उदाहरण**

चार गा क्षेत्र वाला भाग




गतिविधि के संसाधन

## चर्चा

**(10 मिनट)**

- अपना आसपास के खाली क्षेत्र के पहचान करीं। रउआ जवन समुदायन चाहे जाति समूह से जुड़ल बानी, उ लोगन में कवन समूह अइसन बा जेकरा में सुसमाचार के गतिविधि नइखे हो रहल बा?
- अगर कवनो इलाका के उपेक्षा होखे तऽ दीर्घकालिक विकास पर कवन असर पड़ेला? उदाहरण दीं।
- कवन ज़ूम टूल कवना क्षेत्र में मदद कर सकेला?

**प्रार्थना**
**(5 मिनट)**

थोड़ा देर रुक के परमेश्वर के बात सुनीं अउर पूछीं कि का फोर फील्ड के चर्चा के आधार पर रउआ चाहे रउआ के समूह के कवनो कदम उठावे के जरूरत बा कि ना।

---

**पीढ़ीयन के मानचित्र**

पीढ़ीगत मानचित्र (पीढ़ीगत मानचित्र चाहे जेन मैपिंग) एगो अउरी सरल टूल बा जे कवनो आंदोलन के अगुवा लोग के अपना आसपास के बढ़ती के समझे में मदद मिले ला।


एगो पीढ़ी के कागज के टुकड़ा पर पीढ़ीयन के मानचित्र बनाईं। ई नक्शा ई देखावे में मदद करी कि गुणात्मक वृद्धि में कहँवा ठहराव भइल अउर कहँवा प्रशिक्षण के जरूरत पड़ सकेला। आंदोलन के स्वास्थ्य, अगुवा लोगन खातिर सबसे बड़ चिंता के विषय बा अउर फलदायी स्वास्थ्य के माप के एगो शीर्ष तरीका बा।

अगिला स्लाइड पर उदाहरण देखल जाव।

---

**पीढ़ी के मानचित्रण के उदाहरण**

खानदानी नक्शा पर आसान कलीसिया लागू कईला के तरीका




गतिविधि के संसाधन

## चर्चा

**(10 मिनट)**

निम्नलिखित पर चर्चा करे खातिर पीढ़ीयन के मानचित्र के उदाहरण के इस्तेमाल करीं:

- कवन-कवन अगुवा गुणात्मक वृद्धि देख रहल बाड़न?
- अगिला बेर कवन समूह के गुणात्मक वृद्धि होखे के उम्मीद करब?
- कवन अगुवा दोसरा अगुवा के मदद कर सकेला अउर उनका मजबूत बना सकेला?
- का रउआ कवनो पीढ़ी में कमजोर जवाबदेही के कवनो तरीका देखत बानी?

## समीक्षा

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल सिद्धान्त:**

- फोर फिल्ड
- पीढ़ीयन के मानचित्र

**अगिला कदम**

## आज्ञा मानल

हर एक जूम प्रशिक्षण सामग्री के देखीं अउर ई तय करीं कि उ कवन क्षेत्र से जुड़ल बा। फोर फिल्ड के चार्ट पर ओह सामग्री के चिन्हित करीं।

## साझा कइल

पीढ़ी के मानचित्र टूल के एगो अउरी विश्वासी के साथे साझा करीं जेकरा के रउआ जानत बानी। ई एगो दर्शन बतावे के अभ्यास होई।

ZÚME

सत्र 19

**चेक-इन**

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **7657**

**प्रार्थना**

**(5 मिनट)**

प्रार्थना करीं अउर परमेश्वर के धन्यवाद दीं कि ऊ हमनी के मसीह के देह दिहलें। प्रार्थना करीं कि राउर समूह के हर सदस्य के बीच आपसी प्रेम अउर उत्साह बढ़े जइसे रउआ यीशु के नजदीक आवेनी।

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरुआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह टूल के अपना टूलकिट में जोड़ब जा:**

- साथी मार्गदर्शन समूह

## पढ़ीं

**(5 मिनट)**

**साथी मार्गदर्शन समूह**

जूम टूलकिट पीयर मेंटरिंग समूह यीशु कहलें – हम तोहनी के एगो नया आज्ञा देत बानी: कि एक दूसरा से प्रेम राखीं। जइसे हम रउरा से प्रेम रखले बानी, ओइसहीं रउओ एक दूसरन से प्रेम राखीं। तऽ एही से सभ जानिहें कि तू हमार चेला हउअ। अगर रउआ एक दूसरन से प्रेम करब पीयर मेंटरिंग समूह ई एगो अइसन समूह हऽ जवना में अगुआई करे वाला लोग शामिल बाड़न 3/3 गो के समूह शुरू करीं। 3/3 फॉर्मेट के पालन करेला ई एगो दमदार तरीका बा अपना इलाका में परमेश्वर के काम के आत्मिक हालात के परखे खातिर। पीयर मेंटरिंग समूह में अगुवाई करे वाला लोग, अगुवा से अगुवा आपस में एक दूसरन के सिखावेला यीशु के व्यक्तिगत अनुयायी लोग के साथे अउर साधारण कलीसिया के साथे, पीयर मेंटरिंग समूह के साथे चाहे एगो वैश्विक साधारण कलीसिया नेटवर्क के साथे जे दुनिया भर में पहुँचेला। पीयर मेंटरिंग समूह पवित्रशास्त्र से यीशु के सेवकाई के उदाहरण के पालन करीं, एक दूसरा से सवाल पूछीं आ प्रतिक्रिया दीं -- 3/3 समूह पर आधारित एकही बुनियादी समय संरचना के सभ केहू इस्तेमाल करीं। एह समूहन के मकसद दोष निकालल नइखे – एक सदस्य के ऊपर उठावल अउर दूसर के नीचे गिरावल छोड़ीं। यीशु कहलें – "दोष ना लगाईं, कि रउरो पर दोष ना लगावल जाव। काहेंकि जवना तरह रउआ दोष लगावेनी, ओह तरह से रउरो पर दोष लगावल जाई, आ जवना नाप से रउआ नापेनी, ओही नाप से रउरो खातिर नापल जाई।" एकरा बदले, पीयर मेंटरिंग ग्रुप के उद्देश्य ई बा कि यीशु के अनुयायी लोग के एगो सरल ढ़ांचा दिहल जाव कि प्रार्थना के जरिए बढ़े, आज्ञाकारिता, आवेदन अउर जवाबदेही खातिर। दोसरा शब्दन में कहीं तऽ -- "एक दुसरा से प्रेम करीं" ई अइसे काम करेला: फेरु से पीछे जाईं पहिला तिहाई के दौरान – प्रार्थना में समय बिताईं ठीक ओइसहीं जइसे रउवां एगो सामान्य 3/3 ग्रुप में देखभाल में समय बितावे खातिर करेनी। फेरु समूह के दर्शन बतावे में समय बिताईं – हमनी के व्यक्तिगत रूप से यीशु में केतना बढ़िया से जुड़ल बानी जा जब हमनी के पवित्रशास्त्र के पढ़ेनी जा, प्रार्थना करीं, परमेश्वर पर भरोसा राखीं अउर उनकर आज्ञा मानीं, अउर सही तरीका से रिश्तन के निभाईं? अंत में एह पहिला तिहाई के दौरान, समूह में समीक्षा करीं अउर जवाब दीं हर आदमी के व्यकितिगत कार्य योजना आ प्रतिबद्धता के बारे में पिछला सत्र में बनावल गइल बा। ऊपर जाईं समूह के समय के बीच के तिहाई हिस्सा परमेश्वर के बुद्धि आ मार्गदर्शन के खोज में बीतेला पवित्रशास्त्र, चर्चा अउर प्रार्थना के माध्यम से। एगो छोट अउर सरल प्रार्थना करीं, परमेश्वर से प्रार्थना करीं कि ऊ रउरा के आपन इच्छा सिखावस आ उनकर राह के, उनकर वचन के माध्यम से जानब। पवित्र आत्मा से आपन समय के अगुवाई करे खातिर प्रार्थना करीं। समूह के सदस्य लोगन के साझा करे के चाहीं उ लोग प्रभु से सीखले बाड़न अपना अगुवाई के क्षेत्र के बारे में – परमेश्वर के वचन से, प्रार्थना के जरिये चाहे अन्य

अनुयायी लोगन के जरिये। निम्नलिखित सरल सवालन पर समूह में चर्चा करीं: पहिला- रउआ चारो हिस्सा के हरेक भाग में कईसन प्रदर्शन कर रहल बानी? दूसरा- बढ़िया से काम चल रहल बा? राउर सबसे बड़ चुनौती का बा? तीसरा- आपन वर्तमान पीढ़ी के नक्शा के समीक्षा करीं। चौथा- रउरा खातिर का चुनौति रहे चाहे रउरा के का समझे में दिक्कत भईल? पाँचवा- परमेश्वर, रउरा के हाल ही में का देखावत बाड़ें? छठा- कवनो सवाल चाहे प्रतिक्रिया बा अनुभवी अगुवा लोग से चाहे दोसरा प्रतिभागियन से? आगे देखीं समूह के आखिरि तिहाई हिस्सा आगे देखे में बितेला जे हमनी के सिखले बानी जा, ओकरा लागू करे अउर पालन करे खातिर हमनी मे से हर केहू कइसे काम कर सकेनी। समूह में सब लोगन साथे मौन प्रार्थना में समय बिताईं पवित्र आत्मा से प्रार्थना करीं कि उनकरा के देखावे कि एह सवालन के जवाब कइसे दिहल जाईं: सातवां - परमेश्वर हमरा से कवन काम के योजना चाहे लक्ष्य के अमल में लावे खातिर निर्धारित कइले बाड़न अगिला बेर हमनी के एक संगे होखे से पहिले? (आपन काम पर ध्यान लगावे खातिर फोर फ़ील्ड्स टूल के उपयोग करी) आठवां - एह कार्य में हमार मेंटर चाहे कवनो अउर समूह सदस्य हमरा के कईसे मदद कर सकेलन? आखिर में पुरा समूह एक साथ बइठ के प्रार्थना में परमेश्वर से बात करीं। समूह में सब लोग मिल के एह तरह से प्रार्थना करीं कि हरेक सदस्य खातिर अलग-अलग प्रार्थना होखे परमेश्वर से मांगीं कि ओह सब लोग के दिल तइयार करस समूह, आपन अलगा रहे के दौरान ऊ लोगन से सम्पर्क राखी। परमेश्वर से प्रार्थना करीं कि समूह के हरेक सदस्य के हिम्मत अउर ताकत देस कि ऊ लोग एह सत्र में परमेश्वर से सिखल बात के अपनावस अउर पालन कर सकस। अगर कवनो अनुभवी अगुवा के कवनो जवान अगुवा खातिर विशेष प्रार्थना करे के जरूरत होखे, तऽ ओह प्रार्थना खातिर ई सही समय बा। चूँकि ई समूह अक्सरहाँ दूर-दूर पर मिलेला, एह से रउरा के प्रभु भोज मनावे के संभावना कम बा चाहे एक साथे खाना साझा कइल, बाकि स्वास्थ्य, परिवार अउर दोस्त सब के बारे में जाने खातिर जरूर समय निकालीं। यीशु हमनी के बेर-बेर देखवलें कि भले ही उ सबसे महत्वपूर्ण काम पूरा कईले, उ हमेशा ओह लोगन खातिर जेकरा से उ प्रेम करत रहलें समय निकाल के ओह काम सब के संतुलित कइलें। पीयर मेंटरिंग समूह ई जूम टूलकिट के एगो सरल बाकि रणनीतिक टूल बा जे मजबूत अगुवन के विकास करे में मदद करेला।

---

## गतिविधि

**(45 मिनट)**

**साथी मार्गदर्शन समूह अभ्यास**

- दू-तीन गो के समूह में बँट जाईं। 3/3 फॉर्मेट साथी मार्गदर्शन समूह के रूपरेखा के इस्तेमाल करीं।
- समूह में से एगो आदमी के "सीखे वाला"(Mentee) चुन लीं आ बाकी लोग साथी मार्गदर्शक" (Peer Mentors) बन के सुझावल गइल सवालन के सूची के जरिए ओकरा पर काम करीं।

**पीयर मेंटरिंग ग्रुप के नेतृत्व करे खातिर सरल प्रारूप:**

**पीछे मुड़ के देखल जाव - राउर समय के 1/3 हिस्सा**

पहिला तिहाई के दौरान- प्रार्थना में समय बिताईं ठीक ओइसहीं जइसे रउवां एगो सामान्य 3/3 ग्रुप में देखभाल में समय बितावे खातिर करेनी। फेरु समूह के दर्शन बतावे आ पहिले के वादा में ओकर निष्ठा पर ध्यान दीं: रउआ यीशु में केतना बढ़िया से जुड़ल बानी? [पवित्रशास्त्र के पढ़ेनी जा, प्रार्थना करीं, परमेश्वर पर भरोसा राखीं अउर उनकर आज्ञा मानीं, अउर सही तरीका से रिश्तन के निभाईं?] का राउर समूह पिछला सत्र से राउर कार्य योजना पूरा कइलस? ओह लोग के समीक्षा करीं।

**ऊपर जाईं - राउर समय के 1/3 हिस्सा**

निम्नलिखित सरल सवालन पर समूह में चर्चा करीं:

- रउआ चारो हिस्सा के हरेक भाग में कईसन प्रदर्शन कर रहल बानी?
- बढ़िया से काम चल रहल बा? राउर सबसे बड़ चुनौती का बा?

- आपन वर्तमान पीढ़ी के नक्शा के समीक्षा करीं।
- रउरा खातिर का चुनौति रहे चाहे रउरा के का समझे में दिक्कत भईल?
- परमेश्वर, रउरा के हाल ही में का देखावत बाड़ें?
- कवनो सवाल चाहे प्रतिक्रिया बा अनुभवी अगुवा लोग से चाहे दोसरा प्रतिभागियन से?

**आगे देखीं – राउर समय के 1/3 हिस्सा**

समूह में सब लोगन साथे मौन प्रार्थना में समय बिताईं पवित्र आत्मा से प्रार्थना करीं कि उनकरा के देखावे कि एह सवालन के जवाब कइसे दिहल जाईं:

- अगिला बेर हमनी के एक संगे होखे से पहिले परमेश्वर हमरा से कवन काम के योजना चाहे लक्ष्य के अमल में लावे खातिर निर्धारित कइले बाड़न? (आपन काम पर ध्यान लगावे खातिर फोर फ़ील्ड्स टूल के उपयोग करीं)
- एह कार्य में हमार मेंटर चाहे कवनो अउर समूह सदस्य हमरा के कईसे मदद कर सकेलन?

आखिर में पुरा समूह एक साथ बइठ के प्रार्थना में परमेश्वर से बात करीं। समूह में सब लोग मिल के एह तरह से प्रार्थना करीं कि हरेक सदस्य खातिर अलग-अलग प्रार्थना होखे, परमेश्वर से मांगीं कि ओह सब लोग के दिल तइयार करस। समूह, आपन अलगा रहे के दौरान ऊ लोगन से सम्पर्क राखी। परमेश्वर से प्रार्थना करीं कि समूह के हरेक सदस्य के हिम्मत अउर ताकत देस कि ऊ लोग एह सत्र में परमेश्वर से सिखल बात के अपनावस अउर पालन कर सकस। अगर कवनो अनुभवी अगुवा के कवनो जवान अगुवा खातिर विशेष प्रार्थना करे के जरूरत होखे, तऽ ओह प्रार्थना खातिर ई सही समय बा। चूँकि ई समूह अक्सरहाँ दूर-दूर पर मिलेला, एह से रउरा के प्रभु भोज मनावे के संभावना कम बा चाहे एक साथे खाना साझा कइल, बाकि स्वास्थ्य, परिवार अउर दोस्त सब के बारे में जाने खातिर जरूर समय निकालीं।

---

## समीक्षा

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में सुनल गइल टूल:**

- साथी मार्गदर्शन समूह

---

**अगिला कदम**

## आज्ञा मानल

अपना ज़ूम प्रशिक्षण समूह से चर्चा करीं कि सदस्य लोग प्रशिक्षण के समापन के बाद भी एक पीयर मेंटरिंग समूह के रूप में मिलल जारी रखे खातिर तइयार बा कि ना।

## साझा कइल

"पीयर मेंटरिंग ग्रुप" के सिद्धान्त के अपना 100 लोगन के सूची में से दुगो विश्वासियन से साझा करीं।

---

ZÚME

सत्र 20

## चेक-इन

**(1 मिनट)**

सभे प्रतिभागी अउर स्वयं संचालक के चेक-इन करा लीं।

चाहे zume.training/checkin कोड के इस्तेमाल करीं: **2767**

## प्रार्थना

**(5 मिनट)**

प्रार्थना करीं अउर परमेश्वर के धन्यवाद दीं कि उ हमनी के बीच आपन अच्छाई के काम पूरा करे में वफादार बाड़ें।

उनकरा से कहीं कि उ रउआ के समूह के साफ दिमाग अउर खुलल दिल देस जइसन कि ऊ रउरा जरिए उ महान काम कइल चाहत बाड़ें।

पवित्र आत्मा से कहीं कि ऊ रउआ लोगन के समय के अगुवाई करस अउर उनकरा वफादारी खातिर धन्यवाद दीं। ऊ रउरा के पार कर दिहले!

## पीछे मुड़ के देखीं

**(5 मिनट)**

शुरूआत करे से पहिले कुछ समय निकाल के पीछे मुड़ के देखीं।

पिछला सत्र के आखिर में, रउरा समूह के हर सदस्य के जे रउआ सिखले रहीं, ओकरा अभ्यास में लावे के चुनौती दिहल गइल रहे।

कुछ पल निकाल के देखीं कि ई सप्ताह राउर समूह कइसन कइलस।

**हौसला राखीं .. .**

हो सकेला कि रउआ एकरा के ना जानत होखब, लेकिन रउआ के अब दुनिया भर के कई गो पास्टर अउर मिशनरी लोग से ज्यादा साधारण कलीसिया शुरू करे अउर बढ़ोतरी करे वाला चेला बनावे के ज्यादा व्यावहारिक प्रशिक्षण बा!

बाकि जूम प्रशिक्षण तऽ बस शुरुआत बा! एह सत्र में हमनी के एगो योजना बनाइब जा कि प्रशिक्षण के बाद का होखी।

## अवलोकन

**(1 मिनट)**

**एह सत्र में हमनी के एह टूल के अपना टूलकिट में जोड़ब जा:**

- तीन महीना के योजना

**तीन महीना के योजना**

परमेश्वर अपना पवित्र बाइबिल में कहेलें, "हम जानत बानी कि हम रउआ खातिर जवन योजना बनवले बानी ऊ कइसन बा, ऊ राउर भलाई खातिर बा, ना कि राउर नुकसान खातिर, ऊ रउरा के आशा अउर एगो बढ़िया भविष्य देवे खातिर बा।"

परमेश्वर योजना बनावेलन, अउर ऊ हमनी से भी योजना बनावे के उम्मीद करेलन।

तीन महीना के योजना एगो अइसन टूल बा जवना के इस्तेमाल रउआ आपन ध्यान अउर प्रयास के केंद्रित करे में मदद करे खातिर कर सकेनी अउर ओकरा के गुणात्मक वृद्धि करे वाला चेला बनावे खातिर परमेश्वर के प्राथमिकता के साथ मिला के रख सकेनी।

अगिला स्लाइड में रउरा के देखावल जाई कि कइसे आपन तीन महीना के योजना बनावल जा सकेला. हम सुझाव देत बानी कि ऑनलाइन टूल के इस्तेमाल करीं।

---

## गतिविधि

**(30 मिनट)**

**आपन तीन महीना के योजना बनाईं**

- पढ़ीं – रउआ के हरेक चीज खातिर प्रतिबद्ध होखे के जरूरत नइखे, ई सब राउर योजना ला प्रेरणा देवे खातिर बा। (5 मिनट)
- सुनीं - समय निकाल के शांत होके सुनीं कि परमेश्वर का प्रकट करे के चाहलें। (10 मिनट)
- आपन योजना रिकार्ड करीं - एगो कागज पर प्रतिबद्धता लिखीं चाहे आपन जवाब सेव करे खातिर ऑनलाइन टूल के इस्तेमाल करीं। (15 मिनट)

हम आपन कहानी [गवाही] अउर परमेश्वर के कहानी [सुसमाचार] के अनुसरण करे वाला लोगन के साझा करब:

---

हम अनुसरण करे वाला लोगन के अपना साथे एगो जवाबदेही समूह शुरू करे खातिर आमंत्रित करब:

---

हम अनुसरण करे वाला लोगन के चुनौती देब कि उ लोग आपन जवाबदेही समूह शुरू करस आ ओह लोग के प्रशिक्षित करस कि कइसे कइल जाव:

---

हम अनुसरण करे वाला लोगन के अपना साथे 3/3 समूह शुरू करे खातिर आमंत्रित करब:

---

हम अनुसरण करे वाला लोगन के चुनौती देब कि उ लोग आपन 3/3 समूह शुरू करस आ ओकरा के प्रशिक्षित करस कि कइसे कइल जाव:

---

हम अनुसरण करे वाला लोगन के 3/3 आशा चाहे खोज करे वाला समूह में भाग लेवे खातिर आमंत्रित करब:

---

हम अनुसरण करे वाला लोगन के अपना साथे वाकिंग प्रेयर में भाग लेवे खातिर आमंत्रित करब:

हम हर [दिन / सप्ताह / महीना] में एक बेर प्रेयर वाक करब।

हम अनुसरण करे वाला लोगन के आपन कहानी आ परमेश्वर के कहानी साझा करे खातिर तइयार करब आ ओह लोग के संचार (नेटवर्क) रिश्ता में 100 लोगन के सूची बनाइब:

हम अनुसरण करे वाला लोगन के चुनौती देब कि उ लोग समय-समय पर नियमित प्रार्थना टूल के इस्तेमाल करस:

हम हर [दिन / सप्ताह / महीना] में एक बेर नियमित प्रार्थना टूल के इस्तेमाल करब।

हम अनुसरण करे वाला लोगन के एगो नेतृत्व समूह के हिस्सा बने खातिर आमंत्रित करब जवना के हम नेतृत्व करब:

हम अनुसरण करे वाला लोगन के एह ज़ूम प्रशिक्षण कोर्स से गुजरे खातिर प्रोत्साहित करब:

अन्य प्रतिबद्धता:

## चर्चा

**(10 मिनट)**

बारी-बारी से आपन तीन महीना के योजना एक दूसरा से साझा करीं।

कवनो प्रशिक्षण साथी के खोजीं जवन रउरा से हर सप्ताह चेक इन करे खातिर तइयार होखे। ओह लोग खातिर भी अइसने करे के प्रतिबद्धता जताईं।

## अगिला कदम

**समुदाय से जुड़ीं**
जूम के प्रशिक्षण हिस्सा खतम हो रहल बा, बाकि टूल अउर सिद्धान्त के अभ्यास जारी रही।
एकरा अकेले मत करीं। हौसला अउर बढ़ोतरी खातिर एगो समुदाय खोजीं।
जूम समुदाय से जुड़े खातिर क्यूआर कोड के इस्तेमाल करीं।

## बधाई हो, जूम प्रशिक्षण पूरा कइला पर!

